
This is a reproduction of a library book that was digitized by Google as part of an ongoing effort to preserve the information in books and make it universally accessible.

Google™ books

<https://books.google.com>



WA WATJAN

PANDJI WOELOENG

KARANGANNANA

RADEN HADJI MOEHAMAD MOESA

Hoofd-panghoeloe

LIMBANGAN.

DI PIWARANG DI TJITAK DI KANTOR TJITAK
KANGDJENG GOEPERNEMEN

BATAVIA

1876.


C.59

800
C59

RIJKSUNIVERSITEIT LEIDEN



0473 8626



PANDJI WOELOENG

KARANGANNANA

RADEN HADJI MOEHAMAD MOESA

Hoofd-panghoeloe

LIMBANGAN.



3055

**DI PIWARANG DI TJITAK DI KANTOR TJITAK
KANGDJÉNG GOEPÉRNEMEN**

BATAVIA

1876.

7436/55



PANDJI WOELOENG

DOOR

RADEN HADJI MOEHAMAD MOESA

Hoofd-panghoeloe

VAN

LIMBANGAN.



**BATAVIA
LANDSDRUKKERIJ**

1876



PANDJIWOELOEN.

DANGDANGGOELA.

1. Dangdanggoela noe awit di goerit, noe di anggit tjarita baheula, noeroen tina kitab kahot, di toeroen kana lagoe, noe di pambrih reja noe soedi, malar reja noe soeka, ari noe di tjatoer, aja sahidji nagara, Sokadana nagara gëde teh teuing, moerah keur kahiroopen.
2. Reja sato koeda sapi moending, soegih doenja teu aja ka-koerang, reja këtan reja këton, ari noe djadi ratoe, kakasihna Dewakeswari, mangsa djaman harita, kongas ratoe poendjoel, sabar adil palamarta, papatihnna ngaran Lëmboe Djajeng Pati, përnah misanan radja.
3. Hidji asal ratoe saréng patih, sarta ratoe kalangkoeng asihna, ki patih nja kitoe keneh, asih pisan ka ratoe, beurang peuting teu aja deui, anoe di djaga-djaga, ngan salamët ratoe, sarta salamët nagara, katjatoerkeun sang ratoe kagoengan sëlir, asal ti Balangbangan.
4. Langkoeng-langkoeng koe radja di asih, tina bisa pisan ngawoelana, sarta djeung roepana hade, manis pantës djeung loenggoeh, teu koemaki doemeh di asih, katjatoer lila-lila, bobot ti sang ratoe, geus djangkëp salapan boelan, katjarita prameswari langkoeng idjid, ka eta sëlir teja.
5. Anoe ngaran njimas Toendjoengsari, doemeh reuneuh patoetan ti radja, ari manah pawarang teh, ratoe geus tangtoe woewoeh, kanjaähna ka Toendjoengsari, djadi saäkal-akal, njijar ambrih giroek, pitjentjeuban piwoeroengan, doekoen-dockoen di këloen tapi teu matih, pirang-pirang tarekah.

6. Djampe-djampe pitoetoer paradji, noe di palar koe pawarang radja, soepaja bobot teu sijos, tapi keukeuh méléndoeng, sarta radja tambah kaäsih, pawarang tambah soesah, ngamanahan maroe, geus wéleh kijas tarekah, djampe-djampe teu pisan aja noe matih, hanas karoeroegijan.
7. Oenggal doekoen djeung oenggal paradji, pada boga sang-goep ka pawarang, djampe piwoeroengan bobot, sarta boga panoehoen, beda-beda oenggal paradji, sarat pamatih toembal, sakabeh di toeroet, bejak pirang-pirang arta, tapi kabeh tarekah-doekoèn teu matih, toeloej bidjil akalna.
8. Akal dëngki ngistorikeun sélir, hidji mangsa pawarang hatoeran, sasaeran di djro pangkeng, noen ratoe amit matoer, doemeh eta poen Toendjoengsari, aja lampahna salah, tjidra ka sangratoe, gadoeh lampahi bobogohan, hidji mangsa kapang-gih di ēnggon soeni. eukeur padoedoewaan.
9. Reudjeung mantri ngaran poen Panolih, malah reja noe manggihan inji, keur ngédéng di djéro kobong, malah ēnggeus sa taoen, bobogohan djeung poen Panolih, noe matak teu hatoeran, koering ti kapoenkoer, bawaning koe kanjaähan, tapi rémen di ingélan témah wadi, taja pisan tapakna.
10. Anoe matak ajeuna koe koering, di pioendjoek geus wéleh magahan, lampahna ka dalon-dalon, koering langkoeng kadoehoeng, koe lampahna poen Toendjoengsari, hég boga kakandoeng-an, lamoen hanteu kitoe, koering langkoeng ngiring soeka, peupeuriheun koering hanteu aja toelis, anakan ti gamparan.
11. Ēnja oge teu kagøengan deui, poetra anoe bakal djadi radja, pigéntoseun mangkoe kraton, wélas koe s̄poeh-s̄poeh noe mabakan Ijatjakar boemi, nagara Sokadana, ti djaman kapoengkoer, toeroen-toeroen djadi radja, boejoet Ijanggah gamparan noe mangkoe boemi, dongkap ka andjeun pisan.
12. Teu kasélang koe noe lain deui, toeroen-toeroen ka poetra noe ēnja, ngan ajeuna bakal sedjen, kasélang koe noe palsoe, kawéntarkeun jen poetra goesti, tapi ari jaktosna, tetes noe teu poe-

goeh, moen datang ka djadi radja, geus katjipta Sokadana roentang-ranting, tangloe panas watékna.

13. Saoepami teu pertjantén goesti, pariksakeun ka abdi noe reja, batoerna parékan kabeh, saréng naros ka doekoen, aja hidji paradji sakti, doekoen Goena Wisesa, di poendjoelkeun lèpoes, wéroeh sadoeroeng winarah, tégésna teh njaho di noe tatjan djadi, waspada téroes tingal.

14. Geus kadangoe koe Dewakeswari, sapihatoer prameswari teja, sang radja ngahoeléng bae, manahna langkoeng bingoeng, ngamanahan nji Toendjoengsari, ari hanteu pertjaja, palangsijang téroes, sapihatoer nji pawarang, toeloej radja ngoempoelkeun parékan sélir, di pariksa sadaja.

15. Lalampahan njimas Toendjoengsari, para sélir sailon sadaja, pada njoemoehoenkeun kabeh, sang ratoe masih binggoeng, tatjan ngandél pihatoer sélir, tidinja toeloej radja, njaoer doekoen lèpoes, paradji Goena Wisesa, toeloej adjar ngadeuheus ka kangdjéng goesti, tjilik dina amparan.

16. Ratoe langkoeng hormat ka kijai, tjilik mando sémoe adjrih pisan, ladjéng sang ratoe teh naros, he ejang kijai doekoen, koela naros lampabna sélir, soemangga nédha torah, noe awon noe loeloes, noe témén koemawoelana, djeung noe tjidra sarta ngadoewakeun pikir, moegi waktjakeun pisan.

17. Adjär njaoer soemangga poen aki, nejang lampah parékan sadaja, oerang péleng heula bae, tapi aja panoehoen, moeng-goeh sarat paméleng ati, sahidji koedoe aja, ati mejong toetoe, kadoewana ménjan bodas, katiloena koedoe aja hajam rintit, bodas sositna sélap.

18. Lamoen énggeus sadija raratjik, meureun tempong noe bageur noe salah, noe témén atawa mirong, tidinja ladjéng ratoe, miwarangan sahidji mantri, ngoempoelkeun sarat teja, ati mejong toetoe, wantoening parentah radja, hanteu lila kabeh sarat éngeus boekti, di sanggakeun ka adjar.

19. Toeloej adjar njandak ménjan poetih, geus di beuleum

dina paroekoejan, njandak deui ati mejong, di galokeun di tjampoer, reudjeung ati hajam noe rintit, saënggeusna sadija, geus di tjampoer-tjampoer, ati mejong ati hajam, boes di beuleum adjar di koekoedoeng poetih, watara sadjongan-djongan.

20. Toeloej njaoler popojan ka goesti, he sang radja čenggeus katingalan, ati para sélir kabeh, wélas teuing ka ratoe, aja hidji noe goreng ati, mirong koemawoelana, lampahna teu patoet, toer eta kaäsih radja, sélir anoe ngaran njimas Toendjoengsari, lampahna bobogohan.

21. Saréng mantri ngaran poen Panolih, malah eta kakandoenganana, nya beunang djeung eta bae, ratoe langkoeng ngagoegoe, tadi tjatoer pawarang sélir, njéboetkeun Toendjoeng tjidra, ajeuna geus téroes, kitoe deui torah adjar, hanteu mangmang bëndoena ka Toendjoengsari, ladjéng radja nimbalan.

22. Njaoler patih hanteu lila soemping, ka karaton bari sémoe reuwas, reh di saoer tereh-tereh, ladjéng sang ratoe njaoler, he ki patih sing gasik-gasik, ijeu si Toendjoeng sékar, noe tjidra ka ratoe, ajeuna geuwat paehan, oelah nitah koedoe koe maneh pribadi, mangke bawa tjeulina.

23. Patih naros noen hampoera goesti, abdi dalém boeta toeli pisan, koe naon pérkawisnateh, noe matak goesti bëndoe. rehna eta poen Toendjoengsari, kalangkoeng di asihna, ti noe reja poendjoel, Dewakeswari ngandika, énja pisan koe kami di pikaäsih, leuwih ti anoe reja,

24. Anoe matak kami liwat idjid, ka si Toendjoeng sabab salah tampa, di pisono njolowedor, ki patih njémbah matoer, abdi dalém noe kirang harti, sédja njoendoel oendjoekan, soemoehoen bëhëndoe, manawi gamparan lëpat, kirang priksa bëndoe kagantjangan teuing, tatjan kamanah énja.


25. Anoe matak koering langkoeng watir, doemeh eukeur gadoeh kakandoengan, ti baheula koering ngantos, néneda ka noe agoeng, moegi-moegi poetraän goesti, sarta pamégët

pisan, baris djadi ratoe, di nagara sokadana, rasa koering laksana panēda koering, bebot poen Toendjoengsékar.

26. Radja njaoyer langkoeng-langkoeng bengis, he ki patih montong reja oetjap, geura los paehan bae, kami mowal kadoehoeng, reh geus bejak kami nja mikir, hanteu koerang pariksa, kabeh ēngeus téroes, asal hedja ti pawarang, katéroesan koe kabeh parékan sélir, malah téroes djeung adjar.

27. Saoepama pawarang djeung sélir, djidjijeunan mowal katéroesan, koe panorah adjar kahot, eta adjar geus poen-djoel, patarosan timana-méndi, kami geus hanteu manginang, ka dosa si Toendjoeng, ki patih geus hanteu teurak pamondahna, koe radja hanteu di tampi, malah woewoeh bendoena.

28. Toeloej patih mawa Toendjoengsari, sarta reudjeung ki Panolih teja, doewaäñana di kantet, nji Toendjoeng tjéloek-tjéloek, sambat-sambat ka kangdjeng goesti, koering teu gadoeh dosa, goesti naha kitoe, ratoe koerang titi priksa, poegoeh maroe sa-akal-akal noe déngki, kasmaran teuing radja.



29. Sambatna nji Toendjoengsari, koe radja hanteu di manah, ēngeus di meureunkeun bae, tangtoe nampik kana dosa, loewang loembrah manoesa, dimana noe maling ngakoe, ēngeus koedoe nampik dosa.

30. Nja kitoe deui Panolih, sasambatna hanteu pedah, tjatoerkeun geus népi bac, ka pakoewon kapatihan, ki patih langkoeng soesah, tina watirna kalangkoeng, ka eta nji Toendjoeng teja.

31. Koe ki patih geus kadjoedi, jen di djeroem koe maroena, sanadjan adjar ge bohong, koe ki patih geus katingal, ēnggeus meunang dongdonan, noe matak adjar sakitoe, di oepah koe prameswara.

32. Di roeroebaän mas pitjis, di saeuran doenja-brana, sarta

di bedjaän bae, jen eta nji Toendjoengsëkar, keur boga kakan-doengan, ki adjar ènggeus di woeroek, pioendjoekaneun ka radja.

33. Koe ki patih geus kaintip, jen eta kitoe pëtana, patih mikir-mikir bae, bakal pipëtaeunana, soepaja di ahirna, ratoe teh oelah kadoehoeng, tidinja geus manggih akal.

34. Toendjoengsari djeung Panolih, di bawa ka pilëmboeran, di dakoekkeun geus di potong, ki patih soesah manahna, pi-boektijeun ka radja, hoelang-hoelëng djoental-djëntoel, toeng-toengna los ka pandjara.

35. Doemadakan manggih majit, sakitan keuna sasalad, tjeulina di keureut bae, di sanggakeun ka sang radja, sang praboe soeka manah, teu aja pisan timboeroe, jen eta tjeuli noe lijan.

36. Lain tjeuli Toendjoengsari, ka patih langkoeng përtjaja, pawarang teh liwat atoh, sareh maroena geus hilang, tjatoer-keun patih teja, lampahna soempoet-salindoeng, njoempoet-keun nji Toendjoeng teja.

37. Di pernahkeun boeni-boeni, di moemoele moelja-moelja, di raksa di hade-hade, beurang peuting di këmitan, koe gandek noe përtjaja, ari Panolih di djoeroeng, kalowear ti Sokadana.

38. Sarta di hékçlan doewit, pibékèleuñana njaba, njing-kiran napsoe radja teh, katjatoerkeun geus mangsana, nji Toendjoengsari babar, poetrana pamégët moeloes, kasep ngala ka ramana.

39. Taja gesehna saeutik, njéples noeroen ka sang radja, ki patih geus meunang tjrijos, jen nji Toendjoengsari babar, toeloej patih ngalajad, djeung nji patih goera-giroe, njandak panganggo djeung harta.

40. Barang ènggeus katingali, roepa moerangkalih teja, njéples hanteu pisan geseh, sarimbag djeung kangdjëng radja, ki patih langkoeng soeka, toeloej di timang di pangkoe, di kalemoh di tjijoeman.

41. Pada nimang sili-ganti, ki patih reudjeung garwana,

kawas ka poetrana bae, hanteu asa hanteu djiga, toeloej di djénenganan, raden Pandji Léhboe Woeloeng, katjarita lawas-lawas.

42 Pandjiwoeloeng moerang kalih, beuki ageung beuki dji-ga, beuki gede benki njéples, kawas terong beulah doewa, éngeus jasa améngan, wajah oemoer toedjoeh taoen, moerang-kalih teh nalaktak.

43. Ki patih kalangkoeng asih, sarta hanteu koerang-koe-rang, ngawoeroek moerangkalih teh, kadjajaän kabédasan, sarta kapalijasan, elmoe-elmoe teu kalaroeng, basa-basa djeung aksara.

44. Tata krama niti soerti, wiwaha joeda nagara, di woe-roekan oenggal powe, tégésna kapalijasan, koedoe apik nja lampah, kadjajaän koedoe tjoetjoed, oelah rek poedak-poepoedak.

45. Pandjiwoeloeng éngeus ngarti, beuki lila beuki jasa, goegoeroena leuwih gétol, mimiti ki patih moelang, elmoe kapalijasan, he agoes ki Pandjiwoeloeng, rögépkéum pangwoe-roek bapa.

46. Agoes oelah wani-wani, ngorang pibajaeun awak, koedoe pikir masing hade, saoepama tjai tjaäh, oelah rek di peuntas-an, atawa ratoe keur napsoe, oelah rek wani hatoeran.

47. Sadjaba tidinja deui, naon-naon kalakoewan, noe katingal bakal awon, noe pibajaeun ka awak, eta koedoe singkahan, éta tégésna nja kitoe, noe ngaran kapalijasan.

48. Kadjajaän kitoe deui, koedoe wantér pipikiran, oelah reuwasan djeung kaget, sarta oelah sok borangan, watékna noe borangan, radjeun loempat tigédéboeg, sijeun koe polah sorangan.

49. Tapi kadjajaän pasti, sařat koedoe běnér lampah, karana moenggoeh noe goreng, risi koe polah sorangan, koe kalang-kang ge loempat, marockan djalmia noe njoesoel, mana horeng kalangkangna.

50. Kadjajaän anoe boekti, koedoe běnér lakoe lampah, tamba

borangan djeung kaget, nja eta taja masalah, noe kasijeun manehna, djeung deui anoe di sēboet, elmoe kabēdasan teja.

51. Taja djampe anoe matih, kadjaba ti koedoe toeman, noe koe bapa geus kailo, kapikir reja toeladan, saperti tatanggongan, ponggawa noe agoeng-agoeng, bēdasna eleh koe tjatjah.

52. Tina toeman koering-koering, gawena nanggoeng djeung moendak, eta patoet djijeun tjonto, nadjan boga djampe toembal, ari koerang toemaña, tangtoe mowal bēdas nanggoeng, djampeteh taja gawena.

53. Ngawalonan raden Pandji, soemoehoen pangwoeroek bapa, tapi koela ewēd keneh, karana ēnggeus goernita, loembrah omongan djalma, moen hajang bēdas djeung wēdoek, koedoe goegoeroe ka adjar.

54. Ki patih ngandika deui, ēnja pisān geus goernita, tapi ngan omongan bae, teu aja pisan boektina, noe matak bapa tjoewa, ngagoegoe adjar djeung doekoen, sabab taja karasana.

55. Ajeunamah agoes Pandji, leuwih hade toeroet bapa, la-konan bae koe maneh, ti baheula bapa hajang, boga anak noe bēdas, poma agoes oenggal isoek, ngadjoengdjoengkeun ijeu timah.

56. Sili-gantikeun djeung beusi, poendak hawa-bawa leumpang, ti barang bidjil srēngenge, nēpi ka mantjēran pisan, djaga tangtoe karasa, kongas bēdas poendjoel wēdoek, ngeleh-keun tjatrik ki adjar.

57. Bageurna rahaden Pandji, sawoeroek-woeroek ramana, di toeroetkeun bae kabēh, taja pisan noe di poengpang, manggoel beusi djeung timah, hanteu loewang oenggal isoek, timahna di tambah-tambah.

58. Beusina nja kitoe deui, oenggal isoek di tambahan, madjoe oenggal-oenggal powe, beuki lila beuki bēdas, keur nimiti di adjar, tina oemoer lima tahoen, ngan lima kati timahna.

59. Beusina sakitoe deui, satimbangan timah teja, kitoe

oenggal-oenggal powe, lampahna rahaden poetra, ari peuting di adjar, tata-titi tindak-tandoek, djalana karahajoewan.

60. Kijeu woeroekna ki patih, he ki Pandji anak bapa, ajeuna agoes geus gede, meudjeuhna di adjar njaba, ka dajeuh-dajeuh lijan, soepaja reja panimoe, kanjaho noe langklangka.

61. Tapi agoes masing eling, ari di panggoembaraän, tata basa oelah songong, sarta koedoe noeroet adat, hidji-hidji nagara, oelah basangkal djeung toekoeh, mawa kabajang sorangan.

62. Tanwande reja noe idjid, lamoen peutéukeuh basangkal, nadjan teu soeroep djeung hate, poma oelah rek tjawadan, ka lakoe-lampahkantja, lamoen soeroep anggoer toeroet, lamoen teu soeroep singkahan.

63. Di maneh teu djadi roegi, toer teu djadi kasoesahan, lamoen teu njawad djeung mojok, anggoer lamoen aja djalma, menta di papatahan, etamah noe menta woeroek, pagahan sa bisa-bisa.

64. Teu asoep kana tjirigh, atawa kana tjawadan, reudjeung deui oelah poho, sing ingét toedjoeh prakara, noe djadi satroe awak, arak madat maling ngadoe, awewe sarta maehan.

65. Watékna noe nginoem sopi, ana kaliwatan reja, tangtoe djadi matak mabok, ari lakoe mabok teja, sok ngaleungitkeun akal, leungit era tinggal napsoe, toengtoengna matak tjlaka.

66. Tjara poetra Dwarawati, sang praboe Naraka Soera, sapandjangna mabok bae, sanadjan gagah prakosa, ari tinggal ingétan, toengtoengna maehan doeloer, Samba Prawira di tigas.

67. Njakitoe watékna sopi, ari waték nginoem madat, banda bejak boedjoer bodol, ngindjeum taja noe mërtjaja, ari watékna bangsat, teu njaäh oetjoel sareboe, rasa babari ngalana.

68. Tapi deukeut ka balai, gampang ka bitoer dosana, sana-djan rasa boeni ge, koedoe bae kapanggih mah, soesah taja

toengtoengna, saoemoer soempoet salindoeng, inggis papang-gih djeung djalma.

69. Ari ati anoe maling, di balik teu tjara kantja, malah kaloedueungna mejong, kasijkeuña pada djalma, pikir di soeng-sang pisan, nja kitoe deui noe ngadoe, datang oendoer teu katimbang.

70. Sapeuting meunang sadoewit, oendoer sapowe sa oewang, kaloewarna gampang bae, rasa teu gede modalna, liwat tina itoengan, anoe ēnggeus potol ngadoe, maling atawa maehan.

71. Noe machan kitoe deui, sa oemoer di oedag-oedag, toeng-toengna kapanggih hae, maehan noe taja dosa, lain di pang-pérangan, sanadjan soempoet-salindoeng, toengtoengna tang-toe kabanda.

72. Tangtoe meunang hoekoem adil, di balësna koe nagara, nja kitoe deui awewe, mamanisna teu sapira, tjlakana katjida, moen ngarëboet sélir ratoe, beuheung pigantijeuñana.

73. Moen ka noe boga salaki, oelah wani gogondjakan, asalna oelin djeung otjon, noengtoen kana bobogohan, he agoes anak bapa, eta lampah noe sakitoe, poma masing jatna pisan.

74. Ngawalon rahaden Pandji, sedja di lampahkeun pisan, sapangwoeroek bapa kabeh, tapi manawi trang manah, amit boelan ajeuna, rek ngoembara nganteur napsoe, soegan aja papanggihan.

75. Ngalahir deui ki patih, he agoes anak si bapa, boelan ijeu oge hade, tatapi isoekan bapa, rek ngadjadjal tanaga, njoba kabëdasan agoes, aja sahidji gondewa.

76. Poesaka kagoengan goesti, toetoeroenan sokadana, saroewa djeung tangkal djambe, sarta heusi gondewana, reudjeung sahidji gada, heusi beurat doewa pikoel, eta noe doewa poesaka.

77. Isoek tjoba koe ki Pandji, gondewa pëtjak di pëntang, gada pëtjak djingdjing bae, eta teh taksiran bapa, pikadjoeng-djoengeun pisan, rabaden Pandji ngawangsoel, neda djijad langgih bapa.

78. Katjatoer isockna deui, isoek-isoek l'andji goegah, sanggeus siram ladjéng nganggo, panganggo kasatrijaän, njoeng-kélang doehoeng ladrang, kasep hadé ségoët panggoeh, wantoening poetra sri nata.



79. Toeloej ngadeuheus ka rama, sampojong noe sémoe isin, tindakna jatna djatnika, sa hoedi-boedi noe lènggik, manis titih rëspati, oemoer opat wëlas tahoen, katingal koe ramana, di sambat di tjandak tjilik, raden Pandji gek tjilik tjedok sémbahna.

80. Ki arja patih ngandika, he anak bapa ki Pandji, eta gondewa djeung gada, poesaka djimat nagari, ajeuna koe ki Pandji, eta gada tjoha djoengdjoeng, ki Pandji ladjéng njandak, gada teh di djingdjing-djingdjing, di oendikeun sémoe hanteu pisan beurat.

81. Arja patih soeka boengah, kaget sakoer noe ningali, aja moerangkalih hëdas, ki patih ngalahir deui, he agoes raden Pandji, gada soekoer geus kapanggoel, ngan kari gondewana, tjoha agoes pëntang deui, ladjéng raden Pandji pek mën-tang gondewa.

82. Gondewa énggeus ka pëntang, sémoe hampang raden Pandji, ki arja patih ngandika, soekoer bagdja anak aing, di sisi taja tanding, di lëmboer mo nimoe moesoeh, karana ti baheula, tatjan aja hidji mantri, anoe koewat ngadjoengdjoeng panah djeung gada.

83. Eta agoes djadi tanda, ajeuna énggeus kaboekti, matih toeman batan toembal, nadjan adjar djeung paradji, hëdasna mowal mahi, lamoen idjen reudjeung agoes, tapi wëwëkas bapa, poma agoes oelah rek dir, boga rasa maneh noe bëdas sorangan.

84. Karana moenggoeh manoesa, hanteu aja anoe leuwih.

sarta larangan manoesa, ngabogaän ati ēdir, matak tinggal pamilih, koerang pĕrjatna pakewoeh, kitoe wĕwĕkas bapa, poma agoes masing eling, oelah poho ingĕtkeun salalawasna.

85. Ajeuna maneh rek njaba, bapa panoedjoe teh teuing, sing reja ngambah nagara, soepaja tambah pangarti, soegan bae ki Pandji, djaga bisa djadi ratoe, mangkoe di Sokadana, ngawoelakeun bapa aki, reh sangratoe teu kagoengan deui poetra.

86. Ari anoe djadi radja, djeung bapa asal sabibit, djadi pĕrnah doeloer misan, koe sabab eta ki Pandji, lamoen boga pangarti, patoet oge djadi ratoe, mangke di panjabaän, masing katiten kaharti, adat-adat radja di oenggal nagara.

87. Sarta pĕta nagarana, djeung mĕtakeuñana adil, soepaja djaga katoelad, moen parĕng baring soepagi, parĕng djeung titis-toelis, oetoen bisa djadi ratoe, hidji-hidji nagara, ratoe noe adil noe dĕngki, anoe jasa djeung hanteu ngoeroes nagara.

88. Sakabeh djijeun toeladan, tjatĕt dina djero ati, koedoe tjampoeer djeung noe dagang, soemawoña djeung noe tani, soepaija manggih boekti, lampahna kabeh kaseroep, mangke geus djadi radja, bisa nimbang ka noe leutik, kasoesahan dagang tani, kanjahowan.

89. Lamoen radja koerang loewang, teu jasa nimbang noe leutik, ngan kangeunahan andjeuna, noe di ladjoer beurang peuting, ari ati noe leutik, teu pisan di oeroes-oeroes, toer pangdjadina menak, tina sabab reja koering, teu djoemĕnĕng radja lamoen taja djalma.

90. Radja ngaratoewan djalma, lain ngaratoewan boemi, sanadjan léga taneuhna, koerang djalma hanteu basil, bidjilna basil boempi, koedoe karana di atoer, di patjoel di pĕlakan, kakara rek hidjil basil, basil oge koedoe di modalan soesah.

91. Soesahna teh ngoeroes teja, mĕtakeun lampahing abdi, djeung ratoe koedoe mariksa, kasoesahna koering-koering,

ngadamél toekang tilik, noe ngintip lakoe di poengkoer, bisi aja hamana, anoe nganjaja koering, mantri lentah noe sok njeusseup gëtih tjatjah.

92. Reudjeung deui moenggoeh radja, oelah kabitaän teuing, koe banda tjatjah noe endah, bisi djaheut pikir abdi, moen aja banda koering, noe aloes patoet di ratoe, pantës aja di radja, noe sigit aja di mantri, hade galeuh tapi koedoe sahargana.

93. Sarta miwarang noe lijan, anoe bangkit djoewal meuli, oelah dakoe piwarangan, karana moenggoeh di koering, ati babanda adjrih, lamoen di galeuh koe ratoe, teu bisa neundeun harga, tjatoerna ngan sedja bakti, djro atina ngoeloewoet hanteu katara.

94. Tapi ngarandëg pikirna, hanteu nijat njijar deui, barang noe aloes noe endah, da bisi di poendoet deui, tjatjah teh tétëp miskin, makajana hanteu ladjoe, lamoen tjatjah malarat, radjana nja hanteu soegih, radja wadjib njaäh ka tjatjah-tjatjahna.

95. Radja oepama nangkoda, noe sok lajar warawiri, koedoe toelaten ka kapal, sarta kalampah kalasi, moen matros koe-rang apik, kapalna bahari lëboer, lamoen roeksak kapalna, kalëboeh toengtoengna leungit, kapal kalém nangkodana mowal tinggal.

96. Ari lampah kapal teja, koedoe aja djoeroemoedi, sarta pintér moealimna, noe njaho oeroesan angin, soepaja bisa népi, ka mana anoe di djoegdjoe, nadjan pintér istriman, moen taja djoeroe kamoedi, mowal ladjoe sabab taja pangingérna.

97. Sanadjan pintér istriman, reudjeung ampoeh djoeroemoedi, ari taja kalasina, lampahna mowal ngadjadi, eta nja kitoe deui, saratna djoeménëng ratoe, kapal misil nagara, ari istrimanana patih, djoeroemoedi minangka djaksa përdata.

98. Ari matros-matros teja, oepama panggawa mantri, lajar djeung talitalina, oepama tjaljah noe leutik, kapal oepama boëmi, noe di linggihan koe ratoe, radja koedoe waspada, lamoen ngadamél papatih, koedoe pintér binangkit reja elmoena.

99. Sampoerna lakoe-lampahna, sabar darana djeung adil, soekoer lamoen koelawarga, moen kasartaän djeung harti, nadjan lain pangampih, moen boedi lampahna loeloes, bersih tērang hatena, ngaleuwihan ti pangampih, elmoe leuwih tina kasaean warga.

100. Sarta ari njijeun djaksa, saratna pinter djeung radjin, sarta hade lakoe-lampah, hanteu sirik hanteu pidik, moen djaksa hanteu adil, tangtoe matak koesoet lēmboer, tereh boerak nagara, ari tēgēsna teu adil, mikanjaäh ka bangsat ka djoeroedjana.

101. Mibaraja ka noe salah, miidjid ka noe bérésih, sarat anoe djadi djaksa, maneh na heula pribadi, lakoe lampahna apik, oelah njéret oelah ngadoe, soepaja djadi taha. teu inggis nérapkeun adil, moen manehna nētēpkenn lampah noe salah.

102. Tangtoe djaksa mowal bisa, nérapkeun koemaha wadjib, sijeun katembong manehna, anggoer di soempoetkeun boeni, geus tangtoe roeksak adil, moen djaksa pērdata kitoe, he agoes anak bapa, Pandji woeloeng mangka eling, soegan bae maneh bisa djadi radja.

103. Pandji woeloeng ngawaloñan, noen bapa nijat simkoering, sēdja di lampahkeun pisan, sarēng moegi aja toelis, djadi painēngkoe boemi, ngawoelakeun sēpoeh-sēpoeh, bisa nialés kawēlas, heman iboe rama aki, anoe djadi lantaran hiroep di doenja.

104. Ki arja patih ngandika, he anak bapa ki Pandji, soekoer kitoe nja tarima, bapa boengah pisan pikir, ladjēng rahaden Pandji, moendjoeng ka rama ka iboe, sarta ka pangasoeħna, noe ngaran nji Toendjoengsari, tatjan trangeun jen eta poegoeh iboena.

105. Sanggeus moendjoeng ladjēng mangkat, doewa panakawan ngiring, panakawan papasangan, poen Djanggala poen Djanggali, doewanana lalaki, kēmbar sakali ngadjoeroe, geus di sangoewan harta, nji Patih midangdam nangis, Toendjoengsari tjoemalimba tjisoljana.

106. Raden lastari angkatna, doewa panakawan ngiring, ᨔnggeus kaloewar ti koeta, manahna sēdih prihatin, ejar kerak djeung geuri, tikoekoer rendjeung dĕdĕroek, tjangehgar patembalan, sēmoe noe miloe prihatin, kawas anoe mileuleu-jankeun noe angkat.

107. Raden angkat rerejongan, mapaj tĕgal njoekang pasir, ki Djanggali ki Djanggala, tiloewan pairing-iring, sato ka sorang njingkir, toeroen goenoeng oenggah goenoeng, poen Djanggali Djanggala, hatoeran ka raden Pandji, koering tjape mangga oerang sindang heula.

108. Handapeun ijeu kijara, sēmoena tariis teuing, sakĕdap ngeureunan palaj, ladjĕng sindang raden Pandji, njarande kana kai, waktoena sarijak lajoeng, tĕrang hade sorena, toeloej aja mejong bidjil, keur anakan bidjil ti dapoeran mandjah.

109. Rek ngarontok ki Djanggala, Djanggali ngĕdjat ngadjĕrit, raden Pandji mĕntang panah, di pĕssat mĕnĕran ping-ping, mejong naradjang wani, gabroeg ngarontokna loepoet, raden Pandji tangginas, njingtjĕt bari njaboet kĕris, di tĕwĕk-keun mĕnĕran boeka kelekna.

110. Mejong roeboeh kapisanan, sakali teu hoedang deui, ki Djanggali ki Djanggala, pada ngalém raden Pandji, nja kasep bari sakti, koering meh di tĕkoek maoeng, komo teuing mangkena, moerangkalih keneh sakti, koering koedoe di leler loengsoeran sindjang,

111. Raden Pandji kahatoeran, ari maneh sok di balik, bĕ-nĕrna kami noe tampa, pangoepah pisalin samping, ki Djanggala Djanggali, boeroehan maehan maoeng, lamoen hanteu ka geuwat, mejong di panah koe kami, maneh tangtoe djadi tjadoek maoeng teja.

112. Ki Djanggali djeung Djanggala, madoewan ka raden Pandji, ᨔnja bae koering tiwas, tapi adjĕngan ge roegi, lamoen teu aja koering, koedoe andjeun nanggoeng soemboel, kĕpek pangangoteja, mesĕm lĕlĕb raden Pandji, kami eleh kop ijeu rorodan sindjang.

113. Djalan tina babanjolan, omong Djanggala Djanggali, tatapi aja eusina, noeloengan wadjib di goesti, lamoen teu noeloeng koering, djøeragan teh koedoe nanggoeng, wantoe-ning menak bakal, pandjang manah lantip boedi, tjatoer sae sakētjap ge di kandjoetan.

114. Sanadjan bidjil ti tjatjah, moen tjatoer bade di tampi, sanadjan pitoetoer adjar, lamoena salah di tampik, tidinja raden Pandji, djeung gandek naek ka loehoer, kana tangkal kijara, sabab geus kasapoet peuting, powek mongkleng sabab malém pareum boelan.

115. Rame sora sasatowan, badak banteng noe kakoeping, mejong handapeun kijara, gérang-géroeng matak risi, rek naek kana kai, njoesoed djalma noe di loehoer, ki Djanggali Djanggala, kesang lokot kawas mandi, ngadaregdeg moerijang teu kawajaän.


116. Raden Pandji kahatoeran, ih naha borangan teuing, moen tałjan něpi ka mangsa, poepoet njawa titis toelis, mon-tong rarisi teuing, mowal djadi tjadoek maoeng, ngawalon ki Djanggala, geuraheun teuing teu risi, koering asa geus aja dina beuteungna.

117. Hawar-hawar katinggalan, mejong naek kana kai, raden Pandji ēnggeus jatna, singkil bari maték kéris, geus térang katingali, maoeng di téwék ngagaoek, keuna hooeloe angéna, gëboet ragrag tina kai, kapisan paeh handapeun kijara.

118. Ki Djanggali ki Djanggala, ngadéngek kawanti-wanti, reuwaseun teu kira-kira, asa pek di tjewol birit, goemoedjéng raden Pandji, poma oelah pada goegoep, eta mejong geus modar, bëmo oelah pada tjeurik, oelah tjektjok bisi batoerna daratang.

119. Ki Djanggali ki Djanggala, ngarerepeh hanteu oesik, ambékan oge di tahan, kesang lokot kawas mandi, raden Pandji ngalahir, mariksa howa geus isoek, itoe siga balebat, teu ngawangsoel ki Djanggali, ēmpes-ēmpes bawaning koe kasijeunan.

120. Katjatoerkeun geus braj beurang, ladjěng mangkat raden Pandji, rajap oentjal di boeboelak, rěndang badak reudjeung sapi, lěmboena ngadioengkiring, maoeng djalang tinggareroeng, raden kaloenta-loenta, panas powe měntrang-měntring, toeloej manggih wahangan tjai di tēgal.
121. Tjai herang nanakéran, di sisina aja kai, di handapna ijoeh pisan, raden sindang sisi tjai, dina handapeun kai, serta bari tjoetjoel-tjoetjoel, tidinja toeloej siram, teuteuleuman dina leuwi, di kasajan koe Djanggali djeung Djanggala.
122. Sanggeus setra toeloej handjat, tjalik di handapeun kai, moerak sasangoewan teja, aron di tinjoeh koe tjai, raden dahar saeutik, estoening tatamba lěsoe, toeloej rorodañana, di tēda koe ki Djanggali, djeung Djanggala doewaan kamērēkaän.
123. Toeloej aja djalma datang, moeroe kabandapeun kai, tiloewan marawa toembak, djělma djagdjag dagal-digil, serta patingpoerikil, mata beureum koemis nanggoeng, djeung ngakeup boeboentelan, barang gok djeung raden Pandji, sémoe kaget hanteu njana aja djalma.
124. Ngomong sadjroning pikirna, dalah ijeu manggih deui, kaběnérān bagdja awak, aing bakal njoren kěris, noe boga boedak leutik, sarta hidji lawan tiloe, tidinja toeloej nanja, he agoes anoe ti měndi, raden njaoler kapoengkoer ti Sokadana.



PANGKOBAN.

125. Sědja njaba ngalalana, ngitoeng lěmboer ngadjadjah milang kori, hanteu poegoeh noe di djoegdjoeg, balik paman sadaja, noe timana tiloewan sémoe raroesoh, loerah begal ngawangsoelan, aing ngaran Djajapati.
126. Tjikeneh měntas ngabegal, toedjoeh djalma modar

taja noe kari, bangkena toedjoeh patoempoek, balik maneh ajeuna, lamoen masih keneh maneh hajang hiroep, kadijeukeun banda sija, koe aing mowal di peuntjtj.

127. Rahaden Pandji ngandika, bari mesém paman takaboer teuing, pati batoer di hahangoe, mangke tjaralik heula, ijeu tjatang noe malang soemangga panggoel, lamoen kapanggoel koe paman, kaoela soemédja ngiring.

128. Djeung njanggakeun babandaän, tapi lanoen koe paman teu kaindit, koe koela meureun di panggoel, eta minangka tanda, djadi eleh saha noe teu koewat manggoel, mélengék ki loerah begal, pikirna geus rada risi.

129. Neuleu tjatang anoe malang, gëde pisan tangtoe mowal kaindit, maksakeun maneh pek nangtoeng, tjatang toeloej di poendak, teu kabawa kesangna datang ka ngoetjoer, hanteu obah-obah atjan, mesém léléb raden Pandji.

130. Ki Djajapati pek njéntak, maneh oge mowal énja kaindit, lamoen koemaneh kadjoeng-djoeng, kami sédja ngawoela, rek noetoerkeun kamana anoe di djoegdjoeg, ngadég raden Pandji dangdan, tjatang dipanggoel kaindit.

131. Wantoening tina geus toeman, pangadjaran manggoel timah djeung beusi, tjatang di djoengdjoeng di panggoel, begal anoe tiloewan, pada njémbah soedjoed kana dampal soekoe, bari pada totobatan, pihatoerna sédja ngiring.

132. Ki Djajnggali ki Djanggala, goegoelingan bawaning soeka ati, nabeuh kelek tjéprat-tjéproet, barina sésénggakan, geura lawan djoeragan aing noe wědoek, poetra patih Sokadana, sakti manggoelang-manggoeling.

133. Njaoer raden Pandji poetra, oelah kitoe maneh soewaban teuing, teu hade djalma noe agoel, inatak meunang tjo-tjoba, ki Djangala Djanggali njémbah ngawangsoel, koemaha da atoh pisan, ngelehkeun poen Djajapati.

134. Lamoeña eleh adjéngan, tangtoe koering miloe kabojong deui, los di djoewal ka Malajoe, tangtoe djadi dagangan,

raden Pandji njaoer bari sëmoe imoet, he Djajapati ajeuna, paman geus taloek ka kami.

135. Koema pikarëpeun paman, Djajapati ngawalon sëmoe adjrih. njanggakeun badan sakoedoer, sëdja ngalëboer tapak, sëdja ngiring kamana anoe di djoegdjoeg, njaoer raden Pandji poетra, soekoer paman sëdja ngiring.

136. Ari pikarëpeun koela, rek ngoembara ka tanah atas angin, sëdja rek nejangan elmoe, matoer ki loerah begal, raden montong djaoeh-djaoeh noedi djoegdjoeg, anggang anggang noedi tejang, diditoe aja noe sakti.

137. Adjar djadi pamoedJaän, lëpoes pisan sapanorahna djadi, sok ngaweroek djampe wëdoek, magahan kadjajaän, malah ratoe Sokadana ge sok moendjoeng, baheula moenggah di papag, di bawakeun tandoe djoli.

138. Raden Pandji ngalëlëkan, djaman mana koela teu meu-nang warti, sangratoe moendjoeng ka doekoen, ka soempingan ki adjar, Djajapati ngawalon ka Pandjiwoeloeng, meureun bae teu oeninga, da andjeun mah moerang kalih.

139. Baheula geus lawas pisan, ènggeus lima wëlas tahoen ge leuwih, ari noe matak di saoer, ratoe teh kasoesahan, tjarijosna sëlir kakasih di toedoe, di seboetkeun bobogohan, pawarang anoe istori.

140. Ratoe teu pati përtjaja, toeloej njaoer adjar noe kongas sakti, moendoet panorah ki doekoen, adjar Goena Wisesa, toeloej adjar ngadeuheusan ka sangratoe, sëlir di torah jen ènja, bobogohan reudjeung mantri.

141. Sëlir ladjëng di paehan, istorina pawarang manggih boekti, téroes djeung panjëboet doekoen, raden Pandji ngandika, paman Djaja dimana imahna doekoen, koela hajang ngadeuheusan, goegoeroe bëdas djeung sakti.

142. Ki Djajapati hatoeran, kidoel-koelon lalampahan sapeuting, patapan toetoegan goenoeng, raden Pandji ngandika, bajoe paman koela anteur nëda toedoe, brâl

angkatna gagantjangan, hajang geura gok papanggih.

143. Meunang sapeuting di djalan, gagantjangan katjatoerkeun geus něpi, di patapan adjar pinoeh, koe djalma něda tamba, reudjeung djalma noe goegoeroe bědas wědoek, toeloej adjar teh mariksa, ijeu agoes noe ti měndi.

144. Ngawalon sang Pandji poetra, noen kiai ari asal sim koering, ti Sokadana kapoengkoer, soemědja ngalalana, rek goegoeroe elmoë bědas reudjeung wědoek, tjarijos adjěngan pisan, noe ngawoeroek wědoek sakti.

145. Goemoedjěng kiai adjar, ěnja pisan kami magahan sakti, kabědasan sarta wědoek, raden Pandji hatoeran, noen kiai sad koela sědja goegoeroe, sědja njantri di sampejan, manawi bahan katampi.

146. Ngalahir deui ki adjar, hade pisan lamoen rek nijat njantri, kaditoe tjampoer djeung batoer, tidinja raden měrnah, katjatoerkeun isoekna koempoel ngarijoeng, moerid pada di woeroekan, djampe bědas wědoek sakti.

147. Tapi taja anoe njoba, ngan djampena di adji beurang peuting, raden hatoeran ka goeroe, djampe mah geus apal, tapi djasad koela ajeuna noenoehoen, di boektikeun masing njala, kabědasan reudjeung sakti.

148. Ki adjar běngis tembalna, nahe maneh mana tjampělak teuing, koemawani ngomong kitoe, kawas noe teu pertjaja, koedoe-koedoe ngaboetikeun sakti wědoek, djampe teu beunang di oenghak, djeung oelah dipake oelin.

149. Hanteu meunang lalawora, koedoe nganděl jen djampe eta matih, mangke ari manggih moesoh, didinja kaboektina, raden Pandji hatoeran barina imoet, njasat masih keneh hamham, moen tatjan kapanggih boekti.

150. Ki adjar běndoe katjida, saoemoerna tatjan aja noe wani, sewot ladjěng njandak batoe, raden Pandji di balang, keuna kana mastaka oeděngna oetjoel, raden Pandji kapowekan, ladjěng ngaděg njaboet kěris.

151. Adjar di tēwēk angēña, ngadjoempalik teu bisa hoedang deui, moeridna bela ka goeroe, kabeh pada naradjang, Djajapati sabatoerna miloe ngamock, ngabelaän raden poetra-roesoeh pada ngadoe kēris.

152. Oerang patapan teu tahan, anoe hiroep pada loempat ngabētjis, sawareh aja noe taloek, awewe maridangdam, sanggeus aso raden Pandji teh ngawoeroek, tah eta kitoe pētana, ajeuna geus pada ngarti.

153. Pagawejan eta adjar, taja deui ti beurang djeung ti peuting, ngan ngawoeroek djampe wēdoek, sakti djeung kabēdasan, tapi boekti hanteu sakti hanteu wēdoek, hanteu bedas-batas atjan, istoening ngan malar sadji.

154. Ki Djajapati oendjoekan, lēurēs pisan salahir raden Pandji, tatapi ari kapoengkoer, djalma koering djeung menak, taja pisan noe wani kitoe ka doekoēn, di kongaskeun adjar moelja, barang satjiptana djadi.

155. Di sēboet goena wisesa, tēroes tingal sapangandikana matih, di oegoeng koe ratoe-ratoe, di sēmbah koe ponggawa, ajeunamah boekti jen ki doekoēn mikoeng, kiai adjar koerang adjar, ki paradji malar sadji.

156. Ngandika rahaden poetra, hajoe oerang meudjeuhna indit deui, oerang nejangan parahoe, kaoela hajang kēhat, ka pasisir ngadago datang parahoe, tidinja bral raden djēngkar, kinanti djeung Djajapati.



157. Ladjoe lampah Pandjiwoeloeng, di iring koe Djajapati, ki Djanggali ki Djanggala, djeung batoerna Djajapati, ngaran ki Kēbo manggala, kalima Kebo rarangin.

158. Toeroen goenoeng oenggah goenoeng, ngorang lēbak njoekang pasir, ngaliwat kana boeboelak, sampalan badak

djeung sapi, djaoeh tjoendoek anggang datang, soemping damping ka pasisir.

159. Raden ngantosan parahoe, tjilikna dina kikisik, disasara rap dangdaoenan, daoen bakoeng djeung badori, tamba késel sasaoeran, njaritakeun adjar tadi.

160. Raden Pandjiwoeloeng njaoler, koela ingét omong tadi, bareto paman bebedja, lampahna adjar noe tadi, basana di hatoeranan, ka Sokadana koe *goesti.

161. Keur norah séliran ratoc, noe di toeding padjar djoelig, sélir teh saha ngaraña, djeung saha lawaña djoelig, Djajapati ngawalonan, soemoehoen kanjaho koering.

162. Eukeur tjatoering pitoetoer, ngaraña nji Toendjoengsari, asal oerang Balangongan, lalakina poen Panoelih, tjarijosna dipaehan, malah katoet poen Panolih.

163. Rahaden toengkoel ngadéroek, Djanggala Djaggali tjeurik, raden njéségan mariksa, koenaon maraneh tjeurik, tjik waktja-keun saenjana, montong dipandang dipinding.

164. Djanggala Djaggali matoer, tjetjarita siligénti, goesti kijeu tjarijosna, ari njimas Toendjoengsari, dipikaäsih katjida, meh ngelehkeun prameswari.

165. Pawarang teh sangét giroek, toeroeg-toeroeg Toendjoengsari, bobot pisan ti sangradja, tambah giroekna djeung idjid, pirang-pirang pitjeutjeuban, djampe paradji teu matih.

166. Toeloej hatoeran ka ratoe, ngoendjoekeun nji Toendjoengsari, gadoeh lampah bobogohan, djeung mantri ngaran Panolih, malah sélir anoe reja, sami wani djadi saksi.

167. Ladjéng di parksa téroes, sélir sami djadi saksi, tapi manah radja mangmang, doemeh maroe noe istori, hatoeran deui pawarang, moen hanteu përtjantén goesti.

168. Mangga naros kanoe lépoes, aja anoe leuwih sakti, ki adjar Goena Wisesa, geus kontjara adjar sakti, téroes tingal téroes rasa, oeninga noe tatjan boekti.

169. Ladjèng ki adjar di saoer, dipapagkeun tandoe djoli, njipawarang miwarangan, ngintoen panganggo djeung doeit, bari moendoet di teroesan, ngawonkeun nji Toendjoengsari.
- 170 Tidinja ki adjar tjoendoek, pok dipariksa koe goesti, ki adjar njijeun tarekah, soepaja di andèl matih, ati mejong ati hajam, di tjampoer djeung mènjan poetih.
171. Ngéloen koekoesna kamanggoeng , ki adjar di koedoeng poetih, dipajoenan koe sangradja, dirijoeng koe para istri, sanggeus tjèngkat tjetjarita, jen énja nji Toendjoengsari.
172. Lakoena tjidra ka ratoe, bélang hajah gindi pikir. malah ajeuna reuneuhna, poegoeh bevnang ki Panolih, sangradja djadi hëndoena, toeloej nimbalan ki patih.
173. Ladjèng piwarang di hoekoem, Toendjoengsari djeung Panolih, raden patih ngatoeranan, pirang-pirang témah wadi, tapi ratoe teu ngamanah , koedoe hae dipareuntjit.
174. Sarta tjeulina di poendoet, ladjèng raden Arjapatih, Panolih djeung Toendjoeng teja, di tjandak bade di peuntjit, tapi sadjroning manahna , ki patih kalèngkoeng watir.
175. Ka eta ngaran nji Toendjoeng, sarehna lampahna brésih , ngan koe akal nji pawarang, ngistoerikeun make saksi, sarta sailon djeung adjar, migoreng nji Toendjoengsari.
176. Raden Arjapatih langkoeng, njaähna ka Toendjoengsari, doemeh keur bobot ti radja , sarta moenggoeh kangdjéng goesti, teu kagoengan pisan poetra , noe pingagéntoseun linggih.
177. Ladjèng di teundeun ka lémboer, eta njimas Toendjoengsari, dipangdamélkéun babakan; lémboer singkoer boeni-boeni, Panolih di toendoeng mangkat, kitoe tarekah ki patih.
178. Saréng raden patih toeloej, njitar pigantijeun tjeuli , doemadakan ènggeus mèndak , di pandjara hidji majit , toeloej di keureut tjeulina, sor di sanggakeun ka goesti.
179. Ari eta nji mas Toendjoeng , teu lila bobotna bidjil, poetrana nja andjeun pisan , ari eta raden patih , rama poeloeng noe roemawat, rama tégès mah nja goesti.

180. Raden poetra Pandjiwoeloeng, reup geuneuk sarta ngagidir, njaoer bari doemareuda, handjakal hanteu ti tadi, njaho kitoe tjaritana, lalampahan indoeng kami.
181. Letah si adjar di tiroek, sabab djalma goreng biwir, tapi ajeuna geus modar, teu pedah pandjang dipikir, ngan beunang djiyeun ingétan, oelah ngandél ka paradji.
182. Montong ngagoegoe ka doekeoen, ka noe sanggoep madjar sakti, bodona anoe pertjaja, hanteu di pikir koe ati, sanggoep bedas teu di tjoba, sakti teu di penta boekti.
183. Ajeuna koela ka pajoen, mowal ngandél ka noe sakti, lamoeña tatjan katjoba, ngawalon ki Djajapati, lërës lahiran adjéngan, koering ge nja kitoe deui.
184. Raden Pandjiwoeloeng njaoer, paman koedoe eling-eling, lampah paman noe katoekang, ngabegal ngarampog maling, kabeh koedoe di eureunan, tangtoe doraka nja diri.
185. Mowal taja deui lakoe, sadjaba ngabegal maling, leuwih hade pépelakan, asil aja pikir tiis, teu sijeun koe adil radja, hasil tani djadi daging.
186. Ki Djajapati ngawangsoel, sim koering njoehoenkeun saksi, tjadoe toedjoeh patoeroenan, lampah ngabegal djeung maling, koe koering karasa pisan, taja pisan sénang ati.
187. Koering taja deui lakoe, ngan ngabegal reudjeung maling, tatapi taja njangsangna, banda beunang koering maling, djeung rasana langkoeng panas, sijeun kapanggih koe mantri.
188. Raden eukeur goeném tjatoer, sasaoeran di pasisir, lapat-lapat ka-tingalan, kapal ti tengah ka sisi, toeloej kapal laboeh djangkar, boengah manah raden Pandji.
189. Toeloej aja sampan toeroen, di toempakan koe kalasi, teu lila datang ka darat, sedjana rek ngala tjai, geus panggih djeung raden poetra, tidinja raden pasini.
190. Miloe noempang ka parahoe, soemédja ka tanah Këling, toeloej raden toenggang sampan, sarta Djanggala Djanggali, Djajapati sabatoerna, di piwarang moelang deui.

191. Ngadago-dago di lémboer, něpi kana raden soemping, ngoembara ti tanah sabrang, rahaden Pandji lastari, nitih kapal ladjéng lajar, di kapal di poesti-poesti.
192. Ari noe gadoeh parahoe, oerang malajoe patani, katjatoerkeun dina kapal, aja hidji menak boegis, toenggal sědja ngalalana, ngarana Daheng Bramani.
193. Hanteu rama hanteu iboe, kalangkoeng njandang prihatin, asalna toeroenan adjar, ratoe di nagara boegis, énggeus kapernah boejoetna. ka noe mangkoe hoemi hoegis.
194. Ajeuna énggeus patépoeng, di kapal djeung raden Pandji, toeloej wawoeh goelét pisan, sapapait samamanis, kawas saiboe sarama, raden Pandji djeung Bramani.
195. Oenggal peuting sok diwoeroek, tindak-tandoek tata-titi, tambah lila tambah loma, Pandji djeung Daheng Bramani, hanteu katjatoer lilana, dongkap ka-tanah Patani.
196. Toeloej raden poetra loengsoer, ka darat saréng Bramani, Djanggali saréng Djanggala, hanteu pisah ngiring-ngiring, tidi-nja rahaden poetra, ngabdi ka radja Patani.
197. Daheng Bramani teu kantoen, katjatoerkeun lami-lami, langkoeng ka manah ngabdina, tidinja rahaden amit, ladjéng ka nagara Tjémpa, Daheng Bramani teu kari.
198. Radja Patani kalangkoeng, njaähna ka raden Pandji, sarta reja papariña, njangoewan doekeh rek moelih, pangango noe hoeroeng-herang, sarta pisangoeweun doeit.
199. Raden ngan meunang sataoen, ngoembarana di Patani, katjatoerkeun énggeus dongkap, ka Tjémpa sarta Bramani, milémboeran misisijan, ngaboedjang di djoeroetani.
200. Isoek-isoeuk manggoel patjoel, boerit-boerit miloe ngarit, ti beurang anjam-anjaman, njijeun boboko salipi, ti peuting njérat di lontar, elingan lalakon diri.
201. Taja lakoe noe kalaroeng, di toelis ti haréng indit, ti nagara Sokadana, naon-naon noe kapanggih, djadi babad salirana, pitjontoweun énggeus soemping.

202. Katjarita hidji waktoe, kira wantji tengah peuting, datang rampog pirang-pirang, ka lémboer ki djoeroetani, gür soerak gero noe nangtang, tingsarijeng sora bandring.
203. Ngagoeroeh sora paměntoer, rampog njéséng njatjar bilik, raden Pandji geus tangginas, ki Daheng ᑕnggeus tarapti, Daheng geus maték badina, raden geus mětakeun kérис.
204. Ki Daheng djeung Pandjiwoeloeng, ngamoek baréng ngarah pati, kapala rampog noe keuna, mimitina ngadjoempalik, batoerna kabeh naradjang, gür tjampoeh noe ngadoe kérис.
205. Rame gěloet pada batoer, powek wantoening ti peuting, bangke ᑕnggeus pagoletak, beuheung kawas badan patjing, ngan kari djalma toedjoehan, di tjérěk koe raden Pandji.
206. Begal toedjoehan geus taloek, katjatoer ki djoeroetani, njeungeutkeun obor djeung damar, rek ngoboran noe prang tanding, sarehna geus reph prangna, heran pikir djoeroetani.
207. Ningal majit geus patoempoek, patoempang patindih-tindih, saha noe ngalawan inja, teu njana ka raden Pandji, toeloej raden Pandji poetra, ngalahir ka djoeroetani.
208. Gégérowan sisi lémboer, ijeu koela njékél maling, geuwat bawa eta damar, bisi maling leupas deui, aki djoeroetani loempat, njampeurkeun ka raden Pandji.
209. Bari mawa obor hoeroeng, raden Pandji djeung Bramani, kasampak keur njékél djalma, toedjoehan patoempang-tindih, beunang ngabanda leungeuña, di kantet di djijeun hidji.
210. Ki djoeroetani kalangkoeng, kaget sadjéroning ati, pok naros ka Pandji poetra, he agoes intjoe si aki, ijeu koemaha pětana, matak kaget teuing aki.
211. Itoe di boeroewan pinoeh, koe majit patoempang-tindih, ijeu didijeu toedjoehan, noe hiroep geus njandang tali, tijk agoes aki bedjaän, djeung saha ngalawan maling.
212. Raden poetra Pandjiwoeloeng, meséin barina ngalahir, batoer pěrang ngan doewaän, nja ijeu Daheng Bramani, ki djoeroetani njakakak, seuri hari baksa rangin.

213. Ngadjoged bawaning soekoer, sambat agoes intjoe aki, nja kasep nja bisa pérang, meh bae ngadjadi majit, aki djeung nini meh modar, keur pérang teu bisa bidjil.



214. Raden Pandji mesém pok ngalahir, lérés aki atoh, lamoen taja koela tiwas gëde, tapi montong ngadjoged teuing, anggoer eta majit, geura pada koeboer.

215. Raden Pandji ngalahir ka maling, he maneh djroe rampog, aing arek menta soempah bae, koedoe soempah naroehkeun pati, noe téroes djeung ati, maneh jen geus taloek.

216. Lamoen hanteu soempah rek di peuntjit, beuheunga di potong, moen geus soempah di leupaskeun kabeh, djoeroerampog matoer ka Pandji, koering sëdja ngabdi, slalawasna hiroep.

217. Koering mowal maling-maling deui, atawa ngarampog, moen milampah lakoe-lampah goreng, moegi oelah djamoega koering, toedjoeh troenan koering, sëdja toeroen tjadoe.

218. Toedjoeh djalma kabeh pada djangdji, soempah noe sajaktos, toeloej kabeh di leupaskeun bae, katjatoerkeun ki djoeroetani, geus ngoeboeran majit, di djijeun sakoeboer.

219. Raden Pandji djeung Daheng geus tjilik, dina loehoer ranggon, bojongan teh kabeh ngiring bae, ki Djanggala reudjeung Djanggali, tatjan daek bidjil, njaropoet di loehoer.

220. Dina loehoer para njoempoet boeni, ngomong ting-harewos, sarta reudjeung batoer sili towel, eta sada djoeragan soemping, hajoe oerang bidjil, toeloej pada toeroen.

221. Tingkoeroemoej Djanggala Djanggali, pada dijoek mando, di pèriksa ti marana maneh, teu noeloengan kami prang tanding, ngawalon Djanggali, koering lain njoempoet.

222. Naek soteh koering sēdja ngintip, noe pērang djeung rampog, saoepama gamparan noe eleh, koering meureun ngabantoe djoerit, ajeuna ge wani, djeung ijeu noe toedjoeh.
223. Toeloej bae Djanggala Djanggali, kabojongan njabok, raden njeuseul oelah kitoe maneh, kadongdora maraneh wani, njabok djeung nampiling, ka djalma geus taloek.
224. Ki Djanggala Djanggali sareuri, njabokna teu mindo, reh kaboeroe di seuseul koe raden, djeung bojongan geus djadi rapih, isoek-isoek tanghi, raden Pandji matjoel.
225. Panakawan doewanana ngiring, maratjoel di kēbon, soemawoena eta mah ki Daheng, hanteu pisan pisah djeung Pandji, eta kitoe deui, bojongan noe toedjoeh.
226. Pada matjoel ngiring raden Pandji, tambah léga kēbon, djoeroetani tambah beunghar bae, reja koeda sapi djeung inoending, sarta reja doeit, leuitna parinoeh.
227. Reja djalma anoe miloe tjitjing, tina sedjen ēnggon, lēmhoer djadi gēde sarta rame, boenijaga timana mēndi, aki djoeroetani, lengkoeng-langkoeng soekoer.
228. Heman gēten toelaten ka Pandji, teu pisan taledor, beurang peuting di memenan hae, katjarita rahaden Pandji, aja di djroetani, ngan meunang satahoen.
229. Raden Pandji soehoeh-soeboeh tanghi, ladjēng nganggo-nganggo, njoren doehoeng di beulitan tjinde, angkeng lēngkeh tjara papanting, sakoer noe ningali, kasmaran kalangkoeng.



ASMARANDANA.

230. Raden Pandji djeung Bramani, sanggeus dangdan la-djēng djēngkar, panakawan ngiring bae, Djanggala sarēng Djanggala, raden njandak gondewa, karsa amēngan ka goenoeng, ngalasan hanteng djeung oentjal.
231. Sapi hanteu pisan manggih, oentjal hanteu pisan ngorang,

ngan manggih oeroetna bae, rahaden kaloenta-loenta, njobrang boeboelak lèga, geus djaoeh pisan ti lémboer, raden angkat papanasan.

232. Panas poewe méntrang-méntring, njobrang tègal lèga pisan, kaina malaka bae, pasélang djeung tangkal lontar, toeloej raden ningalan, aja kai ngaroenggoenoek, siga-sigana kijara.

233. Rahaden njampeurkeun kai, bawaning koe kapanasan, panasna moenggah neretep, angkat këbat gagantjangan, rahaden hanteu lila, soemping kana kai ijoeh, handapeun kijara lenang.

234. Tiis sarta bararéshih, kawas noe beunang njapoewan, ladjéng raden ebog bae, dina handapeun kijara, nüiskeun salirana, hiliwir angin ti kidoel, tiisna kabina-bina.

235. Panon powe wantji lingsir, rahaden toeloej ningalan, laoer-laoer tèbeh koelon, beuki deukeut katingalan, tégés noe toempak gadjah, gadjah aloes gëde djangkoeng, ngadoewa djeung poetri endah.

236. Kaget mānah raden Pandji, sarta bingoeng ngamanahan, ijeu teh djélémia naon, ngadoewa djeung poetri endah, di tègal ngéntak-ngéntak, atawa paningal palsoe, ladjéng raden ngesap sotja.

237. Raden ngawaskeun ningali, djalma toeroen tina gadjah, poetri geulis teh di kaleng, di kalemoh di tjijoeman, di pondong di titimang, di rangkoel sarta di pangkoe, poetri tjérik dédéngékan.

238. Rabaden wélas ningali, aja poetri di sangsara, koe lalaki hideung goreng, biwir djéding hoentoe bodas, sarta tjeulina roebak, boeoek rintit koemis nanggoeng, mata beureum ngémbang wera.

239. Tina watirna ki Pandji, ladjéng ménrang gondewana, di sipat di hade-hade, bclésat djamparing mésat, ménér kana matana, sot nji poetri toeloej moeroe, ka noe keur njandak gondewa.

240. Rahaden awas ningali, njingtjét bari maték ladrang, di tewék eukeur nolondjong, walikatna téroes pisan, roeboeh oetah-

- oetahan, sēgar-sēgor gērang-gēroeng, teu lila toeloej paragat.
241. Gadjahna rek bela pati, neuleu djoeragan geus modar, mēta ngagēro ngadēngek, boebat babit toelalena, rek newak raden poetra, tangginasna Pandjiwoeloeng, toelale di sabet rampal.
242. Tina bēdasna ki Pandji, pintēr tangginas binēkas, tjoeng-tjat-tjingtjēt hanteu kagok, Daheng Bramani noeloengan, nē-wēkan kēkēmplongan, gadjah teh ripoeh di hoeroep, gēdē-hoeg toeloej sakarat.
243. Toeloej di gorok sakali, gēnggērongna sapat pisan, la-djēng sang poetri di kaleng, di tjalikeun di pariksa, he njai noe ti mana, koemaha asal kapoengkoer noematak kijeu pētana.
244. Di papangkoe koe lalaki, sarta sakitoe gorengna, hideung matana molotot, kaoela kakara pisan, sa-oemoer manggih djalma, noe pandena tjara kitoe, mangga nji poetri tjarita.
245. Poetri njaoler bari nangis, asal ti nagara Tjēmpa, rama koering ratoe gēde, marentah sasama radja, asalna kangdjēng rama, meuli hidji gadjah koekoet, gadjahna nja eta pisan.
246. Noe gadoeh oerang Banggali, harga lima ratoes rejål, tina ama langkoeng hojong, gadjah sakitoe hidēngna, ladjēng di galeuh kontan, tina taja anoe ngingoe, noe gadoeh di gadjih boelan.
247. Sarta di djadikeun mantri, di sēboet mantri Panglima, loenggoehna tjetjah salawe, teu aja deui gawena, ngan woeng-koel ngingoe gadjah, oenggal sore oenggal isoek, di bawa marék ka radja.
248. Gadjah koe itjeus teh teuing, ngarti ka omongan djalma, beunang di titah di tjarek, ama langkoeng soeka manah, sarta langkoeng njaāhna, ka gadjah djeung ka noe ngingoe, ngabahakeun ka noe reja.
249. Pintērna oerang Banggali, binangkit ngawarah gadjah, oenggal isoek oenggal sore, di tjotjoō di toempakan, ngidēr moetér nagara, anoe nongton djēdjēl pinoeh, taja kabosēnānā.
250. Beuki lila beuki asih, ka eta mantri Panglima, djeung

tambah përtjaja bae, tidinja ama teh angkat, kërsana matjang-krama, njandak garwa poetra poetoe, ka tégal anggang ti kota.

251. Di iring koe para matri, meh kosong djéro nagara, kërsa ngagarogol banteng, djeung ngadamél pasangrahan, kabeh para ponggawa, djeung bodjona hanteu kantoen, indit-sirib rame pisan.

252. Ěnggeus meunang tiloe peuting, tjilikna di pasangrahan, oenggal powe meunang banteng, ari anoe pangbisana, nja eta ki Panglima, kalindeukan oentjal lémboe, ngabédil ti loehoer gadjah.

253. Taja mantri anoe mahi, ari djalma anoe reja, njédék-keun kana garogol, bowa meunang banteng oentjal, djadi teu aja lawaña, ngan ki Panglima noe poendjoel, reja beu-beunangañana.

254. Djadi ama tambah asih, ka eta mantri Panglima, tina di dolos kahojong, ari eukeur mangsa ama, aja di pamorowan, di pondok ugan kantoen iboe, djeung garwa para ponggawa.

255. Ari koering eukeur oelin, djéboel ki Panglima datang, roesoeh haroehah-harehoh, pokna piwarang koe rama, njaoer adjéngan geuwat, rama meunang manoek aloes, eukeur améngan adjéngan.

256. Pibajaeun diri koering, teu boga pikir rangkëpan, iboe ge njakitoe keneh, toeloej koering miloe toempak, di lahoen koe Panglima, gadjah loempat goera giroe, nja datang kadijeu pisau.

257. Sakitoe tjarita koering, lampah katiwasan awak, balik koering sëdja naros, adjéngan poetra ti mana, saha toewang djénéngan, ti mana nja lémboer matoeh, bandjar karang pamidangan.

258. Ngawalon rahaden Pandji, nja dajeuh ti Sokadana, ti leutik datang ka gëde, kasangsara kabalangsak, ari ngaran noe nëlah, ngaran raden Pandjiwoeloeng, nji poetri santën mesëmna.

269. Kaběnřan diri koering, asal meh meunang tjilaka, toengtoengna daradjat gěde, lantaran koering patěpang, djeung salira adjěngan, ngan moegi ka oentoen tipoeng, nja awak katambang bejas.
260. Kalaksanakeun nja diri, peso pangot ninggang lontar, katoeliskeun ka noe kasep, ngawalon rahaden poetra, goesti djoengdjoenan manah, poen kakang njanggakeun oemoer, ngoeroepkeun katineung manah.
261. Lamoen teu parěng djeung toelis, daek paeh kalělěban, oepami mangke rama teh, teu panoedjoeweun ka kakang, daek soroh amoekan, bari di kaleng di tjijoem, sang poetri nagara Tjěmpa.
262. Rahaden Pandji ugalahir, njai saha nja djěněngan, kakang kaliwat naros teh, ngawalon sang poetri Tjěmpa, koering Andajaningrat, oemoer limawělas taoen, koering poetra ti pawarang.
263. Djeung deuina djisim koering, reja radja noe ngalamar, mawa doenja-brana gěde, koe rama hanteu di tampa, tina koering teu soeka, reja poetra ratoe běndoe, ngalamarna meunang wirang.
264. Koering teu soeroep djeung ati, ka noe geus datang ngalamar, kakara ajeuna bae, soeroep reudjeung lělěmboetan, ki Djanggali Djanggala, nabeuh kelek tjěprat-tjěproet, pokna dalah bagdja oerang.
265. Geus boga djoeragan istri, pentaäneun baranghakan, reudjeung pentaäneun bako, ki Daheng goemoedjěng ngeunah, maneh mah taja lian, ngan soepaja seubeuh njatoe, hanteu mikir di soesahna.
266. Běněrna koedoe kapikir, tambah rawataneun awak, tambah djoeragan awewe, tangtoe oerang tambah soesah, Djanggali ngawalonan, kadjeun dapon seubeuh njatoe, hese tjape di belaän.
- 267 Tidinja rahaden moelih, ngiringkeun Andajaningrat, angkat lalaoenan bae, wantoening djeung istri menak, tara

toeman badarat, geus peuting soemping ka lémboer, waktoena sareureuh boedak.

268. Kaget aki djoeroetani, nini dangdan kadaharan, hanteu lila ēnggeus entep, sor sisihan pamasangan, aki naroskeun warta, djeung deui di mana nimoe, eta poetri geulis pisan.

269. Reudjeung deui tadi aki, meunang parentah idéran, ratoe kasoesahan gëde, poetrana di bawa minggat, koe ki mantri panglima, sorati gadjah sang ratoe, dibawa noenggan ngadjah.

270. Saha-saha anoe manggih, atawa meunangkeun injá, di djénengkeun praboe Anom, dileler dajeuh sabeulah, djeung deui poetri teja, di pasihkeun ka noe nimoe, kitoe tjatoer oendang-oendang.

271. Ari pangintén poen aki, soegan ijeu poetri radja, anoe di bawa minggatteh, ngawalon rahaden poetra, nja poegoeh ijeu pisan, malah noe mawa di tiroek, djeung gadjahna di paehan.

272. Matoer deui djoeroetani, lamoen rëmpoeg reudjeung manah, nji poetri sanggakeun tereh, montong rek dilila lila, karana kangdjéng radja, wartosna ajeuna ngangloeh, kaedanan koe poetrana.

273. Nangis reudjeung Prameswari, hanteu leueut hanteu dahar, rahaden Pandji ngawalon, kaoela soeméda pisan, njanggakeun ka sangradja, tapi mowal goeroenggoesoeh, ngeureunan tjape sakédap.

274. Kira meunang tiloe peuting, ngandjrék di dijeu heulaän, di mana geus rada aso, meureun marék ka nagara, djeung tatjan térang pisan, nagara boemina ratoe, tidieu sabraha anggang.

275. Ngawalon ki Djoeroe tani, lamoen indit sabraj beurang, sarta lamoen leumpang djongdjon, wantji sareupna ge datang, sigégkeun raden poetra, djeung poetri aja di lemboer, koljapkeun sangratoe Tjémpa.

276. Hanteu eureun-eureun nangis, tina njaäh ka poetrana, Prameswari kitoe keneh, hanteu sare hanteu dahar, taja noe di

pitjangtjam, ngan poetra noe di pisaoer, noe moesna di bawa minggat.

277. Radja nimbalan ka patih, he patih ajeuna geuwat, oetara-keun nakol bënde, noelis soerat oendang-oendang, saha-saha noe bisa, nimoekeun Andajaningroem, di gandjar dajeuh sabeulah.

278. Sarta reudjeung njai poetri, toeloej di lelerkeun pisan, di djadikeun Praboe anom, marentah sabeulah Tjempa, sarta diang-kën poetra, di gadang ngaganti ratoe, djangdji kami mowal tjidra.

279. Ki patih seug njembah pamit, kaloewar ngëmban timbalan, ènggeus kaembarkeun kabeh, satrija mantri ponggawa, pada pasalébroengan, los ka koelon djoeng ka kidoel, lar ka kalër bral ka wetan.

280. Pada hajang meunang poetri, hajang djadi mantoe radja, toer djoeméneng Praboe anom, ngareh sabeulah nagara, loembrah kabeh manoesa, paitna hanteu di oeroes, ngan manisna noe di sëdja.

281. Toerta lamoeña papanggih, reudjeug ki mantri panglima, mowal aja anoe négel, tina karosaänana, bisa noempakan gadjah, pangadjaran tanah Hindoe, lain lawaneun loemajan.

282. Toeloej aja hidji mantri, ngaran ki Andakasoera, oelat palatat-polotot, boeringas sëmoe tangginas, goedag-gidig ka wetan, njoesoel ponggawa noe ngëntjoel, nitik lari tapak gadjah.

283. Leumpang gantjang tjoekah-tjikh, leumpangna kaloenta-loenta, ngadjoegdjoeg kijara gëde, kabënérän pangnjoesoedna, bangke ènggeus kapendak, ki panglima geus ngaringkoek, djeung gadjah patoendjang-toendjang.

284. Ki Andaka oelak-ilik. ngilikan poetri teu aja, toeloej malik-malik bangke, tetela raheut koe panah, toeloej Andakasoera, këbat bae neukteuk hoeloe, djeung neukteuk toelale gadjah.

285. Di djingdjing di bawa balik, boga pimodaleun datang, loejah-lejeh djeung koemasep, hajang madjar bëdas rosa, datanga ka paseban, molotot ngadjingdjing hoeloe, ngeupatkeun toelale gadjah.

286. Pokna ijeu deuleu kami, mĕntas pĕrang djeung panglima , diditoe di leuweung ganggong, dikadek sapisan modar, tapi poetri teu aja, tjoba oendjoekeun ka ratoe, jen kaoela mĕntas pĕrang.
287. Gantjang ngadeuheus ki patih, barĕng djeung Andakasoera, lajah-lejeh boedi daek, posongkol bade amprotan, bejakeun koe sorangan, sĕmoe teu ngagehan batoer, ijeu aing pangrosana.
288. Leungeun katoehoe ngadjingdjing, hoeloena mantri panglima, ti kentja mawa toeiale, sĕmoe ginding nanakĕran, njingkabkeun djalma reja, barang katingal koe ratoe, disambat di hijap-hijap.
289. Sang ratoe gantjang ngalahir, he mantri Andakasoera, ngan mawa toeiale baé, djeung babatok si panglima, mana ari poetrina, Andakasoera hoematoer, noen goesti poetri teu aja.
290. Ngan ijeu bae kapanggih, abdi poen mantri panglima, koe abdi djékok di kadek, djeung gadjahna babar pisan, sang ratoe kapijoehan, ngaleheh di roeboeng-roeboeng, ngadangoe jen poetri taja.
291. Kitoe deui Prameswari, ngadĕngek lĕs kapijoehan, ejar noe tjeurik di djero, tina ningalan ratoena, datang ka kapijoehan, para mantri tingsalĕgroek, pada nangisan ratoena.
292. Sigĕgkeun noe keur prihatin, menak di nagara Tjĕmpa, kotjapkeun bakal panganten, Radja poetra Sokadana, sarĕng Andajaningrat, noe eukenr madjik di lĕmboer ajeuna keur raragĕman.
293. Pirĕmpoegna djoeroetani, sae gantjang ka nagara, ngadeuheusan ka kadaton, njanggakeun sang poetri teja, geus tangtoe di tarima, djeung ladjĕng dianggo mantoe, kitoe pikir poen aki mah.
294. Poetri njaoer bari nangis, pikir aki bĕnér pisan, njakitoe pikir koela ge, langkoeng sae enggal-enggal, marĕk ka kangdjĕng radja, tada teuing rama iboe, soekana ningali koela.
295. Djeung ningali ka kang Pandji, tangtoe meureun roedjoek

pisan, pantēs djadi Praboe anom, oepama gagal manahna, han-leu dowa ka kakang, kawoela bae noe nanggoeng, lamoen datang ka kitoena.

296. Kowoela rek nēwēk diri, djeung deui kowoela soempah, lamoen daek ka noe sedjen, nadjan di paksa koe rama, moegi oelah djamoega, doraka satoetoep oemoer, ngawalon raden nonoman.



297. Meureun bae ajeunamah, kitoe manah njai poetri, sa-pérkara masih anjar, di toeloeng tina balai, ēnggeus lawasmah lali, mo eling satoengtoeng ramboet, kadoewa pérkarana, mang-ke lamoen ēnggeus moekti, lali bae oeroet ajeuna masakat.

298. Kitoe watēking manoesa, pikirna sok gantjang lali, pi-toeloeng anoe katoekang, babari leungit kalindih, paribasa ti aki, tjara halodo satahoen, lantis sakali hoedjan, kahadejan kitoe deui, leungit moesna ari manggib kagorengan.

299. Enggeus karasa koe kakang, pinjérijeun teuing ati, sanadjan moekti katjida, Praboe anom njakrawati, reja parékan sélir, ari njalindoeng ka gēloeng, tangtoe djadi pribasa, njaoer raden radja poetri, ari kakang misaoer noe mowal-mowal.

300. Apan ēnggeus koering soempah, naroehkeun njawa djeung diri, koetan masih keneh koerang, soesah témén diri koering, mesém rabaden Pandji, njai oelah toeloej bēndoe, sakitoe sotek kakang, hanteu nangtoekeun ka njai, noe di tjatoer loembrab adating manoesa.

301. Ki Djanggali ki Djanggala, ngagēlēndēng bari djēbi, tah ari kitoe koemaha, bongan sok katjida teuing, kawas lain ka istri, misaoer noe taljan poegoeh, toeloej Djanggali baksa, ngalēbērah njai poetri, ēnggeus hegar ajeuna goemoedjēng soeka.

302. Ki Daheng njémbah oendjoekan, noen ari pirēmpoeg koe-

ring, manawi bahan kamanah, njératan heula ka goesti, ngoeningakeun nii poetri, ajeuna ᑕnggeus rahajoe, tjaritakeun sadaja, beunang ngaréboet ti mantri, koering bae noe njanggakeun eta soerat.

303. Ngawalon sang Pandji poetra, eta adi koela ngiring, sae adi anoe mijang, ujanggakeun sérat ka goesti, ngoeningakeun sang poetri, moegi sadaja kaoendjoek, tapi pan da koela, montong pioendjoek ka goesti, jen kawoela poetra Praboe Sokadana.

304. Hatoerkeun poetra patihna, sabab hisi kaget teuing, moen di sëboet poetra radja, eta kitoe nya pangeling, poma oelah rek lali, Daheng Bramani ngawangsoel, koering ngestoekeun pisan, sapiwoeroek mowal lali, raden Pandji ladjeng njérat dina lontar.

305. Kijeu oengél eta soerat, salinan ti basa kawi, ijeu sérat sareng sëmbah, abdi gamparan poen Pandji, kondjoek ka kangdjéng goesti, sang Praboe Tjempa pinoendjoel, ratoe anoe wisesa, kontjara asih ka abdi, djisim koering noe bodo hatoer oeninga.

306. Pérkawis poetra gamparan, koe djisim koering kapanggih, di tégal keur di sangsara, koe noe djahil si banggali, nji poetri djérat-djérat, sasambat ka rama iboe, djisim koering teu taban, bawaning watir ka poetri, toloej bae di panah datang ka misan.

307. Malah sareng djeung gadjahna, rek bela di panah deui, patiné patoendjang-toendjang, toloej di bantoen nji poetri, koe sim koering pribadi, ajeuna aja di lémboer, sareng taja kaki-rang, sakitoé pioendjoek koering, kabeh-kabeh sëdja ngambangkeun ka kéra.

308. Sanggeus Pandji tamat njérat, di lelerkeun ka Bramani, toloej ki Bramani mangkat, goedag-gidig njoren badi, angkatna tjara boegis, daweungna tjara inalajoe, kalana Djaja drata, noe di tiroe koe Bramani, gagantjangan kaijatoerkeun ᕕnggeus datang.

309. Mijak djalma menta djalan, anoe kasorang njalingkir, radja Tjēmpa eukeur lēnggah, di deuheusan para mantri, kaget radja ningali, aja djalma goera-giroe, sang ratoe ngagoepajan. Bramani njembah ka goesti, djeung njanggakeun sērat dina daoen lontar.

310. Kalangkoeng kaget sang radja, barang njandak eta toelis, di ilo ēnggeus kamanah, koe bawaning soeka goesti, ngaosna bari nangis, jen poetri ēnggeus karēboet, koe oerang Sokadana. anakna kijai patih, radja Tjēmpa gémët mariksakeuñana.

311. Di oendjoekeun sadajana, taja pisan anoe kari, koe ki Daheng badaratna, sang Praboe Tjēmpa ngalahir, he patih geuwat indit, ngoempoelkeun dēmang toemenggoeng. para mantri ponggawa, olah aja anoe kari, oemboel-oemboel lawe rontek geura tata.

312. Tandoe djoli djeung djampana, oerang mapagkeun nji poetri, ajeuna ijeu geus beunang, koe noe ngaran raden Pandji, anakna kijai patih, Sokadana noe ka poengkoer, ijeu noe mawa soerat, ngaraña Daheng Bramani, kijai patih kalowar geus tata-tata.

313. Radja geus njaoer pawarang, di piwarang tjawis-tjawis, tētēbah djeung kadaharan, njondongkeun poetra djeung poetri, garwana para mantri, djeung garwa para toemenggoeng, pada pasalēbroengan, ka loewar ka djero deui, olah-olah sawareh anoe tētēbah.

314. Raden patih geus sadija, njadijakeun tandoe djoli, ngadidak njijeun karija, badawang reudjeung bēbēgig, kabeh ēnggeus tarapti, geus pinoeh di aloen-aloen, radja Tjēmpa ngandika, he māneh Daheng Bramani, hadé geura balik tīheula bebedja.

315. Sang radja ēnggeus nimbalan, nginditkeun tandoe djeung djoli, ki patih noe di timbalan, mapagkeun poetra djeung poetri, kabeh ponggawa ngiring, ngabeuhi dēmang toemenggoeng, kantoen Soera-andaka, toenggoe handapeun tjaringin, geus di bēlok doemeh ngabobodo rādja.

516. Geus indit iringañana, bisa noe natakeun baris, oepatjara pangheulana, noe manggoel toembak djeung tamsir, pandeuri aja deui, anoe mawa epok agoeng, lampit djeung tēmpatloedah, koeda kosong deukeut djoli, di pajoengan rarahabna moeroeb moebjar.

317. Djoli moebjar di parada, di rijoeng koe para mantri, anoe ngagotong di tata, make badjoe tapta koening, tjalana pandji-pandji, oemboel-oemboelna mēlēngkoeng, beres lawe rontekna, bēbēgig heula pandeuri, badawangna pandeuri mawa kolewang.

318. Ponggawa taroenggang koeda, patēgēp paginding-ginding, kawas ngarak karijaän, noe soerak asa kaindit, sora tarompet soeling, ngagoeroeh kendang djeung tamboer, ngoengkoeng sora berina, ramena kawanti-wanti, ngaleut ngeungkeuj ngēmbat-njatang-pinang.

319. Katjatoerkeun ēnggeus dongkap, ka lēmboer ki Djoeroetani, para mantri djeung ponggawa, kijai patih ēnggeus tjalik, di bale Djoeroetani, djeung raden Pandji geus tēpoeng, raden patih ngandika, paman manggoel dawoeh goesti, di piwarang mapag poetri djeung adjēngan.

320. Ari timbalan sang radja, poma oelah teu kairing, radja bakal malēs trima, bareto radja geus djangdji, saha noe meu-nang poetri, di gandjar di djoengdjoeng loenggoeh, tampa dajeuh sabeulah, sarta migarwa nji poetri, di djénēngkeun Praboe anom manteo radja.

321. Raden Pandji ngawalonan, sad kwoela sēdjā ngiring' tapi pērkawis gandjaran, sad kwoela hanteu nagih, kari koe-maha goesti, ngambangkeun kērsa noe agoeng, ladjēng sang Pandji dangdan, pangänggo noe leuwih-leuwih, santēn lēlēb noe nganggo radja kapoetran.

322. Sindjang herang di banjoemas, tarētēp nila widoeri, djamang tarate patoempang, di taboer di adoe manis, makoeta tingkarētip, di taretes intēn moeroeb, makoeta sri ragawa, ratoe agoeng pantjawati, angkeng lengkeh manisna matak kabita.

DANGDANGGOELA.

523. Raden poetri ēnggeus nganggo deui, sindjang songket di bēnten kantjana, di taretes intēn objor, djamang tarate moeroeb, noe di tiroe poetri Mantili, sigēr kantjana moelja, di taretes mantjoer, geulis lain kaoelinan, pantēs pisan ngarendeng poetra djeung poetri, kawas Rama djeung Sinta.

524. Ki Djanggala sarta ki Djanggali, gogoleran nēgēskeun djoeragan, ngarendeng geulis djeung kasep, rahaden patih njaoer, geus meudjeuhna soemangga nitih, nji poetri djeung ki poetra; dina djoli hoeroeng, ladjēng sang poetri sang poetra, nitih djoli gér soerak sarta doer bēdil, mangkat iring-iringan. •

525. Sésèk djédjél awewe lalaki, anoe nongton nakleuk di tēgalan, geus pinoeh di djalan gēde, katjarita geus tjoendoek, ka djro koeta toengtoengna baris, radja ēnggeus sadija, karsa naoer kaoel, ngamparkeun boweh djeung sindjang, tina watēs babantjong ka djéro poeri, di amparan koe sindjang.

526. Tatabeuhan geus asa kaindit, topeng ronggeng sarta bangbarongan, parēboet djalma noe nongton, aja noe sili toemboek, tina hajang tēgēs ka poetri, ngarendeng djeung rakana, dina djoli aloes, hari pada di kēpētan, kikis reuntas koe noe nongton anoe geulis, hanteu beunang di tjaram.

527. Katjatoerkeun soemping ka sitinggil, ladjeung loengsoer koedoe angkat njatjat, ngadampal boweh djeung poleng, dipapag para iboe, diiringkeun koe para bibi, di tjandak para raka, di rijoeng koe baboe, radja loengsoer djeung garwana, mapag poetra ngarawoe barina nangis, raden Pandji di tjandak.

528. Di tjalikeun poetra reudjeung poetri, di amparan pramedani moelja, pra mantri ngadjadjar mando, dēmang rangga toemēnggoeng, soesoegoehna ēnggeus tarapti, raden geus barang-dahar, rorodan di loengsoer, walatra para ponggawa,

pada dahar sarta djeung Daheng Bramani, Djanggali djeung Djanggala.

329. Kangdjéng radja ngalalir ka Pandji, he ki Pandji soe-koer bagdja ama, reh maneh noe meunangkeun teh, ménéran ka noe soeroep, pantés djadi salaki poetri, ama sérab nagara, sabeulah ka kidael, sarta di pāparin pangkat, Praboe anom Bahoeđenda njakrawati, sabeulah boemi Tjémpa.

330. Para mantri geus pada njakseni, raden Pandji geus di djoengdjoeng lènggah, djoeméneng sang Prahoe anom, kalereun aloen-aloen, pakoewoña rahaden Pandji, di sēboetna Kanoman-pawarta geus mashoer, Pangeran dewa Koesoemah, kakasihna geus, kongas ka mana inéndi, jen mantoe radja Tjémpa.

331. Djeung ki Daheng Bramani di salin, di sēboetkeun ki demang Oerawan, di djénéngkeun loerah gandek, ganti deui katjatoer, ki Andakasoera noe djoelig, karsana radja Tjémpa, ajeuna di gantoeng, sababna tjidra ka radja, Praboe anom toeloej ngadeuheus ka goesti, sangët panoenoehoeña.

352. Moegi aja pangampoentén goesti, eta ngaran poen Andakasoera, di gantoengna oelah sijos, taljan patoet di gantoeng, lain dosa noe ngarah pati, siksana geus meudjeuhna, di belok ge poeloes, lamoen sijos di gantoengna, kakongaskeun radja Tjémpa koerang adil, ratoe moerka doersila.

353. Radja sēpoeh mesém sēmoe manis, bari njaoer he Dewakoësoemah, noe matak rek di gantoeng teh, koe sabab wani ngakoe, noe mennangkeun Banggali djoelig, sarta reudjeung gadjahna, tjatoerna wawadoel, di hiroepan oge noelar, tang-toe noeroen ka anak intjoena djoelig, wani bohong ka radja.

354. Praboe anom matoer lérés goesti, salahna mah poen Andakasoera, tapi lain hoekoem potong, mapan wadjib di ratoe, nimbang dosa gëde djeung leutik, ratoe sēpoeh ngandika, nja koemaha agoes, ama noeroet mowal moengpang, ki Andaka-énggeus di piwarang bidjil, kaloewar ti siksaän.

355. Di djangdjijan oelah kitoe deui, totobatan ki Andakasoera,

bari tjeurik lēwa-lēwe, sang Praboe anom sēpoeh, pada ēnggeus moelih ka boemi, katjatoer ki Andaka, tipeuting geus ngēnjoel, minggat sa anak bodjona, sēdja ngoengsi ka nagara Gilingwēsi, noe kongas ratoe gagah.

336. Katjarita Audaka geus nēpi, ka nagara Gilingwēsi teja' reudjeung radjana geus amprok, ki Andaka wawadoel, poerwa koering marék ka goesti, sēdja hatoer oeninga, sarehna sang praboe, ratoe di nagara Tjempa, geus kagoengan mantoë asalna pangarit, koering langkoeng teu soeka.

337. Langkoeng watir ningali sang poetri, anoe geulis meu-nang koeritjakan, handjakal koe lenggik koneng, koering langkoeng panoedjoe, ka gamparan toenggal sa beusi, djeung saroewa hadena, pada asal ratoe, praboe Gilingwēsi soeka, eukeur hojong kagoengan pawarang geulis, sarta rēmēn ngalamar.

338. Ka nagara Tjēmpa teu di tampi, djadi radja bendoena katjida, njaoler barina molotot, si radja Tjēmpa hoeroeng, milih-milih njijar noe leuwih, ari toengtoengna meunang, minantoe panangoeng, kami radja gagah rosa, soegih doenja tapi ngalamar di tampik, si radja koerang adjar.

339. Toeloej radja nimbalan ka patih, maneh geuwat ngoem-poelkeun gagaman, boedalkeun isoekan bae, noedjoe apēsing satroe, mowal gagal di boerak-barik, minantoe radja Tjēmpa, matana di tiroek, poetrina di bawa poelang, adoeh bijoeng si geulis kadeuleu teuing, moestika pagoelingan.

340. Katjatoerkeun isoek geus tarapti, baris boedal koeda rawoeh gadjah, lampahna di gēlēk boe, hajang geura patēpoeng, djeung noe geulis kawanti-wanti, patihna ngatoeranan, goesti oelah roesoeh, sim koering watir koe balad, tjilakana kabawa koe poetri geulis, gamparan kanijaja.

341. Papaitna kabeh pada tampi, mamanisna ngan woengkoel gamparan, toer istri mah reja keneh, lamoen gamparan kitoe, djadi asoep wangsalan sindir, oepama njoð oraj, ngaheureujan

maoeng, rĕsĕpna hanteu sapira, papaitna ngabinasakeun ka diri, bidjil njawa ti badan.

342. Radja bĕndoe njandak gada beusi; bari njaoer he patih tjampĕlak, sija ajeuna ge kodjor, ki patih nĕda maloem, teu di manah ladjĕng di gitik, keuna kana sirahna, gĕtihna tjoer ngoetjoer, polo bidjil oelaweran, sarta njaoer tah kitoe noe koemawani, malangan karĕp radja.

343. Aja hidji doeloerna ki patih, djadi mantri ngaran ki Soedarma, ninggal doeloerna geus maot, njaähna sakalangkoeng, nijat ngamoek tapi teu djadi, boga pikir rangkĕpan, mowal hade ngamoek, hade api-api soeka, mangke hae mangsa satĕngahing djoerit, malik ngamoek djoeragan.

344. Katjarita praboe Gilingwesi, ēnggeus djĕngkar, djeung sakabeh balad, ngagoeroeh di gĕlĕk bae, dongkap ka sisi laoet, djeung sakabeh balad pradjoerit, radja geus nitih kapal, parahoe-na aloes, balad geus naek ka kapal, djoemblah kabeh sapeloeh kapal pradjoerit, handjat djangkar ber lajar.

345. Kapal gantjang tina meunang angin, sakĕdepan darat teu katingal, gantjangna] noe mangoen tjrijos, poelo Tjĕmpa ngalamoek, hanteu lila radja geus soemping, ka palaboewan Tjĕmpa, baladna teu kantoon, laboeh djangkar goeloeng lajar, nitih sampan sri mah radja Gilingwesi, ēnggeus soemping ka darat.

346. Masangrahan di sisi basisir, tata baris oerang palaboewan, maroehoes ngoengsi ka benteng, imah di tinggal soewoeng, balad-balad ti Gilingwesi, kabeh pada ngarajah, imahna di hoeroe, seuneu hoeroeng moentab-moentab, katjarita djalma-djalma anoe ngoengsi, geus dongkap ka nagara.

347. Laloempatan ngadroegdjoeg djro poeri, geus oendjoekan jen aja karaman, praboe sepoeh nganggo-nganggo, ladjĕng miwarang njaoer, Praboe anom ka djero poeri, teu lila ēnggeus dongkap, radja sĕpoeh njaoer, he anak Dewakoesoemah, geura dangdan aja radja Gilingwesi, ngaroeroeg nangtang pĕrang.

548. Praboe anom ngalahir ka patih, bapa patih geura dang-dangdan, koempoekeun pardjoerit kabeh, oerang nemonan moesoeh, para mantri masing tarapti, ponggawa sing sadija, toemenggoeng sing oeroes, démang rangga masing tata, hajoe boedal da geus adatna lalaki, oelah moendoer da menak.



DOERWA.

349. Praboe anom njembah pamitan ka rama, moelih heula ka boemi, timbalan sang radja, raden anak si bapa, poma masing ati-ati, oelah rek weja, karana moesoeh sakti.

350. Praboe anom ngawalon djijad gamparan, nadjan bedjana sakti, koering teu pertja,a, karana satiména, djalma taja anoe sakti, ngan goesti Alah, wondening kongas wani.

351. Koering oge wani hanteu pisan gila, pada saoerang wani, sarang ratoe tjidra, ngoembar napsoe sorangan, ladjang bari njembah pamit, kotjapkeun dongkap, Praboe anom ka boemi.

352. Di papagkeun koe garwa tipe ka lawang, ratoe ajoe ngalahir, he raka pangeran, aja moesoeh ti mana, raka ngawalon ka raji, keur bedjana mah, moesoeh ti Gilingwési.

353. Saoer poetri gawe si Andakasoera, ngoengsi ka Gilingwési, meureun bae panas, nanjaän teu di tampa, rakana mesém ngalabir, koetan ngalamar, hajangeun ka noe geulis.

354. Lamoen kakang noe eleh njai kabandang, raji mesém djeung njiwit, sangeuk teuing koela, kabojong koe noe edan, anggoer niénding niewék diri, djeung kabojong mah, koe radja Gilingwési.

355. Praboe anom nganggo noe araloes pisan, lantjingau pandji-pandji, sindjang prang koesoemah, makoeta intén moelja, taretép djoemantén adi, njoengkélang ladrang, taretes intén boemi.

356. Tingkaritjeup intēn noe dina makoeta, koe rajina di tilik, bari kahatoeran, tajoh mo manggih pantar, noe kasep lampanjat lénggik, tjara ijeu mah, dewa djoengdjoenan koering.
357. Toeloej djéngkar Praboe anom sahaladna, nitihan koeda gambir, rarahab sakčlat, kadali andong dada, apoes boentoet sanggawédi, salaka moebjar, goemilap katingali.
358. Mamandapan koeda njirig djodjogedan, kawas Samba pradjoerit, di rijoeng koe toembak, pradjoerit séséliran, dipadjéngan gilap koening, kapangeranan, oepatjara ngahapit.
359. Di pajoeneun rahaden démang Oerawan, ki Djanggala Djanggali, poengkoereun pangeran, taroempak koeda djangdjan, koeda djogdjrog bragbrag-brigbrig, bari scsepak, Djanggali djérat-djérat.
360. Katjatoerkeun geus dongkap ka palaboewan, geus pada tata baris, moesoch reudjeung lawan, ēnggeus adoe hareupan, ngadéngdéng sisi basisir, rame soerakna, djédoer marjém djeung bédil.
361. Awang-awang powek koe haseup sondawa, pradjoerit pada wani, pada ngamoek rampak, ngadoe pédang djeung toembak, sora gadjah tingdjarerit, gilapna pédang, matak serab ningali.
362. Rame prangna tjampoeh moesoeh reudjeung lawan, rame sili tampiling, reudjeung sili doepak, aja noe sili toembak, sili djédék sili biti, bangke patoempang, kawas babadan patjing.
363. Oerang Tjémpa ngamoekna kaliwat-liwat, taja noe njéboet miris, madjoe ngamoek nénghah, kawas banteng bajangan, balad oerang Gilingwési, geus kawalahan, laloempat mitjeun kéri.
364. Praboe anom tangginas njambéti koeda, djeung ngahajoekeun baris, ki démang Oerawan, sahaladna tangginas, moro oerang Gilingwési, rame noe soerak, di sédék ka basisir.
365. Radja Gilingwési rek nitihan sampan, geus pisah djeung pradjoerit, ki mantri Soedarma, doeloerna patih teja, ajeuna rek malés pati, ka sang radjana, Soedarma maték keris.

366. Di tēwēkeun ka radja kana dadana, ngagēro bari tjeurik, sambat naon dosa, di wangsoel koe Soedarma, sija ratoe han-teu adil, ngoeinbar amarah, mawa tjilaka koering.

367. Doeboer aing ngingētan teu di tarima, anggoer dibalēs pati, ajeuna karasa, aing rek nagih hoētang, taṁpanan oelah rek gingsir, radja sakarat, ngoetah-ngoetahkeun gētih.

368. Katingali koe pangeran Dewakoesoemah, Praboe anom ngalahir, maneh oerang mana, wani maehan radja, ngawalon Ŝoedarma mantri, soemoehoen priksa, abdi ti Gilingwēsi.

369. Poerwa koering koemawani nēwēk radja, sēdjā malēs-keun pati, ratoe langkoeng tjidra, nganijaja abdina, doeboer koering djadi patih, tina nēmahan, ngahatoerkeun wawadi.

370. Teu di tampi anggoer djēdak di paehan, ratoe taja kasih, djeung ngoembar napsoena, kadjeun tjilaka balad, sok moen andjeun soeka ati, salalamina, lampah teu kanti boedi.



371. Sang Dewakoesoemah njaoer, koemaha lampahna deui, tjoba maneh tjatjarita, oelah koerang oelah leuwih, tetelakeun saēnjana, lampah radja Gilingwēsi.

372. Ki mantri Soedarma matoer, lamoen simkoering pribadi, tjatjarijos ka gamparan, taja batoer djadi saksi, gamparan mowal pertjaja, reja hatoer taja boekti.

373. Manawi gamparan rēmpoeg, koering njijar heula saksi, rek ngoempoelkeun batoer heula, mantri-mantri anoe njingkir, kabeh oge meureun soeka, radjana di hoekoem pati.

374. Katjarita geus karoempoel, mantri-mantri Gilingwēsi, sesana noe paeh pērang, ti leuweung pada baridjil, sakabehna ēnggeus tobat, njaranggakeun pati hoerip.

375. Toeloej ki Soedarma ladjoe, malikan pioendjoek tadi njaritakeun lampah radja, nganijaja koering-koering, kijeu pokna ki Soedarma, noen soemoehoen priksa goesti.
376. Lampahna radja kapoengkoer, estoe hanteu reudjeung boedi, ngadolos bae kersana, hanteu njaäh ka noe leutik, oenggal tahoen raramejan, malar panjamboengan koering.
377. Ari karésépna ngadoe, ngadoe hajam ngadoe djangkrik, ngadoe poejoeh ngadoe moentjang, loempangna ngadjépit koeiring, sakapeung ngadoe djélémá. di oedjoengkeun sili gitik.
378. Atawa di sina gëloet, noe teu wani koedoe wani, reja djalma anoe misan, noe teu daek di tampiling, sëlang-sëlang ngadoe djalma, ngadoe mejong reudjeung moending.
379. Sakapeung badak djeung lëmboe, sapi moending ti noe leutik, radja ngan woengkoel soekana, roegi tjabena mah koeiring, moen radja ngewa ka djalma, taja deui ngan di peuntjit.
380. Radja teu kagoengan hoekoem, dosa gëde dosa leutik, taja dëngda taja siksa, moen salah koedoe di peuntjit, djeung lamoen aja ponggawa, anoe gadoeh bodjo geulis.
381. Bodjona toeloej di poendoet, salakina di njénjéri, moen ngalawan di paéhan, poerwa ajeuna sim koering, wani maehan ka radja, sabab radja hanteu adil.
382. Lamoen radja awet hiroep, tangtoe tjetjah awet miskin, sang Praboe anom ngandika, he sakabeh para mantri, eta omong ki Soedarma, koemaha énja kasaksi.
383. Jen lampah radja teh kitoe, rësép nganijaja abdi, sakabeh barëng oendjoekan, pra ponggawa Gilingwési, lérës hatoer poen Soedarma, sadajana oge boekti.
384. Asa di ratoewan maoeng, kabekina daging gëtih, ambékna sakoelit bawang, taja pisan hoekoem adil, sakëtjap kadoewa gobang, dëngkina taja noe nanding.
385. Karésépna ngan di goenggoeng, di sëhoet kasep djeung soegih, di padjar pintér binékas, di toeding wëdoek djeung sakti, di tjawad wani maehan, tara tampi ka wawadi.

386. Tara ngagoegoe pitoetoer, ajeuna něpi ka djangdji, meunang hoekoem dorakana, koering langkoeng soeka ati, ijeu poen mantri Soedarma, eta mantri lantip boedi.
387. Eta sadajana kitoe, hatoer mantri Gilingwési, pada ngagorengkeun radja, mihade Soedarma mantri, ngandika Dewakoesoemah, ka ponggawa Gilingwési.
388. Eta lampah radja kitoe, naha mana banteu tadi, di loengsoer djénengna radja, lamoen geus tetela děngki, ajeunamah kadongdora, dina waktoe eleh djoerit.
389. Ponggawana pada matoer, tina kabodowan koering, soegan teh radja kawasa, sakti manggoelang-manggoeling, mowal teurak koe pakarang, poerwa taja anoe wani.
390. Sang Dewakoesoemah njaoer, he ponggawa Gilingwési, doemeh geus teu boga radja, koemaha nja tineung pikir, kami menta sawaktjana, anoe téroes reudjeung ati.
391. Para mantri kabeh matoer, djisim koering sědja ngabdi, koemawoela ka gamparan, tapi manawi katampi, ijeu poen mantri Soedarma, piratoeweun Gilingwési.
392. Patoet oge djadi ratoe, tina wantér lantip boedi, sarta aja ge toeroenan, boejoet radja Gilingwési, anoe djéneng ti baheula, kawéntarkeun langkoeng ngadil.
393. Malah mandar bae noeroen, saréng kadoewa pérkawis, reh ijeu anoe maehan, ngaleungitkeun ratoe děngki, patoet minangka gandjaran, sakitoe pioendjoek koering.
394. Praboe anom toeloej njaoer, rémpoeg kitoe karép kami, tatapi ari ajeuna, montlong gantjang-gantjang halik, oerang ka nagara heula, pada oerang soeka ati.
395. Para ponggawa ngawangsoel, soemangga abdi ngariring, banteu sědja pisan haha, sakérsa-kérsana goesti, sadaja mowal dipoengpang, sědja ngesto lahir batin.
396. Sanggeus kitoe pada soedjoed, para mantri Gilingwési, njanggakeun tanda ngawoela, soempah hisi gindi pikir, siwah nijat bělang bajah, koe Praboe anom di tampil.

397. Sang Dewakoesoemah njaoyer, miwarang nginditkeun baris, toeloej djéngkar sadajana, kabeh mantri Gilingwési, senapatina Soedarma, ngahoeroen toembak djeung kérис.
398. Djadi tandana jen taloek, di bojong sab eleh djoerit, pangeran Dewakoesoemah, miwarang sahidji mantri, tihuela hatoer oeninga, ka rama jen meunang djoerit.
399. Di djalan hanteu katjatoer, oetoesan ka dajeuh népi, radja sépoeh geus oeninga, jen kang poetra meunang djoerit, toeloej radja sépoeh dangdan, rek mapagkeun mantoe soemping.
400. Toenggang gadjah gédé loehoer, palisirna soetra wilis, géntana salaka moeljar, di padjéngan gilap koening, di pajoen oepatjarana, kapétèngan beunang milih.
401. Oemboel-oemboelna mélénkoeng, ngelebet katébak angin, ngérap-ngérap banderana, ngagoeroeh tamboer djeung beri, tabeuh ninggang wirahmana, séngek tarompet djeung soeling.
402. Di poengkoereun radja sépoeh, poetra istri nitih djoli, ratoe mas Andajaningrat, ngiring mapak raka soemping, djeung garwa pada pongawa, pada ngiring raden poetri.
403. Waktoena sabidjil lajoeng, kétir bawa rasa pikir, sang poetri Andajaningrat, nja geulis kawanti-wanti, ampoeh loenggoeh jasa dangdan, njoeroepkeun soepaja rasmi.
404. Géloengna noemipoek pasoesoen, toesoek-géloeng inten boemi, gilér-gilér kaanginan, kasorat koé lajoeng koening, siga bentang kabeurangan, matak gijoeng noe ningali.
405. Waosna goela goemantoeng, djaridjina moetjoek eurih, kadoe sapasi pipina, asta ngagondewa bëntik, roembahna boelan toemanggal, sédeng dëdégna raspati.
406. Ampoeh loenggoeh sarta timpoeh, sareseh djeung manis boedi, leuleus keupat jasa angkat, tjanpelang djeuug lantip soerti, jasa ngalap-ngalap manah, istoening moestika poetri.
407. Katjatoerkeun geus patépoeng, djeung rakana meuntas djoerit, praboe anom enggal-enggal, loengsoer maindapan

isin, sampojong ladjeung ngoendjoengan, ka rama njangga-keun bakti.

408. Soekaboengah radja sēpoeh, ka mantoe kalangkoeng moedji, ngandika ama tarima, anak ama taja deui, ngan agoes bae sorangan, noe baris ngaganti linggih.

409. Koemaha bedjana agoes, mana radja Gilingwési, Praboe anom matoer njémbah, soemoehoen pariksa goesti, halad Giling-wési kalah, radjana loempat ngabéjtis.

410. Barang rek mantjal parahoe, di kadek koe hidji mantri, wasta poen mantri Soedarma, doeloer patih Gilingwési, noe matak wani maehan, sēdjana malëskeun pati.

411. Sadajana sami matoer, mantri-mantri Gilingwési, pada miawon ratoena, di sēboetkeun djoelig dëngki, djeung sami inoedji Soedarma, di sēboetkeun lantip boedi.

412. Nijat koering lamoen rëmpoeg, saréng kërsa kangdjéng goesti, eta poen mantri Soedarma, daméł radja Gilingwési, malak mandar djadi ardja, ngalampahkeun hoekoem adil.

413. Kangdjéng radja sēpoeh ujaoer, agoes oelah gantjang teuing, limbang samemeh kasorang, pikir samemeh ngadjadi, bisi handjakal mangkena, ngadjoengdjoeng kaberoe asih.

414. Ari geus ngadjadi ratoe, soesah ngaloengsoerná deui, leuwih hade djadjal heula, djénengkeun bae papatih, mangke moen taja tjetjadna, djadikeun ratoe sakali.

415. Pamikir ama sakitoe, eta ki Soedarma mantri, pangnë-lasañana radja, ama teu soeroep djeung pikir, rasa ama eta salah, mantri tega pati goesti.

416. Bénérna mah lain kitoe, lamoen aja ratoe djabil, bareto di nagarana, koempelkeun ponggawa mantri, rëmpoegkeun, masing moepakat, pikir heula masing gilig.

417. Moen ratoe lampabna ladjoe, teu jassa ngeureunan djabil, loengsoer padjénëgañana, milih anoe bakal adil, saderek atawa poetra, ratoe teu wénang di peuntjít.

418. Tapi ajeuna geus kitoe, teu aja piliheun deui, kadjabatik iki Soedarma, noe ngoeroes di Gilingwesi, dosana nelasan radja, timbang tina njéri ati.
419. Rempoeg koe agoes di djoengdjoeng, djadikeun heula papatih, lamoen geus njata hadena, djénengkeun ratoe sakali, Praboe anom ngawalonan, djisim koering sedja ngiring.
420. Dawoeh gamparan sakitoe, leres hanteu pisan sisip, ajeunamah poen Soedarma, djénengkeun bae papatih, mapatah kabeh ponggawa, di nagara Gilingwesi.
421. Mangke éngéus meunang nahoén, awon saena katjiri, moen sae djadikeun radja, moen awon nejangan deui, noe bade di damél radja, di nagara Gilingwesi.
422. Djisim koering langkoeng rëmpoeg, salahir gamparan tadi, malah lamoen karoedjoekan, soemangga ngadamél djangdji, sahidji adat nagara, minangka toelak balahi.
423. Soepaja loeloes rahajoe, radja pageuh njépěng adil, wiliyat estoe abdina, lamoen radja hanteu adil, kira ngaroeksak nagara, ponggawa koedoe badami.
424. Hatoeranan oelah kitoe, lamoen maksa bae dëngki, nya koedoe loengsoer djénengna, milih ahlina noe wadjib, oelah datang ka nelasan, abdi ngarah pati goesti.
425. Eta adat hanteu patoet, hoekti tjara Gilingwesi, tina teu aja atoeran, ratoe di tilas koe mantri, raos koering pérloe pisan, mikir panoelak balahi.
426. Eukeur baris anak poetoe, singétna koering pribadi, moen geus aja oendang-oendang, njaho kawadjiban diri, radja sëpoeh langkoeng soeka, ngalahir rëmpoeg teh teuing.
427. Sang poetri Andaja moendjoeng, mesmuna pinoeli koe manis, ratoening madoe sëmoena, kareueut anoë ningali, soemawoña tjarogena, djeung seungitna ngadalingding.
428. Lain aroem minjak roeoem, lain seungit kembang gambir, ganda bidjil ti salira, seungit bidjil ti djasmani, mélèbér angin-anginan, baoë, kalémha kastori.

429. Kangdjeung Radja sēpoeh njaoer, geus meudjeuhna hajoe indit, ēnggeus kitoe bral djalēngkar, nji poetri geus nitih djoli, praboe sēpoeh toenggang gadjah, angkatna heulaeun djoli.

430. Sang Praboe anom di poengkoer, ngiringkeun sang radja poetri, toenggang koeda mamandapan, koeda malang njirig-njirig, narimbang sora gamēlan, niroe rahaden Santjaki.

431. Katjatoerkeun enggeus tjoendoek, ngagoeroeh asa kaindit, tjloeng angkloengna doer bēdilna, anoe nongton wara-wiri, laloempat pasēlēbroengan, kolot boedak menak koering.

432. Panon powe ēnggeus soeroep, kaganti koe boelan bidjil, tanggal kalima wēlasna, tjaäng teu asa tipeuting, marakbak kawas ti beurang katambah koe damar lilin.

433. Di mandapa geus karoempoel, toemēnggoeng mantri bōpati, marando adoe hareupan, oerang Tjēmpa Gilingwēsi, toeloej djēboel soesoegoehna, dahar soeka-soeka ati.

434. Sang Dewakoesoemah njaoer, he ajeuna bapa patih, isoekan karēp kawoela, koedoe pada koempoel deui, oerang ngadjénēngkeun teja, mangkoe boemi Gilingwēsi.

435. Ki Soedarma noe di djoengdjoeng, djadi patih Gilingwēsi, patih Tjēmpa ngawalonan, soemangga sakērsa goesti, tidinja toeloej baloebar, praboe doewanana moelih.

ASMAKANDANA.

456. Kasmaran anoe ningali, lampahna panganten anjar, pada maroelih ti djēro, ka boemi karang kapoetran, di iring para menak, di poengkoereun broel ngagimboeng, angkat ngorang kēbon kēmbang.

457. Kēmbang gambir djeung malati, sēdēp malēm ros er-mawar, katjapiring kēmbang goelo, pēlēngkoeng kēmbang tongkengna, hade atoerañana, binangkitna anoe ngatoer, niroe karang kadewatan.

438. Kébon di balaj di kikis, pěpětētan warna-warna, balingbing djeung djeroek paseh, djeroek bali djeung ramboetan, pasélang djeung poelasan, sisi kébon djeroek boetoen, kalapa poejoeh batoerna.

439. Pala tjéngkeh djeroek mipis, matak rèsép matak waäs, tidinja raden panganten, ngidér-ngidér djeung garwana, wantoening tjaäng boelan, pakaleng ajang-ajang goeng, ngidérngidér pakébonan.

440. Teu atjan asoep ka boemi, nijskeun heula salira, matak loetjoe anoe nendjo, moelan bari sasaoeran, njarioskeun ka garwa, lampah tadi pérang poepoeh, poetri soeka kahatoeran.

441. Geus lila toeloej ka boemi, geus asoep ka pakoelémān, jalangsena énggeus ngeser, teu katjatoer didinjana, énggeus karoelém tibra, kotjapkeun eta tatamoe, balad Gilingwési teja.

442. Pondokna di raden patih, ari haladna noe reja, koempoel di paseban kabeh, katjatoer deui isoekna, para mantri ponggawa, geus koempoel di aloen-aloen, marijém geus di eusijan.

443. Tatabeuhan geus tarapti, adat ngadjénéngkeun menek, toembak pajoeng koeda kosong, epok lampit padjéng bawat, ngarijoeng di paseban, ngantos Praboe anom tjoendoek, mantri Soedarma geus dangdan.

444. Nganggo tjara Gilingwési, sédjakna tjara Malaka, pangänggona songket kabeh, djeung di soelam warna-warna, di reka kékëmbangan, ségoetna tjara Malajoe, bosongotna tjara Dajak.

445. Praboe anom djéhoel soemping, di padjéngan gilap moebjar, anoe ngiring mantri anom, di poengkoer mawa poesaka, di pajoen oepatjara, soemping deui Praboe sëpoeh, geus tjaralik doewanana.

446. Di mandapa tépas wangi, di bale palilinggihan, kidoeun paseban gëde, sang Praboe anom ngandika, he bapa patih Tjémpa, geura kadarijeu koempoel, tjandak ki mantri Soedarma.

447. Kabeh mantri Gilingwési, oelah aja noe kaliwat, djeung

sakabeh prabot-prabot, paranti angkatan menak, lampit epok djeung toembak, kjahi patih njembah matoer, soenjangga kersa gamparan.

448. Ki patih natakeun mantri, di bawa ka palinggihən, sakabeh ṣenggeus ngaderes, hanteu pasēlang loenggoehna, sapangkat-sapangkatna, toeměnggoeng pada toeměnggoeng, děmang baris pada děniang.

449. Ngabeui pada ngabeui, rangga djadjar pada rangga, lengser beres pada lengser, mantri Soedarma di těngah, praboe anom ngandika, he sakabeh pra toeměnggoeng, rangga děmang kandoeroewan.

450. Ijeu ki Soedarma mantri, djadi patih noe mapatah, mantri Gilingwěsi kabeh, poma pada koemawoela, djeung di ganti djénengan, di tělahkeun koedoe sěhoet, kalana Soeraloedira.

451. Basa soera eta wani, loedira gětih těgésna, djalma leber koe wawanen, djeung toeloej di makoetañ, tanda mangkoe nagara, sarta di djoengdjoeng kaloehoer, di bedakeun ti noe reja.

452. Tjalik dina korsi gading, di kěpětan koe parékan, ejar mantri noe ngawaloen, ngistrenan djoeměněng menak, djědoer marjém disada, gér tatabeuhan ngagoeroeh, para ponggawa ngoendjoengan.

453. Soesoegoehna ṣenggeus bidjil, walatra sakabeh dahar, ṣenggeus kitoe boebar bae, patih Gilingwěsi anjar, moelih ka pakoewoña, di pajoengan pajoeng agoeng, di iring epok lampitna.

454. Tatjan kawidijan moelih, rek di woeroek heula tata, tataning ngaheujeuk gawe, katjatoerkeun ṣenggeus lila, meunang satěngah boelan, oenggal peutig sok di woeroek, tataning mangkoe nagara.

455. Dina peutingan rek moelih, ki patih Soeraloedira ngadeuheus ka Praboe anom, di iring koe ponggawana, sědjana rek pamitan, sarěng namatkeun piwoeroek, woelang salamět nagara.

456. Di tjaliikeun dina korsi, di tjandak tjalik satata, ngandika

sang Praboe anom , kakang patih wékas koela, poma oelah di tinggal, piwoeroek anee kapoengkoer, malar salaméti nagara.

457. Menak tjara sirah tjai, samangsa kiroeh sirabna, ka hilirna kiroeh bae, oepama ti girang herang, ka hilirna ge herang, djeung deui moenggoeh noe agoeng, indoeng bapa sanagara.

458. Koedoe wélas koedoe asih, oelah bosénan miwédjang, koedoe kërsa ollok tombok, narekahkeun tjetjah-tjetjah, roegina mangke moeloeng, kaoentoengan dajeuk woewoeh, ana geus mampoech tjetjahna.

459. Noe djadi menak oepami, djalma anoe ngingoe koeda, koedoe gëten djeung toelaten, soepaja lintoeh koedana, djadi tétep bédasna, ana koeda koerang njatoe, tangtoe hengker tanagana.

460. Ngingoe koeda koerang hasil, ana koerang toelateña, di toempakan tereh mopo, toengtoengna leumpang hadarati, nya kitoe deui menak, lamoeña koerang hasil boemi, talikoer djadi koerang.

461. Di menak wadjibna adil, ari harti adil eta, ngagandjar ka djalma hade, njiksa ka djalma noe salah, tapi sanadjan salah, njiksa oelah ngoembar napsoe, koedoe satimbang dosana.

462. Reudjeung ari sarat adil, koedoe kërsa varagéman, mirémpoeg lampah abdi teh, nimhang dosa djeung siksaän, ana koerang rémpoegna, njiksana sarta djeung napsoe, kaliwat tina dosana.

463. Menak-menak koedoe sëngit, kana kalakoewau salah, tjara njéret reudjeung maen, maling atawa maehan, eta opat prakara, tangtoe poepoetjoeing roesoeh, slamat nagara roeksak.

464. Mapan énggeus aja boekti, radja Gilingwési teja, salakoe-lampahna goreng, moengkoer tina kabadejan, eta kitoe toeng-toengna, dajeuh koesoet sarta roesoeh, poma kakang masing jatna.

465. Patih anjar Gilingwési, ngawalon barina njembah, soemoehoen pisan kabartos, lérés sadawoeh gamparan, taja pisan loepétna, ugan moegi aja pangestoe, simkoering wérat noeróetan.

466. Keur pasēdjaän sim koering, di damēl pisan toeladan, piwoeroek gamparan kabeh, sēdja di estikeun pisan, Prahoe anom ngandika, kakang soekoer lamoen kitoe, sing jasa njan-dēt amarah.

467. Oelah kena djadi goesti, tingkah sakawēnang-wēnang, ngadolos bae kahajang, lamoen kagoengan kasoekan, oelah noe matak soesah, ngoesoetkeun ka oerang lēmboer, ngaroegei-keun kā ponggawa.

468. Ngarisikeun para mantri, koedoe saroewa meunangna, andjeun soeka koering atoh, tatapi hese katjida, kalampah radjaradja, napsoena anoe di goenggoen, amarah noe di angongan.

469. Kadjeun soesah anoe leutik, sok moen andjeun soeka manah, lamoen kitoe pētana teh, poopoetjoek nagara roeksak, eta moenggoeh di radja, moen hojong loeloes rahajoe, lampu kitoe di singkiran.

470. Djeung deui moenggoeh di goesti, oelah koerang ngamā-nahan, misahkeun hade djeung goreng, koedoe masing hejak pisan, karana loembrah djalma, lamoen di priksa koe ratoe, arang aja anoe waktja.

471. Pioendjokna sok di balik, hidēng di sēboetkeun bodas, tēgésna sanadjan goreng, pioendjoekna sae pisan, eta kitoe loembrahna, ngalap soekamanah ratoe, hanteu ngingēlkeun tēmahna.

472. Tapi lamoen ratoe soerti, manahna tēgoeh laksana, teu beunang di olo-olo, abdina meureun prajatna, lanjoeña di pariksa, sawaktjana kapiocendjoek, bodas di hatoerkeun bodas.

473. Hade goreng lampah abdi, bidjil ti watēk radjana, moen radja rērēs di olo, abdi hohong salawasna, salingkoeh sapandjangna, toengtoengna moenggoeh di ratoe, di bobodo saoemoerna.

474. Matoer patih Gilingwēsi, lērēs pisan salabiran, adatna radja bareto, jaktos kitoe nānakēran, di palsoe salawina, malah basa rek ngaroeroeg, ngoempoeleun heula ponggawa.

475. Djoeroe bade djoeroe oendi, kabeh pada di pariksa, pikersaeun ngaloeroeg teh, sadaja sami hatoeran, pada nangtoekun meunang, geus katorah dina toendoek, apes moesoeh djaja oerang.

476. Djoeroe bade djoeroe oendi, soemawon para ponggawa, pioendjoekna kitoe bae, pada ngaboeboengah manah, ngan poen lantjeuk sorangan, anoe nemahan ka ratoe, mondah pikir saenjana.

477. Reudjeung deui masing eling, oepama aja ponggawa, karésépna sok migoreng, mioendjoek salah kantjana, djeung mi-hade dirina, salah manehna di kandoeng, dosa batoerna di dadar.

478. Eta tanda djalma dengki, oelah pati di lindeukan, anggoer koedoe di pikapok, bisina mawa baroentak, reja radja tjilaka, lantaran tina ngagoegoe, pihatoer ponggawa tjidra.

479. Moenggoeh di radja teh wadjib, sadija pakarang perang, bédil toembak pédang pestol, baris ngaraksa nagara, tapi leuwih wadjibna, kagoengan rewang pirempoeg, ponggawa anoe sampoerna.

480. Nadjan reja toembak bédil, moen taja mantri oetama, nja tatjan sampoerna bae, pakarang teu bisa molah, lamoen hanteu koe djalma, nadjan djalma hanteu oeroes, lamoen hanteu koe atoeran.

481. Anoe ngatoer eta boedi, beresna djeung kapinteran, noe matak moenggoeh radja teh, koedoe kagoengan ponggawa, noe pintér bidjaksana, anoe poerah ngoeroes lakoe, soepaja reudjeung atoeran.

482. Anoe tinggal tina boedi, tangtoe djadi kabeuratan, soepama padati bae, tjoba roedjad kikipingna, tangtoe tambah beuratna, tandaning atoeran koedoe, anoe beurat djadi hampang.

483. Salijan tidinja deui, naon-naon kalakoewan, atoeran soepaja enteng, noe matak moenggoeh di menak, koedoe ngamanah-manah, malar tjaljah enteng oentoeng, toengtoengna meekti di menak.

484. Ari moenggoeh koering-koering, loembrahna pondok ingétan, mikir samaneheun bae, sakitoe ge pirang-pirang, sarta naon damélna, di nagara aja ratoe, lamoen teu ngoeroes abéina.

S I N O U.

485. Praboe anom keur miwédjang, kakang patih Gilingwési, masing njaäh ka noe dagang, masing asih ka noe tani, lantaran dajeuh moekti, dagang djeung tani rahajoe, hanteu reja palangan, noe matak hanteu ngadjadi, reja-reja halangan lantaran menak.

486. Tina reja teuing beja, soemawon tambah di djépit, moen radja koerang pariksa, dagang tani mowal moekti, kallampah noe geus boekti, reja noe ngadjoewal ratoe, ponggawa noe di bandap, nambahan komara goesti, poendoet-péndét sadoewit tambah saoewang.

487. Hanteu rek kerta nagara, reja rampog reja paling, koerang kénéjeng ngadjagana, eta djadi matak deui, halangan ka noe tani, ka noe dagang pon njakitoe, kawéntarkeun ka tatangga, jen didinja reja paling, hanteu aja noe datang dagang kadinja.

488. Djadi tiiseun dajeuhna, taja djalma mawa ridjki, noe matak moenggoeh di radja, wadjib toelaten ka abdi, kabeh koedoe kaloris, soeka doekana koe ratoe, lémboerna koedoe tata, pakajana kitoe deui, sawah-sawah djeung pépéłakan noe lijan.

489. Djambe kawoeng djeung kalapa, doekoe manggroe djeung katjapi, sarta sadjaba tidinja, naon anoe aja hasil, soepaja anoe leutik, saban tahoén tambah oentoeng, rendjeung ingon-ingonnan, domba émbe sapi moending, sarta koeda koedoe di gëdekeun pisan.

490. Di djeudjeuhkeun koe parentah, malar sarégép noe leutik, naon anoe djadi hama, koe menak koedoe di basmi, saperti adjag babi, boehaja badak djeung maoeng, bagong sarta

djeung badak, bema pakaja noe leutik, kékébonan hoemah tipar di raroeksak.

491. Mejong adjag djeung boehaja, eta djadi hama deui, ka ingon-ingon manoesa, malah ka djalma ge wani, noe matak ratoe wadjib, noempés boehaja djeung maoeng, oeseupan garogolau, soepaja datang ka basmi, oelah aja baroengau noe tjojtjoewan.

492. Readjeung deui poma kakang, njijeun djalan wara-wiri, noe téroes ka dajeuh lijan, ékeur djalma wara-wiri, sili kiriman ridjki, sarta djaga oelah roesoeh, paling rampog djeung begal, soepaja santosa abdi, oelah aja baroengan noe dadagangan.

493. Lamoen djalan reja begal, reja rampoeg reja paling, sasat hanteu aja djalan, noe ngaliwat hanteu wani, djeung oenggal-oenggal tjai, djijeun sasak anoe paloet, lamoen lèga wahangan, eretan atawa rakit, soepajana teu soesah noe lalar liwat.

494. Patih Gilingwesi njembah, noehoen sapangwoeroek goesti, sedja di lampahkeun pisan, mowal aja anoe kari, Praboe anom ngalahir, soekoer kakang lamoen kitoe, tatapi masing jatna, njanahan napsoe pribadi, reja-reja gogoda noe djadi menak.

495. Tina moerba kawasana, taja noe ngoengkoelan deui, reja anoe djadi menak, asal asih hade boedi, ari geus djadi goesti, bidjil adat ngoenbar napsoe, raosna kaljemékan, loembak-limboek reja doewit, koe djélëma di sëmbah koe sadjadzagat.

496. Kitoe marga lantaraña, anoe matak gantjang lali, tapi teu sagala radja, anoe babarijan lali, ari noe lantip boedi, beuki lila djadi ratoe, beuki sae manahna, ngalampahkeun hoekoem adil, abdi-abdi sadaja di angkeun poetra.

497. Panëda koela ka kakang, poma-poma oelah lali, oelah noeroet ka noe salah, nja niroe ka noe aradil, soepaja awet moekti, loeloës djadi wakil ratoe, djeung koela nëda maäp, reh njanggakeun témah-wadi, pirang-pirang moegi kakang masing rila.

498. Noe matak ngahatoëanan, sijeun kakang hanteu adil, kawoela noe katëmpoehan, miloe nganijaja koering, sababna

ĕnggeus boekti, kawoela ijeu noe nanggoeng, patih Soeraloe-dira, ngawalon soemoehoen goesti, moenggoeh abdi darma djadi wawajangan.

499. Pangeran Dewakoesoemah, djeung ki patih Gilingwesi, paoengkoe-oengkoe doewaan, tjalik dina korsi gading, dongkap ka tengah wĕngi, misaoer elmoening ratoe, hempak para ponggawa, mantri-mantri Gilingwesi, soeka ati pisan ngoeping keun piwĕdjang.

500. Patih Gilingwesi njembah, manawi paidin goesti, koe-ring soemĕdja moendjoengan, sĕdja boedal peuting-peuting, Pra-hoe anom ngalahir, kakang mangga oerang moendjoeng, sarĕng koela wewĕkas, lamoen mangke geus papanggih, poen Andaka poma oelah di paehan.

501. Kintoenkeun kadijeu enggal, kawoela hajang papanggih, patih Gilingwesi njembah, soemangga sakërsa goesti, toeloej sri Gilingwesi, moendjoengan pamitan moendoer, kabeh para ponggawa, mantri-mantri Gilingwesi, pada moendjoeng geus kitoe kabeh baroedal.

502. Tambah gĕgĕk dajeuh Tjĕmpa, anoe tani soegih moekti, anoe dagang beurat beunghar, soemawoña para mantri, kongas kamana mĕndi, dajeuh Tjĕmpa woewoeh gĕmoeh, moerah sandang djeung pangan, noe leutik taja karisi, di djeudjeuhkeun koe menak lakoe-lampahna.

503. Praboe anom miwarangan, njaoer aki djoeroetani, han-teu lila djĕboel datang, barĕng djeung nini sakali, ngadeuheus indit sirib, anak intjoe sarta boejoet, pada mawa tanggoeng-an, taleus djagong reudjeung hoewi, roepa-roepa paseba ti oerang hoema.

504. Di boemi karang kapoetran, pinoeh semah oerang sisi, iridan ki pangĕboran, sĕmoena kaget teh teuing, neuleu parabot boemi, pĕti panganten haroeroeng, soesoen patoempang-toempang, eunteung gĕdena ngahapit, sĕmoe doesoen mando djeung nanggeuj gadona.

505. Sili towel djeung hatoerna, nanggeuj gado bari ngapi, neuleu kalangkang sorangan, dina eunteung eukeur ngopi, sili tjiwit djeung seuri, towal-towel toendjak-toendjoek, Praboe anom ngandika, bageja aki djeung nini, bérkah aki koela aja oge bagdja.

506. Aki reudjeung nini njembah, di djoengdjoeng pisan koe aki, moegi salira gamparan, montong eling kana moelib, tétèp nja di pigoesti, di Tjëmpa djoeméneng ratoe, kabeh para ponggawa, soenawoña abdi-abdi, sami soeka di ratoewan koe gamparan.

507. Praboe anom ngawalonan, koela ge hanteu rek balik, lamoen tétèp di pimanah, koe kangdjeung rama narpati, matoer ki djoeroe tani, soekoer goesti lamoen kitoe, mènggah rama gamparan, tangtoe mimanah teh teuing, wantoe-wantoe teu kagoengan deui poetra.

508. Toeloej Paraboe anom njandak, panganggo sarawoeh doewit, maparin ki pangébonan, atoheun aki djeung nini, ngan meunang doewa peuting, geus kitoe pamitan moendoer, aki nini saroeka, boga keur ngaitkenn pikir, djoeroe tani ngawoelana torodjogan.

509. Pangeran Dewakoesoemah, oenggal-oenggal sénen këmis, magëlaran koekoempolan, djeung kabeh ponggawa mantri, mirëmpag hal prakawis, moetoeskeun noe padoe-padoe, langkoeng kërtaning djaman, taja rampog arang paling, Praboe sëpoel ka mantoe woewoeh asihna.

510. Praboe anom ras kelingan, kér basana moerang kalih, ras ka iboe ras ka rama, njoeroeloek tjisotja bidjil, kaget poetri ningali, jen raka nangis njoeroeloek, poetri naros ka raka, koe naon kakang teh nangis, di walonan ingét ka djaman baheula.

511. Ras ka iboe ras ka rama, kakang geus lawas teh teuing, nja ninggalkeun imah tangga, ajeuna kakang geus moekti, tina lantarán njai, di sëmbah di agoeng-agòeng, ari iboe djeung rama, di Sokadana prihatin, sarta mèdëng kakang hanteu meunang bedja.

512. Geus poepoes atawa tatjan, seeka atawa pribatin, kitoe anoe matak kakang, nalangsa tjimata bidjil, nji poetri miloe nangis, doewaan patingsalégroek, ki Djanggali Djanggala, loewa-léwe ngiring tjeurik, Praboe anom ngalahir ka ki Djanggala.

513. Pageto maneh Djanggala, leumpang mawa soerat aing, sarta reudjeung kikiriman, hatoerkeun ka ama patih, pangango reudjeung doewit, baris ka ama djeung iboe, tapi maneh sorangan, montong baréng djeung Djanggali, aing keueung di tinggal koe doewanana.

514. Ki Djanggala tjedok njembah, koering teu kadoega teuing, leumpang sakitoe djaoehna, ngan woengkoel koering prihadi, teu mawa batoer bidji, ngorang leuweung meuntas laoet, djeung asoep panistaän, moen koering manggih balahi, mowal aja pisan djalma noe noeloengan.

515. Balik salira gamparan, mowal sépi mowal risi, di sempah koe sadjad jagat, abdi awewe lalaki, Praboe anom ngalahir, eta hénér énja kitoe, tapi sanadjan reja, panakawan sedjen deui, kā inanéh maki doewaan mowal katalang.

516. Ari pibatoereun teja, eta bae djeung Bramani, oetama kabina-bina, meureun pada bela pati, bejak pertjaja pikir, ki Djanggala njembah matoer, lamoen sareung eta mab, koering oge hanteu risi, toeloej bae njaoer ki Démang Oerawan.

517. Hanteu lila djéboel dongkap, ngadeuhheus ka linggih goesti, njaoer sang Démang Oerawan, he adi Daheng Bramani, lamoen reumpoeg djeung pikir, taja halangan di poengkoer, ajeuna kakang nitah, mawa soerat djeung kikirim, djeung Djanggala ka nagara Sokadana.

518. Ngawalon démang Oerawan, salamina djisim koering, ngan ngantos-ngantos timbalan, taja deui noe di pikir, tibeurang djeung tipeuting, ngab sédja manggöel pioeloes, celah moen wates lara, sanadjan dongkap kapati, hanteu pisan koering rek moengpang timbalan.

319. Saréngna kërsa gamparan, koe koering langkoeng karing ngintoen ka iboe ka rama, sang Praboe anom ngalahir, pageto adi indit, djeung Djanggala soeboeh-soeboeh, ladjeng harita njérat, kijeu oenggél eta toelis, sérat koela Pandjiwoeloeng poetra rama.

320. Katoer kang iboe kang rama, anoe djoeméneng papatih, di nagara Sokadana, dajeuh rama soegih moekti, kaoelanoen djisim koering, sedja njanggakeun pioendjoek, ka kërsa kang-djeung rama, lalampahan diri koering, reh ajeuna geus aja di dajeuh Tjëmpa.

321. Saréng gadoeh pamadjikan, ka Andajaningrat poetri, poetra radja dajeuh Tjëmpa, di loemajankeun nya diri, saréng ajeuna koering, djadi wawakil sang Praboe, sarta di gadang-gadang, ngagéntos djéneng hopati, ajeuna ge sasat énggeus djadi radja.

322. Di leler dajeuh sabeulab, Praboe anom njakrawati, eta sadaja-dajana, kabagdjaän diri koering, taja lijaña deui, kadjawi hibaring sëpoeh, piwoereek kangdjéng rama, noe di lampahkeun koe koering, moegi-moegi woewoeh tambah mamanisna.



323. Saréng sérat ijeu djisim koering, ngahatoerkeun kagé-gelan manah, warni harta djeung panganggo, anggoweun rama iboe, saréng aja sawareh deui, eukeur bade ka éma, tanda koering hiroep, saréng tanda gégél manah, reudjeung deui lalampahan diri koering, poerwa doegi wékasan.

324. Saoepania ama hojong tingali, tetelana soemangga mariksa, ka ijeu Djanggala bae, djeung awon teu kaoendjoek, ijeu ngaran Daheng Bramani, toeroenan Boegis radja, tépoeng-

di parahoe, djadi wawoeh loma pisan, goelét roekét sapapait samannis, sabagdja satjilaka.

525. Koering djadi pangeran dipati, ijeu djadi ki dēmang Oerawan, di djadikeun loerah gandek, tēgēs bela toemoetoer, kawas doeloer asal sabibit, pasēdjaän kang poëtra, moen loeloes rahajoe, kang poetra mangkoenagara, ki Oerawan mangke di djénengkeun patih, marentah pra ponggawa.

526. Sanggeus tamat praboe anoin noelis, di lelerkeuu ka dēmang Oerawan, sarta doewit djeung pangango, ēnggeus dongkap ka waktoe, toeloaj mijang Daheng Bramani, rewanga ki Djanggala, indit soeboeh-soeboeh, sigēgkeun noe karek mijang, katjatoerkeun di Sokadana ki patih, sadjēngkarna poetrana.

527. Raden patih hanteu pisan lali, heurang peuting taja noe katjipta, ngan eling ka poetra bae, ki Pandji Lembōeweloeng, nēda-nēdana raden patih, ka noe moerba wisesa, moega Pandji Woeloeng, salamēt manggih daradjat, katjatoerkeun sadjēngkarna raden Pandji, patih kagoengan poetra.

528. Kabēnran poetrana lalaki, di ngaranan ki Pandji Pamēkas, moerangkalih kasep koneng, kalangkoeng matak loetjoe, toeloej radja Dewakeswari, tjilik ka kapatihan, karsana sang ratoe, ngalajad ka noe poetraän, barang soemping moerangkalih katingali, kajoengjoen manah radja.

529. Toeloej bae sangradja ngalahir, ka ki patih eta boedak teja, ajeuna di penta bae, koe kakang rek di koekoet, soegan parēng djeung titis-toelis, mangke ngaganti kakang, rehna kakang loepoet, gaboeg hanteu boga anak, raden patih njēmbah ngawalon ka goesti, koering ngan darma anak.

530. Kabeħ-kabeħ hanteu langkoeng goesti, nadjan koering kagoengan gamparan, toeloej radja mangkon orok, di timang di papangkoe, radja moelih djeung moerangkalih, katjatoe lila-lila, moerangkalih moeloes, sang radja langkoeng asihna, hanteu karsa pisah ti beurang ti peuting, sarta njēboetna rama.

531. Kjahi patih hatoeran ka goesti, mĕlas-mĕlas mioendjoek poetrana, goesti pangapoentĕn bae, moegi teu djadi bĕndoe, eta lampah abdi poen Pandji, moegi oelah katjida, koe goesti di goenggoeng, di antĕp sakahajangna, bisi djadi songong njaloentang ka goesti, tĕmah matak doraka.

532. Djeungna deui moenggoeh boedak leutik, sok noeroetkeun koemaha biasa, lamoeña toeman di ogo, sakarépna di toeroet, mangke kolot nja kitoe deui, nganteur sakahajangna, tara njandĕt napsoe, djalma tjara tatangkalan, leuleus oge lainoen tangkal masih leutik, di pĕroehkeun sok beunang.

533. Reja-reja tjontó noe geus boekti, poetra-poetra radja noe basangkal, nganteur kahojongna bae, tina asal di goenggoeng, djadi toeman ti moerangkalih, hanteu njandĕt amarah, sok ngaladjoer napsoe, tĕtĕp datang ka sĕpoehna, hanteu jasa njandĕt napsoena pribadi, eta kitoe loembrahna.

534. Radja Dewakeswari ngalahir, leuwih hade, si Pandji ajeuna, panjijeunkeun ĕnggon sedjen, sarta berejan goeroe, noe binangkit reja pangarti, soepaja di pagahan, saniskara elmoe, djeung deui eta goeroena, koedoe here rĕdjeki datang ka mahi, masing djongdjon magahan.

535. Langkoeng soeka-boengah raden patih, reh di manah kabeh pioendjoekna, toeloej moendoer ti kadaton, kalowear oeroes-oeroes, njijeun boemi keur raden Pandji, sarta milih goeroena, noe pintĕr noe ampoeh, noe hade lakoe-lampahna, katjatoerkeun goeroe noe pintĕr geus manggih, pakoewon geus sadija.

536. Raden Pandji Pamĕkas geus tjalik, di pakoewon kĕrang pamoelangan, oenggal peuting oenggal pôwe, di woeroek elmoe-elmoe, hanteu pati di bere oelin, di tjandĕt kahajangna, di pĕrah di pĕroeh, oenggal powe tambah-tambah, kapintĕran tindak-tandoek tata-titi, kadajan kaprawiran.

537. Raden patih hanteu pisan lali, ka poetrana noe eukeur ngoembara, rehna inĕdĕng taja tjrijos, rahaden patih njaoer,

ka garwana misaoer Paudji, njai nineung katjida, ka ki Pandjiwoeloeng, ᨕnggeus sakijeu lawasna taja bedja, ngan eukeur anjaran indit, bedja maehan adjar.

538. Ka tjaroge ngawalon nji patih, koela kakang tadi meu-nang hedja, ti sodagar dagang tjinde, poelang ngoembara dja-oeh, bebedjana teu pati sidik, ngan aja hawañ-hawar, di Tjēmpa sang praboe, mantoewan ka noe ngoembara, asal tina gandjaran meunangkeun poetri, eta kitoe bedjana.

539. Térka koela soegaña ki Pandji, tjarogena ngawalon ka garwa, lainoen poegoeh kitoe atoh, sabot keur goeném tjatoer, raden patih reudjeung nji patih, ki Djanggala bol datang, ki Daheng teu kantoen, koe ki patih geus katingal, tapi raden patih ka Djanggala pangling, hanteu enggal di sambat.

540. Ki Djanggala njembah bari tjeurik, ijen koering poen Djanggala teja, koe raden patih di rontok, mana si Pandjiwoeloeng, reudjeung adi maneh Djanggali, Djanggala ngawalon-an, ari Pandjiwoeloeng, aja di nagara Tjēmpa, ᨕnggeus djēnēng praboe anom njakrawati, sim koering di piwarang.

541. Mawa sérat saréng djeung kikirim, ka gamparan panganggo djeung harta, ka raji nja kitoe keneh, saréng' ka nji mas Toendjoeng, raden patih soemégroek nangis, njai patih midangdam, nji Toendjoeng soemégroek, di pakoewon kapatihan, rame tjeurik oerang pawan eusi boemi, tina bawaning waäs.

542. Ki Djanggala saréng ki Bramani, ngahātoerkeun sérat djeung kintoenan, koe ki patih geus di ilo, nangis bari djenng imoet, tina soeka kawanti-wanti, nji patih miloe matja, sérat Pandjiwoeloeng bari rambaj tjisotjana Toendjoengsari, njisih masang geus tarapti, toeloej ngarijoeng dahar.

543. Sanggeus beurang kaganti koe peunting, ki Oerawan, geus di tētēbahan, di pērnahkeun hade-hade, soeka garoeném tjatoer, noe di tjatoer lalakon Pandji, tina mimiti angkat, taja noe kalaroeng, lēbah Pandji nēwēk adjar, raden patih goemoe-djēng saréng nji patih, tina bawaning poewas.

544. Lébah Pandji tépoeng djeung Bramani, di parahoe raden patih soeka, soemawon lébah tatanen, lébah pérang di goenoeng, djeung panglima oerang Banggali, meunang Andajaningrat, soekana kalangkoeng, noetoepkeun soeka-boengahna, lébah Pandji djadi pangeran dipati, moerba saparo Tjémpa.

545. Bangét soeka-manali raden patih, kitoe deui nji mas Toendjoeng teja, moedji soekoer ka jang manon, rahaden patih njaoer, moegi loeloes bagdja ki Pandji, djadi radja di Tjémpa. dajeuh rame gémoeh, reja hasil kaoentoengan, njakrawati balad sasama hopati, leuwih ti Sokadana.

546. Ki Djanggala saréng sang Bramani, énggeus lawas di Sokadanana, oenggal peuting oenggal powe, kari di rijoeng-rijoeng, koe ki patih koe njai patih, nji Toendjoeng hanteu anggang, di tanggap tjatjatoer, tjatjarita lalampahan, teu kaliwat di tetek di hoelak balik, geus meunang doewa boelan.

547. Ki Djanggala saréng ki Bramani, geus pamitan rek moelang ka Tjémpa, mélang koe dipati anom, raden patih katjatoer, énggeus njérat bade ka Pandji, oenina eta sérat, ijeu sérat katoer, kasalira linggih poetra, praboe anom Bahoadénda njakrawati, senapati ngalaga.

548. Saréng pirang-pirang soeka-atí, bapa énggeus tampi kí-kintoenan, roepa harta djeung pangganggo, bapa kaliwat soekoer, noe di téda beurang djeung peuting, ka noe moerba wisesa, eta ngan sakitoe, moega-moega manggih dradjad, tapi poma oelab rek lali ka djangdji, wéwékas bapa teja.

549. Bapa soekoer tatapi aringgis, wantoe-wantoe padjaoeh djeung bapa, djéneng di nagara sedjen, bisi aja noe giroek, noe panastren doekehna moekti, waték adat manoesa, aloerna kapoengkoer, loewangna katoekang-toekang, sok istrenan koedoe idjid ka noe moekti, sok ngewa 'ka noe moelja.

550. Koedoe bae di djaga di pikir, leuwi djéro radjeun katleuleuman, ari hate djalma goreng, teu katembong kasoe-roep, leuwih djéro ti batan leuwi, koedoe pikir rangképan,

oelah sok saladjoer, tatapi ari batīna, koedoe asrah ka noe moerba boemi langit, jang soekma djati moelja.

551. Reudjeung deui poma oelah lali, doemeh ēnggeus di parinan moelja, poma mangka hade-hade, rasa mantēn geus poendjoel, tinggal jatna djeung taki-taki, malah koedoe di tambah, ti kapoengkoer-poengkoer, karana ēnggeus tetela, balahina gēde menak batan koering, kitoe deui bagdjana.

552. Ka noe leutik taja anoe pidik, noe malarat taja anoe ngewa, noe beunghar reja noe djéleh, djeung deui moenggoeh ratoe, koedoe awas ka lakoe mantri, lamoen aja ponggawa, anoe langsoeng langgoek, mowal beunang di pērtjaja, djadi tanda pare djotjong taja eusi, hapa taja gawena.

553. Moentjoegoegna tanda koerang boedi, aja deui sahidji oepama, lodong noe ngēntroeng sok kosong, djalma eta nja kitoe, anoe rahong tara di eusi, moen manggih pagawejan, noe bangga noe ewoeh, teu aja pisan antekna, eta kitoe noe koe bapa geus kapanggih, beunang di djiyeun loewang.

554. Reudjeung deui lamoen andjeun manggih piambēkeun, koedoe koewat naham, reureuhkeun oelah di dolos, karana moen di ladjoer, napsoe eta narik balabi, tina tinggal pana-lar, toengtoengna kadoehoeng, anoe ēnggeus kapilampah, tapi loembrah keur napsoe tajā pamilih, mana koedoe singkahan.

555. Adat djalma loembrah menak koering, moen ngadenge omong noe teu ngeunah, ngēng-ngeng katorekan bae, gētih na-ek kaloehoer, ngēntab ati hajang nampiling, lamoen koerang koewatna, kalindih koe napsoe, daekeun oge pek noembak, napsoe lilir kadoehoeng kakara bidjil, tiwas ngoembar amarah.

556. Prabot gēde di manoesa eling, noe disēboet manoesa prawira, ēnja eta tēgēsna teh, noe koewat njandēt napsoe, gede ambek di sēboet djedjērih, kadjarah koe amarah, kabaoed koe napsoe, moen kadaṭangan amarah, anggoer ebog atawa tinggalkeun iudit, ngadagowan lilirnə.

557. Ambek eta ana enggeus bidjil, ngaboeroeboel hese di

tjandētna, koedoe datang ka pek njabok, ari mangke kadoehoeng, ēnggeus lilir tangtoe kapikir, hade njandet amarah, aja teu kadoehoeng, djeung deui pepeling bapa, ka geureuha koedoe pisan wēlas asih, masing gede timhangan.

558. Djatnikakeun sapatoetna diri, oendak oesoek teu beunnang dipapak, koering menak sedjen-sedjen, moenggoeh geureuha ratoe, djatnikana nja lain deui, djeung garwa pra ponggawa, beda teu sapatoet, soemawon moenggoeh andjeun mah, paribasa njalindoeng ka geloeng istri, koedoe jasa katjida.

559. Masing jasa ngala manah istri, meuli-meuli kahojong geureuha, tapi oelah tinggal bobot, sakintēn anoe patoet, oelah kena asih ka istri, di toeroet sakērsana sanadjan teu patoet, lamoeña kitoe pētana, djadi tanda poepoetjoek ngaroeksak adil, mawa tiwas salira.

560. Oelah pisan njatjandak ka istri, dina lampah mirēmpag nagara, nimbang ka noe hade goreng, karana ēnggeus tangtoe, moenggoeh istri koerang pamilih, reja-reja toeladan, ratoe noe kapoengkoer, sok ngandēl teuing ka garwa, tjlakana kabawa koe polah istri, eta masing prajatna.

561. Reudjeung oelah reja teuing sēlir, noengtoen kana tjerewed nagara, reja tjonto noe kalakon, abdi kabēndon ratoe, tina djalan parēkan sēlir, toerta lamoen di manah, salah oge ratoe, teu nimbang ka sahwat djalma, sabab koedoe awewe tjampoer lalaki, koedoe oge di manah.

562. Poma-poma oelah hanteu eling, ka sakabeh pepeling piwoelang, ajeuna ngan kantoen nganggo, tangtoe manggih rahajoe, lambat-lamboet djadi bopati, radja pakoe nagara, di sēmbah di soehoen, djeung deui ajeuna bapa, sēdja waktja ngababarkeun lampah Pandji, oelah rek kaget manah.

563. Andjeun oge ēngeus meunang ḫarti, ti Djanggala Djanggali tetela, jen bapa ngan ngoekoet bae, tegēs poetra sang praboe, ari iboe nji Toendjoengsari, iboe meunang pitēnah, kabēndon koe ratoe, di istorikeun pawarang, di padjarkeun djinah ka mantri Panoli, sarta timbalan radja.

564. Doewanana koedoe di pareuntjit, akal bapa tina panteg welas, toeloej di soempoetkeun bae, ki Panolih di toendoeng, eta kitoe tjarita tadi, ari bapa pernahna, misan djeung sang praboe, toenggal ejang misah rama, bapa soekoer si adjar enggeus di peuntjit, eta noe njijeun baja.

565. Noe sailon reudjeung prameswari, adjar tampa roeroeba pawarang, soepaja ngénjakeun bae, tapi djadi pitoeloeng anoe matak andjeun prihatin, lantaran meunang bagdja, marga tina kitoe, djeung deui ajeuna bapa, sa bral andjeun bapa anakan lalaki, ngaran Pandji Pamékas.

566. Eta boedak di poendoet koe goesti, raina andjeun radja Sokadana, di koekoet aja di djéro, di piasih koe ratoe, tapi moenggoeh bapa pribadi, hanteu pisan katalang, atawa kali-poer, ka andjeun taja mëndana, gégél owël beurang peuting hanteu lali, magatroe ganti témbang.



567. Raden patih geus njérat toeloej di toetoep, di tampi koe Bramani, sarta geus di leler sangoe, geus dangdan toeloej arindit, pada njoesoetan ttipanom.

568. Njai patih saréng eta nji mas Toendjoeng, pada ebog narangis, njoeoeh bari ségrak-ségroek, manahua eling ka Pandji, noe geus djadi praboe anom.

569. Sigég anoe keur sarocah ten katjatoer, kotjap sang Adipati, Praboe anom langkoeng-langkoeng ngantos-ngantos sang Bramani, geus lawas tatjan geura bol.

570. Enggeus leuwih doewa boelan tatjan tjoendoek, bowa manggih balabi, sabot keur ngamanah kitoe, ki Djanggala djeung Bramani, dongkap njanggakeun pangbaktos.

571. Praboe anom boengahna kalangkoeng-langkoeng, adi

Daheng Bramani, kakang mēlangna kalangkoeng, naba lawas-lawas teuing, tjik pada geura tjarijos.

572. Ki Bramani njanggakeun sērat kikintoen, noen ijeu djisim koering, njanggakeun sērat kikintoen, walonan ti rama goesti, sēratna toeloej di ilo.

573. Di aösna bari tjisotja moeroeboet, kagagas manah goesti, sēratna datang ka tjiproek, di soesoetan bidjil deui, bawaning nineung bog ebog.

574. Bari ebog ngilo sērat sēgrak-sēgroek, sang poetri miloe nangis, toeloej praboe anom njaoer, ka Djanggala djeung Bramani, maroelang bae ka pondok.

575. Mangke sore kadarijeu deui koempoel, djeung Daheng Bramani, djeung Djanggala geus maloendoer, kantoen pangaran dipati, maos sērat bari ebog.

576. Katjatoerkeun panon powe ēnggeus soeroep, beurang kaganti koe peuting, ki Djanggala ēnggeus tjoendoek, saréng ki Daheng Bramani, bade di tanggap tjarijos.

577. Praboe anom enggeus tjalik dina bangkoe, ngagedeng-keun sang poetri, parékan hempak di poengkoer, Djanggala saréng Bramani, ngamimitijan tjarijos.

578. Gémét pisan hanteu aja noe kalaroeng, salampahna noe kapanggih, sadajana kapioendjoek, salampahna raden patih, kagagas sang praboe anom.

579. Praboe anom soeka manahna kalangkoeng, sarehna rahaden patih, poetraän pamégét moeloes, sarta di koekoet koe goesti, estoe pitoeloeng jang manon.

580. Praboe anom ngandika sadjroning kalboe, moega paréng djeung toelis, si Paměkas pandjang oemoer, sarta pintér lantip boedi, baris ngaganti kaprabon.

581. Karadjaän Sokadana mangke toeroen, djadi pamalés asih, bapa patih anoe ngoekoet, ngahandjat tina balahi, tampa pamoelang kāraton.

582. Lamoen hanteu koe bapa patih di toeloeng, ēma meureun di peuntjít, da kami eukeur di kandoeng, lahirna mowal ngadjadi, ēma maot kami komo.
583. Djeungna deui bapa patih noe ngawoeroek, saniskara pangarli, marga sakijeu rahaijoe, moen hanteu koe bapa patih, nadjan hiroep oge bodo.
584. Enggeus peuting noe ngadeuheus widi moendoer, Pangaran adipati, djeung garwana geus arasoep, kajoengjoen poetra djeung poetri, estoe lajeut manggih rēpok.
585. Praboe sēpoeh kalangkoéng asih ka mantoe, poetra ngan hidji istri, sok rēmēn pisan di saoer, ka mantoe rēsep ningali, raos asa nanggeuj ēndog.
586. Inggis hanteu djeung garwana loeloes roentoet, rēmēn pisan sang poetri, di woeroek djalan rahajoe, sangkan rapih laki rabi, soepaja pandjang nja djodo.
587. Hidji mangsa sang radja poetri di saoer, di woeroekan koe goesti, kijeu lahirna sang praboe, he Andajaningrat poetri ingétkéun oelah rek poho.
588. Wantoe maneh anak noe mangkoe kadaton, bisi boga pikir dir, boga rasa anak ratoe, ka salaki teu padoeli, wani njaloentang djeung songong.
589. Oelah kitoe sanadjan poetraning ratoe, lakijan kapangarit, sembah soemoengkémna koedoe, lalaki panoetan istri, sanadjan moenggoeh di sato.
590. Sapi bikang tangtoe kapoerba koe lémboe, eta djadi oepami, totonden toeladan estoe, hajam pon njakitoe deui, babon kapoerba koe djago.
591. Ka salaki koedoe njaäh sarta noeroet, koedoe njaho di boedi, moen salaki sémoe poendoeng, pikiran diri pribadi, naon noe matak kabéndon.
592. Moen karasa kalakoewan maneh loepoet, montong di pikir deui, geuwat-geuwat něda maloem, oepahan koe boedi manus, oelah rek kadalon-dalon.

593. Djeungna deui di awewe eta koedoe, bérseka ngoeroes diri, soepaja di pikaloeljoe, oelah baoe hapeuk tēngi, soepaja roentoet sadjodo.
594. Maneh koedoe ingét lantaran rahajoe, lamoen hanteu kapanggih, koe salaki maneh tangtoe, toeloej di bawa koe maling, djeung ama geus boga omong.
595. Rek seseren karadjaän ka minantoe, oentoeng maneh pribadi, meunangkeun toeroenan ratoe, kasep pintér lantip boedi, mana koedoe oelah songong.
596. Oenggal tēpoeng kitoe woeroekna sang praboe, djeung pangeran dipati, ka geureuha langkoeng roentoet, sang poetri langkoeng goemati, djaoeh pisan kana songong.
597. Katjarita sri bopati sēpoeh ngangloeh, kasawat panas tiris, sagala doekoen di këloen, tapi taja anoe matih, pēpék saniskara landong.
598. Praboe anom djeung garwa di djero toegoer, hanteu moelih ka boemi, di djro poera djédjél pinoeh garwa ponggawa djeung mantri, doekoen këmit hanteu towong.
599. Kangdjeung sēpoeh kasawatna tambah madjoe, abdi-abdi prihatin, njamarkeun andjeun sang praboe, raos geus něpi ka djangdji, kërsa masihkeun kaprabon.
600. Toeloej njaoer ka papati kangdjéng sepoeh, ponggawa para mantri, ngabeuhi rangga toeměnggoeng, di pakaelémān ngabarisi, poetri kanti praboe anom.



601. Kangdjéng praboe sēpoeh njaoer, he patih ponggawa mantri, ajeuna kami wasijat, njerенkeun karaton kami ka ijau Dewakoesemah, salakina njai poetri.
602. Poma kabeh pada noeroet, goemoesti tjara ka kami, oelah

owah koemowoela, toenggal keneh anak kami, kami hanteu boga anak lalaki ngan mantoe hidji.

603. Djeungna deui leuwih patoet, tina pintér lantip boedi, pérjoga ngoeroes nagara, toenggal toeroenan boepati, pra pong-gawa ngawalonan, ngiringan sakérsa goesti.

604. Ngawalon bari soemégroek, sakabeh pada narangis, soemawon poetra djeung garwa, praboe anom njai poetri, toengkoel njoesoetan tjisotja, gedengeun rama narangis.

605. Radja sépoeh deui njaoer, bari ngoesapan nji poetri, inastaka di oesap-oesap, he anak ama nji poetri, masing bisa koemawoela, adép-idép ka salaki.

606. Awewe eta geus tangtoe, kapoerbana koe salaki, maneh oelah boega rasa, doemeh poetri mangkoe boemi, anak noe boga nagara, hanteu hormat ka salaki.

607. Soemawon lamoen kér napsoe, njatjarekeun ka salaki, njébot-njébot ka nagara, reh maneh noe boega milik, eta moen kitoe pétana, djalan-djalan moewal rapih.

608. Poetri ngawalon soemégroek, doemareuda bari nangis, soemoehoen djijad gamparan, noe di téda beurang peuting koering moega tétep sabar, nja ngawoelaän salaki.

609. Sang radja njaoer ka mantoe, anak ama ki dipati, ama njérahkeun nagara, sarawoeh diri nji poetri, moega gëde nja hampoera masing roentoet laki-rabi.

610. Praboe anom njembah matoer, ngawalon barina nangis, moegi oelah sémang manah, prakawis diri nji poetri, lara bagdja sasaréngan, di damél djimat paripih.

611. Djijad gamparan di soehoen, moegi tétep laki-rabi, sa-réng djisim koering soempah, mowal gadoeh bodjo deui, sana-djan ninggal ti heula, poetra gamparan nji poeiri.

612. Tan wande satoetoep oemoer, mowal gadoeh bodjo deui, ari prakawis nagara, sim koering ngan darma wakil, ngoeroes lakoe kaädilan, nji poetri noe gadoeh milik.

613. Nji poetri hatoer soemamboeng , moen koering sédja soempah deui, moen kakang tilar tihela, teu sédja lakijan deui, oelah wénang kawarasan , lamoen koering gindi pikir.
614. Langkoeng boengah radja sëpoeh, ngadangoe soempah nji postra , saréng soempah raden poetra , toeloej bae njandak Tjingtjin , sositja ratna komala , djimat poesaka nagari.
615. Di paparinkeun ka mantoe, koe praboe anom di tampi , di anggo meudjeuhna pisan , keur dasar kasep ti tadi, nganggo lélépen goemébjar , matak serab noe ningali.
616. Radja sëpoeh geus ngahandjoe , poopoet adjal titis-toelis, ejar istri noe midangdam , para garwa tingdjarérit , rame sadjeroning poera , istri-istri wara-wiri
617. Ngagoeroeh nitirkeun bëdoeg , tanda kapoepoesan goesti , goejoer sanagara Tjëmpa , oerang sisi wara-wiri , sang radja geus di kaloewat , koemaha tali paranti.
618. Sanagara Sjëmpa aloem , ponggawa sédih prihatin , soemawon poetra djeung garwa , ngan aja panglipoer sédih , doemeh pigéntoseuñana , geus kawangwang bakal adil.
619. Bale-bandoeng asa soewoeng , pantjaniti asa sépi , nagara katilar radja , meunang opat poeloeh peuting , geus matang poeloeh waktoena , pra bopati koempoel deui.
620. Bade ngadjénengkeun praboe , karasmen énggeus tarapti , tatabeuhan geus sadija , raden patih tata baris , natakeun para ponggawa , démang rangga djeung ngabeui.
621. Sarawoelh para toemenggoeng , kërsana rajaden patih , mapag ka karang kapoetrana , djéngkar pra ponggawa mantri , mélengkoeng oemboel-oemboelna , lawe rontekna ngabaris.
622. Ngagoeroeh gëndaug djeung tamboer , saroni tarompet soeling , kaparék djeung oepatjara , ngapit kasinoman goesti , di poengkoer epok lampitna , mantri anom anoe ngampil.
623. Bral ngabantaj broel ngagimboeng , aleutan noe mapag goesti , djampana di hoeloe naga , ékeur titihaneun goesti , rentek sisit di banjoemas , matak serab noe ningali.

624. Sang praboe anom katjatoer, geus nganggo reudjeung sang poetri, nganggo-*nganggo* karadjaän, makoeta patingkarétip, kaprabon nagara Tjémpa, di taretes inten boemi.

625. Sang poetri deui nja kitoe, geus nganggo panganggo istri, ngagém kaprameswarijan, djamang tarate noe manis, sigér kantjana noe endah, kasmaran anoe ningali.

ASHABANDANA.

626. Geulang kangkaloeng noe leuwih, di taretes intén moebjar, sanggeus parantos noe nganggo, djéboel datang anoe mapag, teu lila ladjéng djéngkar, nitih djampana noe hoeroeng, doer bédilna tjloeng angkloengna.

627. Tamboer tarompet djeung soeling, ngagoeroeh sora gamelan, salendro renteng djeung pelog, pintérrna papatih Tjémpa, entep natakeuñana, teu pasélang teu pasoeroep, moeng-goeh heula pandeurina.

628. Toeménggoeng rangga ngabeui, maridang taroenggang koeda, djéngkarna ti kadipaten, ngaliwat di kapatihan, sésék djédjél di djalan, geus tjoendoek ka aloen-aloen, sada barondong bédilna.

629. Soerakna asa kaindit, ngagoeroeh ajeuh-ajeuhan, geus ngaliwat di babantjong, loengsoer di latar paméngkang, tjalik di singgangsana, ngarijoeng para toeménggoeng, ngadjadjar para ponggawa.

630. Kangdjéng pangeran dipati, tjalik di malige rétna, saréng garwana ngarendeng, ladjéng raden patih njandak, makoeta karadjaän, di térapkeun sarta njaoer, sang poetri di angkat radja.

631. Ngaembankeun raden patih, ngadéng maos bijantara, he para ponggawa kabeh, sang poetri Andajaningrat, djadi ratoe di Tjémpa, saha-saha noe teu taloek, kami pilawaneuñana.

632. Satrija para boepati, sadaja sami ngistrenan, jen poetri anoe djéneng teh, djédoer marjém gér gamélan, tanda djoeméneng radja, sadaja geus pada moendjoeng, mantri sarta koelawarga.

633. Ladjéng kangdjéng radja istri, sanggeus antara saké-dap, seseren deui kaprabon, ngadéng njelehkeun makoeta, ka raka saréng hormat, sarta radja istri njaoer, he sakabeh pra ponggawa.

634. Moega kabeh pada njaksi, koewoela seleh nagara, karda-jaañ Tjémpa kabeh, ka ijeu kakang pangeran, djoeméneng radja Tjémpa, saha-saha noe teu taloek, koela pimoesoehenñana.

635. Koela djadi pramneswari, koemawoela ka sang radja, para ponggawa ngawalon, sadaja sami ngistrenan, pangeran adipatina, noe ladjéng djoeméneng ratoe, sang poetri prameswarina.

636. Marijém di seungeut deui, baroeng djeung sora gamélan, tanda seseleh kaprabon, démang rangga kandoeroewan, toeménggoeng pra najaka, sadaja geus pada moendjoeng, sarta pada soeka-boengah.

637. Kadaharan énggeus bidjil, rame pra ponggawa dahar, pada soeka-boengah kabeh, geus kitoe sang radja djéngkar, moelih ka djéro poera, di padjéngan herang-hoeroeng, pajoeng doewa ngandan-ngandan.

638. Di tilik ti gigir lènggik, di tinggal ti toekang lèndjang, noe geulis reudjeung noe kasep, kawas Ragawa djeung Sinta, sijang oepadjarana, di poengkoer istri ngagimboeng, noe ngampil epok kantjana.

639. Sowang entog sawoeng galing, sakabeh kantjana moelja, eta tjirining kaprabon, sakabeh noe ngadeuheusan, geus moendoer sewang-sewang, dajeuh Tjémpa tambah gëmoeh, rame moerah sandang pangan.

640. Anoe tani soegih moekti, anoe dagang beurat beunghar para mantri soeka kabeh, radja kalangkoeng toweksa, toelaten ka wilajat, soeka doeckana kaoeroes, sarta bagdja tjlakana.

641. Toeloej kangdjéng sri bopati, miwarang hidji ponggawa, noedjoel noe djagdjag pélrente, mawa soerat ka rañana, ka patih Sokadana, matoer jen geus djénéng ratoe, sang radja sépoeh geus wapat.
642. Gantjangna noe mangoen djoerit, tjaraka énggeus bral mijang, kotjapkeun dongkapna bae, ngadjoeoegdjoeg ka kapati-han, sérat enggeus di tampa, ki patih boengah kalangkoeng, jen poetra geus djadi radja.
643. Soemawon nji Toendjoengsari, djeung nji patih soeka-hoengah, ki patih noelis ngawalon, jen geus tampi eta sérat, kalangkoeng soeka-manah, djeung mangke boelan kapajoen, sédja ngadeuheus ka Tjémpa.
644. Gantjangna anoe ngagoerit, oetoesan énggeus bral moe-lang, ngabantoen sérat pangwalon, hanteu kaijatoer di djalan, kotjapkeun énggeus dongkap, tarodjog ka djro kadatoen, noedjoe kangdjéng radja lènggah.
645. Mantri oetoesan ngabakti, njanggakeun sérat walanan, koe sang radja geus di iloe, kalangkoeng soeka-hoengahna, ladjéng radja popojan, ka garwa jen boelan pajoen, ama kadijeu kërsana.
646. Njai meudjeuhna tjetjawis, rehna kasoempingan rama, ratoe kantjana ngawalon, ti bareto geus sadija, mowal aja kakirang, moegi rama geura djéboel, di antos salalamina.
647. Saréng pirémpoeg sim koering, kakang langkoeng sae mapag, dongkap ka loewar saketeng, sarta njandak balad-balad, ngagéém tanda karadjan, nandakeun hormat ka sépoeh, lantaran aja di doenja.
648. Sang radja imoet ngalahir, njai doenoengan poen kakang, nja geulis taja kawantjen, binangkit gëde prajoga, kakang roemasa kalah, pérjoga timbang taradjoe, témah wadi tatakrama.
649. Koe kakang tjetjan kapikir, jen koedoe kitoe pétana, ari hormatna ka kolot, koe njai énggeus kamanah, eta kakang

ngiringan, dina mangsa soemping sēpoeh, kakang koe maneh rek mapag.

650. Toenda heula sri boepati, keur goeněm raos djeung garwa, malikeun deui tjarijos, sang radja di Sokadana, kërsa boeboedjeng oentjal, ngagarogol hanteng lémboe, geus djéng-kar saréng patihna.

651. Najaka ponggawa mantri, pamatang djeung paninggaran, djoeroe-toembak djoeroe-tohok, pada ngariring sadaja, dongkap ka tengah tégal, oentjal taja lémboe soewoeng, moro taja beubungan.

652. Kangdjéng radja saréng patih, ladjéng kana papang-goengan, di loehoer doewaän bae, ladjéng radja sasaoeran, misaoer lalampahan, sareh ngaraos geus sēpoeh, hojong sese-ren karadjan.

653. Lahirna radja ka patih, adi kakang taja bagdja, lamoen kakang ti bareto, hoga anak ti ngongora, meureun geus gëde pisan, geus koewat ngaganti ratoe, tapi dalah di koemaha.

654. Ngan moega bae si Pandji, Pamékas masing binékas, rasa kakang toenggal keneh, djeung djadi pamoelang helä, adi nja koemawoela, hanteu bengkok hanteu palsoe, koe kakang geus katarima.

655. Djeung deui kakang kamari, neuleu awewe ngaliwat, soeméhlak bae nja hate, kadeuleu ti kadjaohan, Toendjoeng sari sigana, kakang hinghang woewoeh bingoeng, samarasa pipikiran.

656. Katjipta bae koe ati, salakoe lampah baheula, di pohopo teu poho, noe matak ajeuna mijang, dadakoe moro oen-tjal, sawalehna ngalilipoer, pikir oelah kaléleban.

657. Tapi hanteu djadi lali, koematjatjang dina manah, si Toendjoeng kadeuleu bae, malah kakang boga rasa, lamoen kieu rasana, samar toeloes meunang tahoen, samar koewat meunang boelan.

658. Raden arja patih nangis, bari ngawalon ka radja, goesti

pangapoentĕn bae, moegi oelah djadi manah, nista moeggoehing radja, kabingoengan koe sakitoe, prakawis istri mah gampang.

659. Anoe katinggal kamari, soepaja poegoeh gĕnabna, mangga oerang saoer bae, ladjĕng ngawalon sang radja, awewe poe- goeh reja, tatapi moewal kalipoer, da lain si Toendjoeng teja.

660. Tajoh geus nĕpi ka djangdji, kakang paeh kalĕlĕban, teu beunang di poho-poho, sanadjan gĕde dosana, koe kakang teu katingal. oenggal peuting sok ngalindoer, djeung si Toendjoeng reureudjeungan.

661. Manahna rahaden patih, bowa pidjalanĕn waktja, ajeuna meudjeuhna waleh, raden patih ladjĕng njĕmbah, oendjoekan ka sang radja, noen goesti agoeng bebĕndoe, koering soemĕ-dja rek waktja.

662. Tapi panoehoen sim koering, goesti oelah rĕdjag manah, elingkeun k rsa jang manon, koedoe djadi lalampahan, djadi babad nagara, pilantaraneun rahajoe, kagoengan poetra oetama.

663. Prakawis poen Toendjoengsari, koe koering teu di paehan, ajeuna ge hiroep keneh, poerwa hanteu di paehan, hanteu tĕrang dosana, malah tetela noe palsoe, pawarang njijeun pitĕnah.

664. Sailon reudjeung paradji, si adjar Goenawisesa, anoe matak nĕroesan teh, sasaerna nji pawarang, tina tampa roe-roeba, bisana si adjar doeckoén, piandĕl kijas tarekah.

665. Koering nanggoeng Toendjoengsari, jen bersih taja dosana, nji pawarang anoe bohong, ngantina koe kageuleuhan, djadi saäkal-akal, barang sang ratoe ngadangoe, ngagidir oelatna pijas.

666. Toeloej sang radja ngalahir, njaoer bari tjoemalimba, lamoen bĕnĕr omong maneh, jen eta si Toendjoeng teja, teu toeloes di paehan, djeung ajeuna masih hiroep, kakang kaoel bebejakan.

667. Ngawalon rahaden patih, eta salĕrĕsna pisan, hatoer hanteu pindo gawe, malah eta katingal, kamari koe gamparan, jaktos pisan jen poen Toendjoeng, sang radja toeloej ngandika.

668. He adi kakang ki patih, baheula teh tjeuli saha, noe di pintonkeun koe maneh, koetan lain saenjana, tjeuli si Toendjoeng teja, ki patih njembah ngawangsoel, eta mah tjeuli noe lijan.

669 Tina di poendoetan boekti, koering toeloej ka pandjara, docmadak aja noe paeh, toeloej di keureut tjeulina, radja langkoeng boengahna, sarta raden patih toeloej, njariosna gémét pisan.

670. Ti barangna rek di peuntjit, toeloej datang ka ngowona, moerangkalih énggeus gëde, di woeroek elmoe djeung tata, sarta ladjéng ngoembara, di toetoer hanteu kalaroeng, malah datang ka djénengna.

671. Djadi pangeran dipati, ajeuna geus djadi radja, maren-tah sami boepatos, mangkoe saboewana Tjémpa, sarta reudeung pinterna, lakoe hanteu tinggal elmoe, lampah teu tinggal panalar.

672. Keur mangsi rahaden patih, netelakeun lampah poetra, radja kawas anoe ngimpen, raraj reup geuneuk raj pijs, heran tjampoer djeung soeka, ras eling ka njai Toendjoeng, énggeus katjipta manisna.



673. Kangdjéng radja saréng raden patih, sasaoeran loehoer papanggoengan, awit mantjéran sréngenge, dongkap ka toenggang goenoeng, anoe ngiring ponggawa mantri, hempak dijok di handap, sarta pada bingoeng, ngomong djeung pada batoerna, kangdjéng radja naha mana lila teuing, di loehoer sasaoeran.

674. Goeném tjatoer saréng raden patih, kawas aja perkara rasijah, sasaoeran tingharewos, koe batoerna di wangsoel, langtoe bae aja prakawis, malah ti kamarina, radja sémöe

ngangloeh, oelat kawas kaedanan, hoelang-hoeleng beda pisan ti sasari, tangtoe keur ngangloeh manah.

675. Enggeus kitoe sang ratoe ngalahir, adi patih moenggoeh karép kakang, si pawarang peuntjít bae, geus pantés meunang hoekoem, kakang sangeuk ngadeuleu deui, raden patih oendjoek-an noen agoeng panoehoen, moegi oelah kirang timbang, mana teuing kongasna kamana-méndi, radja nilasan garwa.

676. Anggoer ingkeun sina panas ati, ningal Toendjoengsari meunang bagdja, di asoepkeun ka kadaton, djadi pawarang ratoe, eta kitoe pirémpoeg koering, kangdjéng radja ngandika, adi rémpoeg kitoe, pawarang siksaänana, hajoe adi énggeus boerit oerang balik, ladjéng sang radja djéngkar.

677. Enggeus peuting soempingna ka boemi, ladjéng radja koelém di mandapa, pawarang énggeus roemaos, roemasa meunang bëndoe, reh sang radja hanteu ka boemi, toeloej njai pawarang, moeka tjoepoe-tjoepoe, ngoelaskeun minjak asihan, maték kemat asihan si koekoekmoedik, tatapi kabeh tjambal.

678. Djimat djampe teh taja noe matih, malah-malah djaldi pitjeutjeuhan, nji pawarang hanteu sare, malah sapeuting djépoet, koe sang radja hanteu di tolib, pawarang langkoeng bingbang, gédébag gédéboeg, katjatoerkeun geus braj beurang, raden patih geus mëtäkeun para mantri, bade ngangkat karija.

679. Tatabeuhan kabeh geus tarapti, topeng ronggeng taja kakoberangan, oemboel-oemboel lawe rontek, di atoer teu kaliroe, di djadjarkeun ti djero poeri, nëpi ka kapatihan, pra pongawa koempoel, sadija pada maridang, djeung bodjona di këloen koe raden patih, taja anoe kaliwat.

680. Raden patih geus natakeun baris goelang-goelang rawoeh kadjinéman, oepatjara djeung montereng, sarawoeh toekang pajoeng, énggeus boedal ti pantjaniti, mora ka kapatihan, katjatoer sang praboe, tjalik ngantos di mandapa, nji pawarang midangdam djeung ngariringkit, gens térang meunang bedja.

681 Katjarita nji mas Toendjoengsari, énggeus dangdan pang-

anggo noe moelja, eukeur dadasarna sae, nganggo noe sarwa mantjoer, tambah endah geulis raspati, pantēs djadi pawarang, timpoeh ampoeh loenggoeh, asoep kana paribasa, keur meudjeuh-na poetra hidji keur goemeulis, ngelehkeun ka pawarang.

682. Ladjēng djéngkar nji mas Toendjoengsari, di padjéngan gilap mantjoer herang, para istri ngiring kabeh, garwa dēmang toemēnggoeng, di pajoenan oepatjara sri, tanda pawarang radja, rasmina kalangkoeng, anoe nongton kikis reuntas, djadi tjatoer lamoen nji mas Toendjoengsari, bade djadi pawarang.

683. Enggeus soemping nji mas Toendjoengsari, ka djro poera tjilik di mandapa, sarēng radja geus pasondong, garwa para toemēnggoeng, di poengkoereun hempak tjaralik, ponggawa pamēgētña ngadjadjar di pajoen, Dewa keswari ngandika, he sakabeh arja toemēnggoeng ngabeui, ajeuna dawoeh koela.

684. Watēs poewe ijeu Toendjoengsari, di djoengdjoengkeun di djieun pawarang, mangkoe sadjero kadaton, marentah para maroe, djeung di salin ngaraña deui, ratoe Sekarkantjana, marijeum djoemēgoer, ngagoeroeh sora gamēlan, tanda ngangkat ngadjénēngkeun prameswari, pawarang Sokadana.

685. Enggeus kongas jen nji Toendjoengsari, geus di angkat djadi pawarangna, oerang djēro soeka kabeh, kotjap pawarang sēpoeh, liwat langkoeng doeka prihatin, noempi di pasarejan, nangis sēgrak-sēgroek, sijeun pabaoer djeung era, geus karaos andjeuña noe djoelig dēngki, rasijahna kaboeke.

686. Katjatoerkeun noe keur pada asih, radja sarēng nji Sēkarkantjana, keur pada olēng panganten, kalangkoeng loeloes roentoet, hanteu pisan anggang satjinggir, tjilikna rerendengan, dina kasoer soesoen, geus meunang salēngah boelan, oenggal peulung noe di pisaoer ngan Pandji, sarta lampah andjeuña.

687. Kangdjēng radja njaoer raden patih, hanteu lila raden patih dongkap, njembah ladjēng tjilik mando, Dewakeswari njaoer, kakang ingēt bae ka Pandji, Lēmboeweloeng di Tjēmpa, noe geus djēnēng ratoe, ajeuna parentah kakang; adi

koedoe mijang manggilan ki Pandji, ala reudjeung bodjona.

688. Kakang bangéti nja hajang papanggih, poma-poma oelah teu kabawa, indit sarimbit djeung bodjo, ki patih njembah matoer, noen soemoehoen timbalan goesti, abdi geus tangtoe enggal, ka Tjémpa loemakoe, ngémhan timbalan gamparan, sareng tangtoe koe djisim koering kairing, kang poetra doewanana.

689. Ladjéng bae sang radja maparin, pisangoeweun harta pirang-pirang, sarta pisalin panganggo, pedang mas sareng doehoeng, koe ki patih énggeus di tampi, raden patih pamitan, moendoer goera-giroe, soemping ka boemi popojan, ka garwana hajoe njai oerang indit, ka Tjémpa di piwarang.

690. Langkoeng soeka-boengah njai patih, eukcür hojong paréng di piwarang, ladjéng dangdan-dangdan bae, panakawan karoempoel, katjatoerkeun énggeus tarapti, ladjéng ki patih mangkat, garwana teu kantoen, santana koelawargana, indit sirib reja ponggawa noe ngiring, istri dina tandoewan.

691. Enggeus něpi ka sisi basisir, noempak kapal toeloej beber lajar, gantjangna noe manggoen trijos, di djalan teu katjatoer, palabewan geus katingali, wewéngkon boemi Tjémpa, kapal geus balaboe, goeloeng lajar laboeh djangkar, njeungeut marjém tanda hormat rehna soemping, ti darat di balésan.

692. Sora marjém geus asa kaindit, tingdjal goer kawas goenoeng rébah, toeménggoeng noe toenggoe benteng, tina geus meunang dawoeh, langkoeng hormat ka raden patih, ladjéng mapag ka kapal, saréng nji Toeménggoeng, toeloej loengsoer nitih sampan, énggeus dongkap ka darat hormatna leuwih, ngagoeroeh tataheuhan.

693. Di plabewan ngan meunang sawéngi, isoek-isoek djéboel piwarangan, mawa tandoe djeung gérébong, baris titihan iboe, noe ngiringkeun ponggawa mantri, koeda baris ramana, sabréngna araloës, isoek-isoek ladjéng djéngkar, doer marjémna ngagoeroeh tarompet soeling, rame sora gamélan.

694. Djalan pinoeh koe ponggawa mantri, ngadjadujapkeun

saréng koe noe mapag, tjarita gantjangkeun bae, tjatoerkeun énggeus 'joendoek, ka saketeng loewar nagari, majak para satrija, noe ngiring ratoe, ngadjadjar oepatjarana, radja loengsoer tina palinggahan koersi, mapagkeun iboe rama.

693. Raden patih sareng njai patih, énggeus loengsoer radja mamandapan, koe rama gabroeg di rontok, soemawoña koe iboe, iboe rama poetra narangis, ladjeng sang radja njandak ijilik kana bangkoe, di pasangrahan dadakan, enggeus aso ladjéng pada djengkar deui, ngaboeidj ng ka nagara.

696. Di loeloeroeng dj djl heurin oesik, toeroet djalan panggoeng pangrentengan, sisi djalan di bobotek, dongkap ka aloen-aloen, tatabeuhan asa kaindit, geus soemping ka djro poera, sadaja geus loengsoer, ratoe prameswari Tjémpa, mapak iboe di iring koe para slir, djeung garwa pra ponggawa.

697. Ladjéng mioendjoeng ngahatoerkeun bakti, geus tjaralik di mandapa moelja, noe mar k hempak ngaderes, ladjeng marjem djoemegoer, sekertali asa kaindit, teu lila ladj ng dongkap, ti pawon soesoegoeh, kadaharan noe ngareunah, ladjéng dahar langkoeng soeka manah goesti, koempoel djeung iboe-rama.

698. Dalalahar satrija boepati, rarioengan priboemi djeung semah, soesoegoeh ti djro kadaton, rahaden patih njaoler, amangémban timbalan goesti, rama di Sokadana, andjén teh di saoer, saréng raji prameswara, ajeuna teh toewang iboe geus di ganti, ratoe Sekarkantjana.

699. Nji pawarang noe hiri dengki, noe ngadjéroem ajeuna kaloewar, di pindahkeun ti kadaton, radja Tjémpa ngawang-soel, djalma noe sok hiri dengki, tara meunang djamoega, sok meunang panaoer, hoetang wirang majar wirang, poerwa djalma oelah pisan hiri dengki, koedoe tampa pamajar.

700. Djeungna deui prakawis sim koering djeung poen bodjo di saoer koe rama, djisim koering langkoeng atoh, nadjan taja panjaoer, sedja djisim koering pribadi, marék ka Sokadana,

rek moendjoeng ka sēpoeh, doemeh geus tjatjap nja lampah,
djadi radja mēngkoe boemi njakrawati, poetjoeng ngaganti
tēmbang.



POETJOENG.

701. Sadajana piwoeroek ama kasoeroep, taja anoe salah, sakabeh noe geus kalakon, poerwa koering datang ka djoemē-nēng radja.
702. Taja lijan kadjawi piwoeroek sēpoeh, anoe di pilampah salamina di pitjonto, moegi koering bisa malēs kawēlasan.
703. Panijatan koering manawi di kabael, poen Pandji Pamēkas, mangke ngagēntos ngaraton, Sokadana ngawoelakeun koelawarga.
704. Djadi wakil makajakeun rāma-iboe, ari sim koering mah, geus gēnah didieu bae, doemadakan geus aja marga lantaran.
705. Poen Pamēkas di koekoet koe rama praboe, pinanggil loeloesna, rabaden patih ngawalon, poen bapa mah kabeh-ka-beh ngan ngiringan.
706. Noe di tēda ngan moegi loeloes rahajoe, moenggoeh poen bapa mah, poelang-anting ngendjeng bae, sanggeus kitoe ladjēng sadaja boeharan.
707. Raden patih di koelēmkeun di kadatoen, panakawañana, di pakowon kadipaten, ēnggeus meunang sapoeloe wēngi lilana.
708. Hanteu kirang kasoekaän djeung soesoegoeli, sarēng pahormatan, oenggal peuting oenggal powe, soekan-soekan ngaboekti keun soeka-manah.
709. Radja Tjēmpa njaoer arija toemēnggoeng, satrija ponggawa, geus pada ngadēheus kabeh, patih Tjēmpa anoe tjalik pangpajoeña.
710. Radja njaoer he sakabeh ponggawa goeng, geura pada

dangdan, tandoe djoli djolang grēbong, powe isoek kawoela djeung njai mijang.

711. Pra ponggawa sami ngawalon ka ratoe, papestoe gamparan, geus pada sadija kabeh, tandoe djoli djeung grēbong ngan kantoen djēngkar.

712. Abdi-abdi anoe baris njoehoen nanggoeng, geus koempoel sadaja, koeda gadjah koempoel kabeh, di plabewan kapal ēng-geus di dangdanan.

713. Katjatoerkeun isoekna djēngkar sang praboe, radja nitih koeda, prameswari dina grēbong, ngaleut ngeungkeuij ngēmbat-ngēmbat njetang pinang.

714. Anoe ngiring bral ngabantaj broel ngagimboeng, prabot karadjaän, oepatjara djeung montereng, goelang-goelang anoe maranggoel bandrangan.

715. Kaänginan oemboel-oemboelna mēlēngkoeng, ngērab banderana, lawe rontekna ngaderes, kangdjēng radja nitih koeda dawoek ligar.

716. Koeda njirig narimbang tabeuhna ngoengkoeng, koeda mamandapan, narimbang sora tarompet, rēngkak-rēngkak tindakna matak kasmaran.



717. Di poengkoereun aja deui, rahaden dēmang Oerawan, koeda dawoek kēmbang kaso, ngagēm ka senapatijan, siga Sindoekalangan, koeda tjongklang manggoet-manggoet, narimbang sora gamēlan.

718. Katema koe para mantri, satrija para ponggawa, koedana pahade-hade, Djanggala koedana djangdjan, Djanggali koeda napas, koeda djogdjrog angkag-oengkoeg, di peupeuh ēnte-ēntejan.

719. Matak waäs noe ningali, ninggal aleutan noe angkat,

ménérān waktoe mamareng, moesim rek ngangkat katiga, lenglang hade powena, gantjangna noe mangoen tjatoer, geus soemping ka palaboewan.

620. Hormatan asa kaindit, topeng ronggeng bangbarongan, ngagoeroeh pelog djeung renteng, ki toemenggoeng palaboewan, langkoeng-langkoeng hormatna, kangdjéng radja saréng ratoe, geus asoep ka pantjalikan.

721. Para mantri anoe ngiring, sadaja énggeus mérénah, pada énggeus boga pondok, sawéngi di palaboewan, isoekna geus sajaga, abdi-abdi geus karoempoel, ladjéng kangdjéng radja djéngkar.

722. Ngaleut ngeungkeuj di basisir, radja saréng prameswara, angkatna njaratjad bae, pada di padjéngan gilap, di pajoen oepatjara, di poengkoereun broel ngagimboeng, mantri istri pamégétna.

723. Radja saréng pramésmari, ladjéng sami nitih sampan, djeung garwa pra mantri kabeh, ngiring di sampan titihan, énggeus soemping ka kapal, marjém di seungeut djoemégoer, kapal teh indit-inditan.

724. Tagiwoer para kalasi, tarik djangkar beber lajar, kapal pangiring sakabeh, salapan kapal rejana, kasapoeloeh titihan, pada ngaraleut di poengkoer, hidji kapal sasangoewan.

725. Oenggal parahoe di eusi, tatabeuhan pahoermatan, langkoeng matak waäs bae, patembal djeung sóra lambak, kalétil pi-pikiran, kapal salapan di poengkoer, poengkoereun kapal titihan.

726. Gantjangna noe mangoen goerit, geus soemping ka palaboewan, djagdjag tanginasna matros, laboeh djangkar goeloeng lajar, sarta pasang bandera, njeungeut marijém djoemégoer, djédoer tjara goenoeng rébah.

727. Sorana asa kaindit, ti dārat geus di tembalan, toeloej radja loengsoer bae, nitihan sampan djeung garwa, sarta para ponggawa, abdi abdi hanteu kantoen, sarawoeh koeda gadjahna.

728. Parabot taja noe kari, gamélan hanteu kaliwat, geus di

bawa toeroen kabeh, di koendjal kabeh ka darat, di sikēt koe bakoena, di atoer tjara kapoengkoer, di tata tjara katoekang.

729. Hanteu pasēlang pahili, sigēgkeun heula sakedap, katjarjos di djro benteng, di nagara Sokadana, radja geus tanpi sērat, ibér poetra sareng mantoe, ajeuna aja di djalan.

750. Sri maha Dewa Keswari, geus miwarang tata, pahormatan ēnggeus entep, katja-katja oenggal lawáng, bēbētek toeroet djalan, lawe rontek oemboel-oemboel, ngērab-ngerab-banderana.

751. Para mantri geus tarapti, para ponggawa sajaga, koem poel pada midang kabeh, saparo noe baris mapag, saparo noe ngadjaga, anoe ngoeroes soegoe tamoe, sarta ngoeroes tetebahna.

732. Toemēnggoeng arja ngabeuhu, dēmang rangga kandoe-roewan, di aloen-aloen ngaberés, kari ngantosan timbalan, ēnggeus njandingkeun koeda, ngadeukeutkeun gadjah tandoe, katjarita sri mah radja.

733. Geus nimbalan raden Pandji, he pamēkas anak bapa, geura dangdan masing hade, mapag kakang radja Tjēmpa, ngadjēdjērau ponggawa, raden Pandji njembah matoer, soemoehoen dawoeh gamparan.

734. Toeloej nganggo raden Paudji, panganggo radja kapetrān, sing sarwa hoeroeng montjorong, niroe raden Pantjawala, raden Pandji pamēkas, geus bidjil ka aloen-aloen, nitih koeda megantara.

735. Ngagoeroeh tarompet soeling, tēngara ngijangkeun bala, para ponggawa sakabeh, tjeplak pada toenggang koeda, ngiring Pandji pamēkas, oepatjarana di pajoen, kiwa tēngēn kapētēngēn.

736. Koeda mamandapanu njirig, narimbang sora gamelan, oengkēdnā narimbang goōng, kawas koeda dina wajang, soeroep reudjeung noe toenggang, koneng lēngkeh ampoeh loeng-goeh, kasep lain kaoelinan.

737. Raden Pandji ēnggeus soemping, ka pasangrahan dada-kan, beunang ngagéntakeun bae, njondongkeun sang praboe

Tjémpa, teu lila katinggalan, oemboel-oemboelna mélengkoeng, ngérab-ngérab banderana.

738. Rahaden Pandji ngalahir ka sakabehna ponggawa, gëwat sadijkeun kabeh, itoe bandera katinggal, koemélab lapat-lapat, para ponggawa tagiwoer, njikép sa bakoe-bakoena.

739. Panajagan geus tarapti, kari ngantosan soempingna, ponggawa sadija kabeh, poetjoeking baris geus dongkap, doer bëdil tjloeng angkloengna, djalma reja pabalijoet, semah reudjeung pamadjikan.

740. Praboe Tjémpa geus ningali, ka raden Pandji Pamékas, manahna nangtoekeun bae, jen eta Pandji Pamékas, sang praboe ngagoepajan, ladjéng raden Pandji moendjoeng, koe sang praboe di oesapan.

741. Raden Pandji moendjoeng deui, ka raka sang prameswara, toeloej ponggawa sakabeh, para mantri Sokadana, moendjoeng ka praboe Tjémpa, sanggeusna pada maroendjoeng, kangdjéng radja ladjéng djéngkar.

742. Djadi tambah ramé rasmi, ponggawa doewa nagara, djadi sa alétan bae, pra ponggawa Sokadana, noe leumpang pangheulana, ponggawa Tjémpa di poengkoer, broel ngagimboeng bral ngabantaj.

743. Hanteu anggang raden pandji, di poengkoereun raka radja, pada njirig koedana teh, malang-malang mamandapau, angkloeng ninggaug wirahma, sakalangkoeng matak loetjoe, kawas Kama Djaja kembarn.

744. Doewanana kasep lenggik, siga dewa sa kembaran, djol doengkap ka djro saketeng, loeloeroeng pinoeh koe djalma, pasar waroeng rareuntas, boel tjoendoek ka aloen-aloen, noe nongton pasélebroengan.

745. Ramena asa kaindit, soerakna ajeuh-ajeuhan, ngagoeroeh renteng djeung pelog, topeng ronggeng bangharongan, toeloej sang radja Tjémpa, reudjeung garwana laloengsoer, di latar paseban kembarn.

746. Sampojong raka djeung raji, moendjoeng ka iboe ka rama, iboena gabroe ngarontok, bari nangis mĕlas-mĕlas, sakoer anoe ningalan, pada miloe' sĕgrak-sĕgroek, sadaja ngiring nalangsa.

747. Ngaraskeun djalmana tadi, basana meunang djéroeman, eukeur di bobotkeun keneh, meh hanteu gĕlar di doenja, sang praboe Sokadana, njaoer bari sĕgrak-sĕgroek, sarta njoc-soetan tjisotja.

748. He adi kakang ki patih, tjoekangna kasalamĕtan, kakang kahoetangan gĕde, karana ijeu pĕrkara, adi djadi lantaran, sasat anoe noembœ oemoer, mandjangkeun kasalamĕtan.

749. Malah kakang boga djangdji, ngaboektikeun panarima, soepajana djadi tjonto, djalma estoe koemawoela, hanteu alang-kapalang, noe djadi papatih ratoe, mandjangkeun kalakoean radja.

750. Enja anoe tjara adi, tĕgésing patih napatah, patih patitis-patetes, bĕrĕsih loewar djérona, wadjib meunang gandjaran, radja bari ujaoer kitoe, ngareret ka radja Tjĕmpa.

751. Koe radja Tjĕmpa kasoerti, katampanan sakĕrsana, toeloej ka rama ngawalon, lĕrĕs pangandika rama, ijeu moeng-goeh poen bapa, noe djadi marga rahajoe, geus koedoe meunang gandjaran.

752. Mĕnggah pamikir sim koering, manawina karoedjoekan, sae di poelang kaprabon, karadjaän Sokadana, pasihkeun ka poen bapa, masingna djoemĕnĕng ratoe, poen adi Pandji Pamĕkas.

753. Ari mĕnggah djisim koering, geus gĕnah di dajeuh Tjĕmpa. sanadjan lain waris ge, katalijan koe doerijat, sarĕng moenggoeh gamparan, djadi santosa kalangkoeng, ngawĕngkoe doewa nagara.

754. Sang praboe sĕpoeh ngalahir, agoes bĕnĕr kitoe pisan, rasa ama hanteu geseh, agoes djeung adi Pamĕkas, tangtoe meureun saroewa, njāah ka ama ka iboe, djeung djadi rĕkah toeroenan.

755. Para mantri anoe ngoeping, kabeh panoedjoeweun pisan,

taja anoe mikir geseh, soemawoña mantri Tjémpa, hoéngah kabina-bina rasa tétep boga ratoe, sabar adil palamarta.

756. Tadi pikirna rarisi, sakabeh ponggawa Tjémpa, sijeun radjana ngalejos, teu moelih deui ka Tjémpa, asoep ka paribasa, moentjang laboehna ka poehoe, kebo moelih pakandangan.

757. Geus lilir noe pada nangis, toeloej djéhoel soesoegoehna, geus kitoe taroewang kabeh, geus dahar ladjéng boebaran, ari sang praboe Tjémpa, koelémna di boemi iboe, ari abdina noe reja.

758. Di atoer di bagi-bagi, di pakoewon pra ponggawa, ngan démang Oerawan bae, mondokna di kapatihan, Djanggali djeung Djanggala, inondokna di djro karoempoel, hanteu anggang ti goestina.

759. Oenggal powe oenggal peuting, hanteu loewang soekan-soekan, sarta koekoempoelan bae, geus meunang saténgah boelan, ladjéng sang praboe Tjémpa, oendjoekan ka rama praboe, kijeu pioendjoek sang radja.

760. Koemapoeroen djisim koering, njoendoel pioendjoek ka rama, agoeng pangapoenten bae, ngalalantjangan ka kërsa, prakawis poen Pamëkas, meudjeuhna di djoengdjoeng loenggoeh, djadi wawakil gamparan.

761. Sang praboe sépoeh ngalahir, agoes bénér nanakëran, tatapi karép ama teh, meungpeung hiroep keneh ama, hajang noengkoelan inja, djénéngkeun sakali ratoe, ama seseren karadjaän.

762. Reudjeung karép ama deui, moenggoehing radja barana, hade di parokeun bae, dina roepa teuteuasan, kaja intén mas perak, kabeh keur bagejan agoes, bawaeun ka dajeuh Tjémpa.

763. Ari sipat sapi moending, koeda gadjah émbe domba, sarta parabot kaprabon, baris ki Pandji Pamëkas, djeung deui karép ama, lamoen rémpoek hajang isoek, meungpeung keur pada koempoelan.

764. Pra boepati tatjan balik, taja anoe di dagowan, sang

praboe Tjēmpa ngawalon, isoek ge sēdja ngiringan, mowal aja kakirang, lërës meungpeung sami koempoel, sēpoeh anom di nagara.



SINO II.

765. Toeloej sang praboe nimbalan, njaoer raden arja patih, gandek noe nampa dawoohan, kēbat leumpang goesak-gasik, raden patih kairing geus dongkap ka djro kadatoen, tjalik narimbang sēmbah, sang radja sépoeh ngalahir, sēr kadijeu adi masing deukeut pisan.

766. Ajeuna teh karēp kakang di powe isoek si Pandji, di djénengkeun djadì radja, mangkoe boemi njakrawati soepaja oelah risi, djéneng di toenggoe koe sēpoeh, ari adi djeung kakang, mareman tjitjing di sisi, ngaping anak þisi aja kasoesahna.

767. Ari pipatihewana, alona si Toendjoengsari, ngaran si Pandji Pamitra, angkat patih mangkoe hoemi, teu woedoe oge radjin, djaoeh tina langsoeng langgoek, li patih ngawalonan, ngiringan sakërsa goesti, kabeh-kabeh abdi ngadjoeung-djoeng sakërsa.

768. Sang radja deui ngandika, he adi kakang ki patih, ẽlos geura ka paseban, ngoempoelkeun para boepatih, para pongawa mantri, natakeun keur baris isoek, rahaden patih njémbah, geus moendoer ti linggih goesti, ka paseban ngadwoehkeun satimbalan.

769. Ti pantjaniti boebaran, radja sēpoeh geus ka boemi, kitoe deui radja Tjēmpa, doewanana geus maroelih, heurang kaganti peuting, ti peuting hanteu katjatoer, kakotjapkeun isoekna, geus koempoel para bopati, raden patih di paseban tata-tala.

770. Rahaden Pandji Pamëkas, di rijoeng koe para mantri, di dangdanan karadjaän, nganggo anoe sarwa leuwili, djamang

patingkarétip, tarélep djoemantén hoeroeng, lanttingan tjinde kembang, sindjang songket bandjarsari, kasep lengkeh kawas Dewa Kama Djøja.

771. Pandji Pamitra geus dangdan, panganggo noe sarwa leuwih, nganggo-*nganggo* kapatihan, noeroetan raden Sëntjaki, kotjap énggeus tarapti, di paseban pra toemënggoeng, balad noe baris mapag, doer bédil nginditkeun baris, titihaneun djampana di haeloe singa.

772. Ngadjadjar oepatjarana, kaparék maranggoel bédil, lawe rontekna ngadjadjar, bëbëgig heula pandeuri, matak waäs, ningali, oemboel-oemboelna mélëngkoeng, badawangna ti toekang, di patoet Soegriwa bali, pada mawa gada siga noe keur pérang.

773. Koeda kosong kasinoman, heulaeuñ djampana djoli, rarahab sakélat moebjar, koeda malang njirig-njirig, djeung di pajoengan koening, moetoeh matak pisan loetjoe, para mantri ponggawa, patégép paginding-ginding toenggang koeda pada ujirig tjetjongan klangan.

774. Broel ngagimboeng bral ngabantaj, indit ti paseban djawi, ngadroegljoeg ka kapatihan, teu lila baris geus něpi, toeloej rahaden Pandji, nitih djampana noe hoeroeng, ari Pandji Pamitra, poengkoereun rahaden Pandji, nitih koeda malang-malang këris ladrang.

775. Ngarak saloewar nagara, soerakna asa kaindit, gang ging goeng sora gamélan, sora tarompet djeung soeling, kotjap di pantjaniti, énggeus koempoel para sëpoeh, hempak para najaka, radja sëpoeh énggeus linggih, dina korsi papajoen-papajoen djeung poetra.

776. Enggeus kitoe ladjeung dongkap, radja bakal raden Pandji, loengsoer di latar pamëngkang, di padjëngan gilap koening, di aping para mantri, di pajoen para toemënggoeng, ladjeung koe praboe Tjëmpa, di tjalikeun dina korsi, pra ponggawa hempak ngadjadjar di handap.

777. Enggeus něpi ka dawoehna, sang radja sëpoeh ngalahir,

barina njandak makoeta, he sakabeh praboe patih, ajeuna ijeu si Pandji, di djoengdjoengkeun djadi ratoe, ngaran Dewabrata, ngadéng barina ngalahir, djeung nérapkeun makoeta kana mastaka.

778. Djédoer marjeum geur gamélan, pra ponggawa para mantri, njoemoehoenkeun sadajana, ngimankeun sakersa goesti, ladjéng ngangkat papatih, Pandji Pamitra di djoengdjoeng, radja anjar moendjoengan, ka praboe Tjémpa nagari, énggeus kitoe moendjoeng ka rama raimana.

779. Toeloej moendjoeng sadajana, para ponggawa boepati, toeloej datang soesoegoehna, rame dahar soeka ati, walatra kabeh abdi, soesoegoeh ti djro moeroeboel, toeloej sami boebaran, radja tiloe geus maroelih, praboe sëpoeh di djéro keneh linggihna.

780. Peutingna deui koempolan, sakabeh ponggawa mantri, radja tjaralik ngadjadjar, djeung kaopat raden patih, di tjandak kana korsi, opatan paoengkoej-oengkoej, radja Tjémpa ngandika, bari ngareret ka raji, adi praboe Dewabrata Sokadana.

781. Noe di lampahkeun koe kakang, età taja-taja deuti, noe matak salaméti lañpah, ngan piwoeroek ama patib, ajeuna poma adi régékpeun kabeh piwoeroek, kakang mélang katjida, tina andjeun moerangkalih, kadoewana tatjan reja panjabaän.

MASKOKO NIMBANG.

782. Radja eta sarat koedoe pisan adil, masing jasa nimbang, kasoesahan abdi-abdi, oelah ngadolos sakërsa.


783. Masing eling djadina ratoc koe abdi, hanteu ngadéng radja, lamoen taja koering-koering, mana koedoe pisan heman.

784. Léga taneh ogé lamoen taja koering, teu aja gawena, mowal ngabidjilkeun hasil djeung bidjilna hasil teja.

785. Koedoe pisan di atoer sarta djeung radjin, tanenh di pélakan, kakara rek bidjil hasil, anoe molah tangtoe djalma.

786. Ratoe koedoe ngariksa kasoesah koering, bisi aja hama, mantri lentah njeuseup gētih, tjatjah teh geus tangtoe soesah.
787. Sarta radja oelah kabitaän teuing, koe banda rahajat, bisi djaheut pikir koering, mēngke teu nijat babanda.
788. Lamoen aja babandaän abdi-abdi, noe pantës di menak, noe sigit aja di mantri, hade galeuh sahargana.
789. Moen teu kitoe tangtoe djaheut pikir koering, ngarandëg pikirna, da sijeun di poendoet deui, tjatjah teu aja madjoena.
790. Lamoen tjatjah tētēp salawasna miskin, radja ge malarat, tangtoe bae koerang basil, tjoeké dagang tangtoe koerang.
791. Radja eta beunang oge djijeun misil, oepama nangkoda, noe sok lajar wara-wiri, koedoe toelaten ka kapal.
792. Djeung toelaten ka lampah-lampah kalasi, moen matros-matrosna, kana kapal koerang apik, tangtoe kapal tereh roeksak.
793. Moen geus roeksak kaléboeh toengtoengna leungit, reudjetung nangkodana, kalém tangtoe mowal kari, ari lampah kapal teja.
794. Koedoe aja djoeroe-kamoedi noe ngarti, pintér moe-alimna, noe njaho oeroesan angin, soepaja nēpi maksoedna.
795. Djeung sanadjan aja moealim noe ngarti, tapi hanteu aja, noe djadi djoeroe-kamoedi, poegag taja pangingerna.
796. Nadjan ampoeh moealim djoeroe kamoedi, tapi hanteu aja djalma noe djadi kalasi, mowal keneh bisa djalan.
797. Noe djoenēnēng ratoe eta kitoe deui, dajeuh misil kapal, ari moealimna patih, djoeroemoedi misil djaksa.
798. Kalasina oepama poenggawa mantri, tali sarta lajar, nja eta misil noe leutik, kapal oepama nagara.
799. Ari njijeun patih koedoe anoe radjiu, noe pandjang ingét-an, ngoeroes lakoc lampah abdi, djaksa noe pageuh pikirna.
800. Hanteu beunang di bibitaän koe doewit, soepaja ngaroeksak, kana pahoekoeman adil, nja eta roeroeha teja.
801. Djaksa koedoe bénér lampahna pribadi, soepajana bisa, ka djalma noe salah sēngit, teu sijeun kabawa salah.

802. Lamoen djaksa lakoe lampahna teu bërsih, mowal bisa njaram, sijeun di balëskeun deui, toengtoengna dajeuh baroentak.
803. Radja wadjib ngaraksana ka noe leutik, djeung ka pakajana, salamët badan djeung diri, toempoerkeun sagala hama.
804. Mantri-mantri noe djepit koedoe di sëngit, maoeng djeung boehaja, toempoerkeun soepaja leungit, sakabeh noe djadi hama.
805. Ratoe wadjib njijeun djalan wara-wiri, troes ka dajeuh lijan, keur noe dagang poelang-anting, hanteu kanti kasoesahan.



806. Mesém léléb radja sëpoeh, langkoeng soeka manah goesti, ngadangoe poetra miwëdjang, naha mana bejak teuing, taja lampah noe kaliwat, di sëboetkeun hidji-hidji.
807. Radja sëpoeh ladjëng njaoer, he Pamëkas oelah lali, eta sapiwoeroek kakang, tangtoe salamët nya diri, radja Dewabrata njembah, moegi aja dijjad goesti.
808. Wérat niroe sapiwoeroek, kangdjëng kakang sri boepati, tidinja ladjëng boebaran, pada maroelih ka boemi, oenggal isoek magëlaran, koempoelan mantri boepati.
809. Djeung oenggal wëngi di woeroek, titi pamëngkoe nagari, lampah ngaheujeuk nagara, patih anjar kitoe deui, di woeroek elmoe djeung tata, wadjibna moenggoeh papatih.
810. Tata-titi tindak-tandoek, noe djadi wawakil goesti, kijeu woeroek praboe Tjémpa, he Pamitra oelah lali, maneh djadi patih radja, koedoe patitis nya boedi.
811. Lamoen aja lampah ratoe, anoe teu soeroep djeung pikir, oelah rek oepat soemoewat, koedoe oendjoekeun ka goesti, pioendjoek bakal témahna, soepaja loeloes nagari.
812. Tjindékna koedoe di tiroe, eta kangdjëng bapa patih, koe maneh meureun katingal, koedoe kitoe nya papatih, sarta kijeu baloekarna, papatih anoe patitis.

813. Ki Pamitra njembah matoer, moegi agoeng djijad goesti, kadjawi djijad gamparan, noe di teda beurang peuting, moegi estoe koemawoela, ka raji gamparan goesti.
814. Sokadana tambah gemoeh, para mantri woewoeh soedi, pra ponggawa woewoeh soeka, soemawon para boepati, patih djeung radja magawan, doewanana pada ngaping.
815. Asil nagara di atocr, oepeti di bagi-bagi, di damel lima doeoeeman, sadoeoeeman ka kipatih, doewa bagijan ka radja, noe doewa bagijan deui.
116. Di asta koe radja sēpoeh, sang praboe sēpoeh geus njing-kir, tjalik di babakan anjar, sēnang ngahēnang-ngahēning, katjatoer sang praboe Tjēmpa, ngadeuheus pamit rek moelih.
817. Ngadeuheus ka radja sēpoeh, praboe Dewabrata ngiring, sarēng djeung garwa-garwana, sadaja ēnggeus tjaralik, ngandika praboe bagawan, ama ngeunah teuing pikir.
118. Ningal maneh doewa praboe, paneda ama ka goesti, ka noe moerba noe wisesa, noe ngadamel hoemi langit, masing loeloes roentoet pisan, sakait reudjeung pangampih.
819. Kadjeun nagara padjaoeh, sok moen padukeut nja pikir, oepama boga kasoesah, koedoe sili toeloeng diri, djeung pada sili bedjaän, poma agoes sing areling.
820. Doewanana njembah matoer, soemoehoen timbalan goesti, sedja di estikeun pisan sapiwoeroek mowal lali, sarēng taja noe di sedja, ngan hibar gamparan goesti.
821. Sarēng praboe Tjēmpa matoer, noen manawa idin goesti, sim koering pamit rek moelang, rada hawatos nja pikir, geus lami tilar nagara, manawi aja prakawis.
822. Kangdjēng praboe sēpoeh njaoer, agoes nja hade teh teuing, geus lawas tinggal nagara, boeroe-boeroe beurang-peuting, wantoe-wantoe djēnēng anjar, pageto agoes nja indit.
823. Nji Sēkarkantjana njaoer, ajeuna koetan rek moelih, iboe sono keneh pisan, ka andjeun reudjeung ka njai, tapi dalah di koemaha, anggoer sae mangke deui.

824. Wantoening noe djéneng ratoe, reja kabeurat karisi, soemawon moen masih anjar, reja kasémand kainggis, wajah-na sono di tahan, soegan paréng mangke deui.
825. Ladjeung taroewang ngarijoeng, saämbéng pamégét istri, tiloe radja saréng garwa, langkoeng soeka-manah goesti, ngarijoeng djeung para poetra, sanggeus toewang pamit moelih.
826. Sri Dewaharata njaoer, ka Pandji Pamitra patih, he kakang patih ajeuna, geura miwarang tjatjawis, rehna kakang praboe Tjémpa, pageto ngérsakeun moelih.
827. Sakabéh para loeménggoeng, oelah aja anoe kari, oerang ngadjadjpakeun kakang, saréng djeung koela pribadi, sarta dongkap ka plabewan, ki patih matoer ka goesti.
828. Soemangga sakérsa praboe, djisim koering rek ljaljawis, ngadawoehkeun satimbalan, samemeh aja pilahir, abdi-abdi geus sajaga, ugantosan timbalan goesti.
829. Kotjapkeun dongkap ka waktoe, isoek-isoek geus tarapti, para ponggawa sadaja, parabot énggeus ngabarís, oemboel-oemboel djeung bandrangan, lawe rontek hanteu kari.
830. Geus pinoeh di aloen-aloen, djélémá heurin koe bitis, malah geus leber ka pasar, pinoeh latar pantjaniti, koe istri para ponggawa, soemédjá moendjoeng ka goesti.
831. Ladjéng radja Tjémpa moendjoeng, ka rama hormat teh teuing, saréng ka patih bagawan, djeung ka iboe prameswari, nji ratoe Sékarkantjana, kotjejak nangis ngadjérít.
832. Tina tatjan waréng tépoeng, wantoe-wantoe waték istri, istri-istri anoe reja, soemégroek mariloe nangis, soemawon pawarang Tjémpa, nangis koe bawaning kétir.
833. Sang radja bagawan njaoer, énggeus njai oelali tjeurik, anggoer djaga oerang ugandjang, sarta adatna lalaki, ngoembara njijar kamoeljan, tinggal asal moro asil.
834. Di Tjémpa mah énggeus tangtoe, oentoeng liwat tina asil, karadjaän Sokadana, tidinja nangisna lilir, ratoe prameswari Tjémpa, ladjéng bae nitih djoli.

* D

835. Di djadjapkeun para iboe, di iring koe para bibi, dongkap ka latar paseban, manahna kétir kawatir, ladjéng kangdjéng praboe Tjémpa, nitih koeda djeung kang rai.
836. Aleutan tjara kapoengkoer, basa keur waktoena soemping, di atoer tjara karija, noe kantoen kalangkoeng sédih, tjara meuntas kariajan, tiiseun asa sarépi.
837. Bale bandoeng asa soewoeng, pantjaniti asa sépi, djép tjara gaäng katintjak, sigéngkeun anoe keur sédih, tjatoerkeun sang praboe Tjémpa, ka palaboewan geus soemping.
838. Ńenggeus sadija parahoe, sampan leutik geus ngabanding, radja loengsoer tina koeda, poetri loengsoer tina djoli, praboe-anom Sokadana, mioendjoengan barina nangis.
839. Segrak-ségroek bari njaoer, ka pangkon raka boepati, raka njoesoetan tjisotja, bari njombo ka kang rai, eh adi masing tawékal, montong di pake hawatir.
840. Kakang ajeuna rek toeloej, mowal lila moelang deui, tatapi panéda kakang, poma adi oelah lali, kana pamagahan kakang, masing ingét beurang-peuting.
841. Kakang mihapekeun sépoeh, ama praboe ama patih, masing jasa ngala manah, koedoe jasa meuli-meuli, adat sépoeh sok tjégoekan, ana teu kabeuli-beuli.
842. Geus lédjar sédih geus lipoer, ladjéng radja saréng rai, geus pada narith sampan, pra ponggawa para mantri, kantoen rai noe katilar, ningalikeun bari nangis.
843. Kébatna noe mangoen tjatoer, sang praboe Tjémpa nagari, ẽnggeus nitih kana kapal, tangginas para kalasi, tarik djangkar beber lajar, kapal sedjen kitoe deui.
844. Marjém di seungeut djoemégoer, ti darat di balés deui, kapal ngaleut lapat-lapat, kabénéran meunang angin, sigéngkeun noe eukeur lajar, kotjap di Tjémpa nagari.
845. Sadjéngkarna kangdjéng praboe, ki Soera Andaka ngoe-ping, jen radja Tjémpa teu aja, datang akalna rek dëngki, toeloej leumpang gagaljangan, karépna ngagoda patih.

846. Gantjangna ḋenggeus patēpoeng, Soera Andaka djeung patih, datang-datang ki Andaka, ngarontok barina tjeurik, pokna welas koe nagara, di ratoewan sedjen djinis.

847. Pikir koering mowal loepoet, nagara di balik boemi, sakabeh mantri ponggawa, geus tangtoe pada di ganti, koe papatih Sokadana, bondorojotna di kērid.

848. Anggoer andjeun djadi ratoe, didijeu noe njakrawati, ngawoelakeun koela warga, abdi-abdi soeka ati, raden patih ngawangsoelan, kāni bersih pisan pikir.

849. Taja pisan nijat kitoe, bēlang bajah gindi pikir, da geus karsana sang radja, sarta geus dingin pinasti, reudjeung ngeunah karasana, jasa ngalap-ngalap pikir.

850. Ki Andaka deui matoer, meureun bae djalma pēlit, ngolo-
ngolo ngabongohan, tiroe tipoe oerang kēling, koering térang
meunang bedja, toeroenan noe pēlit djoelig.

851. Ki patih oepama toenggoel, teu ohah katébak angin,
wangsoelna soegal doeck soera, maneh sok istrenan teuing,
ngagoda ngadjakan papa, ti kapoengkoer maneh dēngki.



852. Ngahoelēng Andakasoera, teu katampa panggēndamna koe patih, pangwoedjoekna teu di goegoe, anggoer di tembal soegal, ki Andaka toeloej njēmbah amit moendoer, ngéték-
ngéték djro pikirna, di imah teu wéleh mikir.

853. Doemadak nji patih ngandjang, toeloej bae ki Andaka ngčtjēwis, ka njai patih wawadoel, koering heran koe raka, hanteu pisan ngagoegoe kana pihatoer, toer wélas koe salirana, menak ngawoela ka koering.

854. Teu ngaraos kalingsēman, di djēnēngan koe oerang mana-
mēndi, toer andjeuña oge patoet, ngaratoewan di Tjēmpa,

tjoba manah lain lërës éta kitoe, handjakal koe linggih raka, teu beunang di pikawatir.

855. Tjoba koe adjéngan manah, patoet témén moen djadi prameswari, di sembah di agoeng-agoeng, lamoen rëmpoeg djeung raka, koering sanggoep ngadjoengdjoeng ngalawan moeséh, radja noe keur ngalalana, oelah meunang asoep deui.

856. Saoepama oraj-naga, moen geus bidjil tina sajangna tadi, tangtoe hanteu meunang asoep, radja mangkoe nagara, tjara kitoe moen geus bidjil ti kadatoen, tangtoe apës pér-bawana, teu daekeun mënjet deui.

857. Sarta gampang ngalawaña, hënteu reja mawana para-djoerit, tangtoe reja anoe kantoen, sarta oerang ti darat, reja bahan mowal kakoerangan sangoe, gëdong oewang oerang boeka, bagikeun ka abdi-abdi.

858. Nji patih rësëp manahna, ngadangoekeun pihatoer anoe manis, karaos mangke geus kabael, tjaroge djadi radja, andjeun tangtoe djadi prameswari ratoe, soeka soegih di pajoengan, di iring koe koering-koering.

859. Ngawalon ka ki Andaka, mangke koela ngagëdjég ka salaki, naха mana hanteu noeroet, ka tarekah andika, salah témén djalma teu beunang di djoengdjoeng, soeka témén djadi radja, sangeunahna djadi patih.

860. Matoer deui ki Andaka, andjeun eta kongas di pi-kaäsih, moen énja di pikaloetjoe, meureun aja tapakna, ka tjaroge sasaoer-sasaoer di goegoe, nji patih oedjoeb soewaban ngawangsoel barina indit.

861. Soeka paeh nëwëk raga, lamoen hanteu di goegoe koe salaki, gantjangna nji patih toeloej, manggihan tjarogena, narös sabab naха mana teu di goegoe, pihatoer Andakasoera, toer eta njénangkeun diri.

862. Patih ngawangsoel ka garwa, si Andaka njai ngadjak balai, ngadjak asoep kana tjoebloek, mawa kana piroewang, moen di goegoe, oerang tangtoe lëboer adjoer, ngadjak ngamoeseoh կa radja, toer oerang teh mował mahi.

863. Mapan geus aja tjetjandran, paribasa pitoetoer nini-aki, ratoe eta tara poegoer, menak tara moenggaran, teu djamoegea djalma ngamoesoeh ka ratoe, njai patih ngawalonan, barina soemëgroek nangis.
864. Lamoen kakang teu ngamanah, sapihatoer Andakasoera tadi, koering teh amit rek moendoer, tjitjing taja gawena, leuwih hade ngoentjloengkeun maneh ka soemoer, hiroep ge taja oenggahna, ti bareto djadi patih.
865. Ajeuna aja lantaran, meungpeung ratoe ajeuna eukeur sëpi, parabot reja noe kantoen, balad reja noe tinggal, keur balandja goedang oewang kabeh pinoech, sakabeli mantri pong-gawa, ka gamparan meureun ngiring.
866. Djeung ratoe oepama naga, moen geus bidjil tina sajang-na tadi, tangtoe hënteu meunang asoep, ratoe ngareh nagara, tjara kitoe, moen geus bidjil ti kadaton, apës teu aja djajana, teu daekeun mënjet deui.
867. Ki patih soesah manahna, mandëg majong geus loewak-lejok pikir, ras ka pajoen ras ka poengkoer, saoepama kijara kaänginan, tjondong ngaler tjondong ngidoel, ari ras abot ka garwa, manahna goembira wani.
868. Ari ras bisi teu tahan, eleh djaja ki patih maras-miris, garwana njaho di sëpmoe, toeloej bae ngatijan, kakang ijëh moen di lëmboer kajoe randoe, pake toelak panto anggang, di pake pantjir ngadjëdig.
869. Di pake pantjar teu rochaj, moen di pake lakop bilik sok bëntik, di pake pamikoel bëngkoeng, di pake lintjar anggang, taja gawe dipake haloe ngadjëboeg, ngeplek djawer ngandar djangdjang, mijoeni hajam kabiri.
870. Patih tjéngkat bari njëntak, ngoesap raraj barina moeril koemis, kami teu sijeun koe ratoe, moen geus bidjil amarah, opat poeloeh noe pantar si Pandji Woeloeng, teu miris boeloe salambar, patina ènggeus katjangking.
871. Koewat keneh nja tanaga, kadjeun tambah sapoeloeh kitoe

deui, mowal moeringkak njai poendoek, njai oelah salémpang, pantés témén njai di pajoengan agoeng, kadeuleu teuing lejarna, doenoengan kakang noe geulis.

872. Bari ladjeung ka paseban, ki Andakasoera di saoer deui, teu lila Andaka djéboel, ki patih ngagoepajan, sér kadijeu ki Andaka oelah djaoeuh, kawoela rek rérempoegan, lampah piha-toer kamari.

873. Ki Andaka madjoe nengah, sémoë atoh rasa bakal ngadjadi, ngadjakna ngamoesoeh ratoe, raden patih ngandika eh Andaka kawoela menta pirémpoeg, akal tarekah andika, pigeusaneun malik djoerit.

874. Moesoeh ngalawan djoeragan, palangsijang oerang teh mowal mahi, sarta sijeu hanteu rémpoeg, reudjeung para ponggawa, ki Andaka soera njembah bari matoer, rasa koerring inowal gagal, soepaja kabeuli-beuli.

875. Gamparan gede babaña, pigeusaneun ngalap ati pra mantri, goedang oewang kabeh pinoeh, sarta koedoe sanggoepan, moen geus meunang naek djéneng tambah oentoeng, sarta di tambah rahajat, tangloe kabita koe hasil.

876. Djalma noe hiroep di doenja, karejaän ngan hasil noe di pambrih, reja noe bengkah djeung doeloer, tina paréboet doenja, langkoeng sae ajeuna kabeh salaoer, koering mangke noe ma-doewan, lamoen aja noe teu ngiring.

877. Rek ngabejakeun karépna, mowal énja djalma teu hajang moekti, lamoen aja noe moentjoegoeg, mawa bénér sorangan, hanteu miloe rémpoeg ragém reudjeung batoer, asoepkeun kana pandjara, bisi noelar mawa djérib.

878. Koe ki patih geus kamanah, hanteu pisan make di pikir deui, wantoe kabawa koe napsoe, kagéndam koe geureuha, noe katingal mamánisna djadi ratoe, toeloej bae miwarangan, ngoempoelkeun ponggawa mantri.

879. Teu lila kabeh daratang, raden patih njaoer sémoena manis, he kabeh sanak sadoeloer, koela neda pirémpag, reh

ajeuna asal di tinggal koe ratoe, di ratoewan sedjen bangsa , pikir koela langkoeng risi.

880. Tangtoe pisan lawas-lawas, oerang kabeh di potjot mowal kari, kadjenèngan oerang toempoer, di ganti koe bangsana , leuwih hade was pisan ngadjadi satroe, toer oerang reja pakakas , obat mimis tangtoe mahi.

881. Pibékéleun mowal koerang, oesoem panen anjaran roempak djami, goedang oewang kabeh pinoeh, mowal koerang balandja, koela kaoel lamoen geus djoeménèng ratoe, andika kabeh di angkat, sarta di tambahan hasil.

882. Mantri ponggawa noe reja , pada keuna koe woedjoek omong manis, sadaja hatoer soemoehoen, rēnipoeg papag koe pēdang, koering wani ngalawan si Pandji Woeloeng, ngan aja hidji ponggawa, sēpoeh boga tēmah wadi.

883. Ngahoeléng teu ngawalonan, sēmoe koetjém koe ki patih kasoerti, tidinja toeloej di soesoel, paman Martadigoena, koela menta wangsoelan koemaha rēmpoeg, ngabeui Martadi-goena , ngawangsoel ka raden patih.

884. Ari moenggoeh poen paman mah, hanteu rēmpoeg eta larangan aki, djalma ngamoesoeh ka ratoe, oerang teh mowal tahan, meureun bae sakédapan oerang oenggoel , tapi mowal ngéne lila, toengtoengna di boerak-barik.

885. Itoe mah reja akalna , reudjeung reja noe pinoeloengeun deui, ramana djoeménèng ratoe, malah djaba tidinja , radja Gilingwési tangtoe meureun noeloeng, dimana djalana meunang, oerang di tingkér koe baris.

886. Koe poen paman geus katingal, tangtoe dajeuh Tjémpa di boerak-barik , moegi adjéngan ngagoegoe, ka pihatoer poen paman, poen Andakasoera aloerna wawadoel, baheula geuning koemaha, adjéngan kawas geus lali.

887. Ngakoe meunangkeun Panglima, kari-kari toengtoengna manggih boekti, tjatoer wawadoel maloeloe, saréng moenggoeh adjéngan, koedoe eling jen di përtjaja koe ratoe, kalangkoeng di pikanjaäh, ajeuna malës koe dëngki.

888. Leuheung-leuheung lamoen meunang, lamoen eleh hiroep pinoeh koe isin, atawa di poendoet oemoer, mawa ka poetoe poetra, moewal ēnja di anggo deui koe ratoe, di sēhoet troenan karaman, toeroenan dēngki ka goesti.

889. Ki Andakasoera tjēngkat, bari noendjoek si ompong goreng biwir, goreng patoet tjētoek dawoek, ari hanteu wani mah, montong kitoe, ngagogoreng ngaran batoer, djalma pantēs di pandjara, hanteu rek bela ka boemi.

890. Meureun bae manehna mah, karēsēpna njēmbah asal pangarit, koe raden patih di goegoe, toeloej bae miwarang, ki ngabeui Martadigoena di toetoep, di asoepkeun ka pandjara, reudjeung anakna lalaki.

891. Ngarana ki Kartibaja, sanggeus kitoe ladjēng rahaden patih, miwarang ngadoeoem-doeoem, panganggo sarēng harta, para mantri walatra kabeh kadoeoem, wantoening lain bogana, oendoer banda aing lain.



DOERIA.

892. Para mantri noe polos taja panalar, pada saroekaati, hanteu ras mangkena, moen eleh meunang wirang, kabita koe oepah doewit, sakama-kama, eukeur meuli tarasi.

893. Katjatoerkeun geus koempoel tata barisna, oerang sisi di kērid, pinoeh di nagara, gantjang noe mangoen tjrita, doer marjēm nginditkeun baris, sapirang-pirang, di djalan heurin oesik.

894. Ēnggeus dongkap barisna ka palabewan, ngadēngdēng di basisir, boepati noe djaga, toemēnggocng palabewan, geus kapeupeuh koe ki patih, taja dajana, sarēng ladjēng ki patih.

895. Geus ngalandi ngangkat salira andjeuña, sang praboe Dewasakti, ari ki Andaka, djadi kapala pērang, ari noe di angkat patih, hidji ponggawa, ngaran Soedirapati.

896. Ki toemēnggoeng plabewan njēmbah hatoeran, ka radja

Dewasakti, koering tampi s̄erat, powe ijeu soempingna, soeka boengah Dewasakti, nja kabēnēran, teu kēsēl toenggoe deui.

897. Marjēm kabeh eusijan oelah kaliwat, baris masing tarapti, mangke ana datang, kapal geus laboeh djangkar, meureun njeungeut marjēm deui, tjara loewangna, ti oerang balēs deui.

898. Make pelor bēnērkeun kana kapalna, oelah rek inggis-inggis, ki Soera Andaka, kapala hoeloe balang, njoemoehoenkeun sapilahir, s̄ēmoe tangginas, peuteukeuh tjakah-tjukih.

899. Ngoesap koemis tanggah barina soesoembar, tjoba lijat lah nanti, di dalēm pēprangan, goewa poenja bijasa, dan goewa poenja barani, mēnangkēn radja, tijada takoet mati.

900. Katjarita sang praboe Dewakoesoemah, ka palaboewan soemping, geus laboeh djangkarna, sarta goeloeng lajarna, koemaha tali paranti, djēdoer marjēmna, tata adat sasari.

901. Ti daratan malēs marjēm di eusijan, soerak kawas kaindit, mimis kawas hoedjan, pelor keuna ka kapal, aja kapal ngadjoeempalik, kalēboeh pisan, sabab teu taki-taki.

902. Praboe Dewakoesoemah heran manahna, naha teu njana teuing, tina taja tērka, ijeu saha noe boga, atoeran mapag koe mimis, ladjēng sang radja, lajar ka tengah deui.

903. Mantri-mantri ponggawa ti sedjen kapal, ngadareuheus ka goesti, sadajana heran, tatjan pisan kamanah, toeloej aja hidji mantri, noempakan sampan, sēdja ngoengsi ka goesti.

904. Ngaran mantri ngabeui Djajapērbangsa, datang barina tjeurik, sang praboe mariksa, paman geura bebedja, koela binngoeng tatjan ngarti, Djajapērbangsa, njémbah barina tjeurik.

905. Abdi dalēm soemēdja hatoer oeninga, lampah satilar goesti, poen Andakasoera, dongkap ka dajeuh Tjēmpa, ngagoda rahadeu patih, ngadjak ngalawan, nanging rahaden patih.

906. Pageuh hanteu obah boeloena salambar, malah di wangsoel bēngis, ladjēng ki Andaka, ngagēndam geureuhana, wantoe-wantoe watēk istri, babari beunang, di woedjoek omong manis,

907. Di wawaās djadi prameswari radja, di iring para abdi, nganggo oepatjara, angkat di padjēng gilap, gantjang kagoda nji patih, ladjēng ngagoda, ngagēndam raden patih.
908. Raden patih sabab abot ka geureuha, tēmah lali ka goesti, gantjangna ngamanah, sapihatoer Anlaka, ngoempoelkeun ponggawa mantri, ngadjak ngalawan, mapag pērang ka goesti.
909. Abdi dalém ngabeui Martadigoena, ngatoerkeun tēmah wadi, jen oelah ngalawan, pirang-pirang tēmahna, pamali pi-toetoer aki, ngainoesoeh menak, matak tjilaka diri.
910. Paribasa patjikrak ngalawan mērak, nadjan gēde kawani, mowal ēnja tahan, eta kitoe tēmahna, koe ki patih teu di tampi, anggoer katjida, bēndoena raden patih.
911. Ladjēng bae ki ngaheui di pandjara, djeung anakna lalaki, ngaran Kērtibaja, tina geus kaangsonan, koe poen Andaka noe djoelig, mesēm sang radja, ngadangoe hatoer mantri.
912. Matoer deui ngabeui Djajapērbangsa, malah ajeuna patih, geus di palabewan, sarta salin djénèngan, maha radja Dewasakti, Andakasoera, di damēl Senapati.
913. Ari anoé di djénèngkeun papatihna, rangga Soedirapati, sri Dewakoesoemah, mesēm ladjēng ngandika, ajeuna mah geus kaharti, hajoe taradjang, djamak anak lalaki.
914. Katjarita aja kapal katingalan, kadalapan saketi, kapal ngadeukeutan, pada geus sili tanja, tetela ti Gilingwési, ladjēng radjana, loengsoer marék ka goesti.
915. Geus patēpang djeung praboe Dewakoesoemah, doewana narangis, ēnggeus di wartosan, salampahna sadaja, ti awal nēpi ka ahir, saréng ajeuna, ki patih geus ngalindih.
916. Radja Gilingwési koemērot waosna, bari matoer ka goesti, noen moegi gamparan, montong rek geder manah, sim koering bae pribadi, noe ngamoek inja, djeung abdi Gilingwési.
917. Koering poerwa ēnggal ngahoedjēng gamparan, asalna koering ngoeping, ti nangkoda kapal, poelang daç ang ti Tjēmpa,

-jen poen patih gindi pikir, rek mapag pěrang, sim koering geuwat indit.

918. Di walouan koe radja Dewakoesoemah, kakang soekoer teh teuing, aja piteloeng mah, ka awak djasad koela, sanadjan koela pribadi, sēdja njaréngan, ngadoekeun poetjoek kěris.

919. Ladjéng radja Gilingwési amit njembah, moendoer rek tata baris, ngeusijan marjémina, di bénérkeun ka darat, djangkarna énggeus di djait, ngangséng ka darat, di toeroegtoeg koe bědil.

920. Taja tempo niimis kawas hoedjan boewah, oerang Tjémpa geus miris, rada oendoer toekang, baris mawa ka téngah, pradjoerit ti Gilingwési, énggeus harandjat, ngamoekna ngoewak-ngawik.

921. Radja Gilingwési sabanteng bajangan, salira mandi gëtih, sang Dewakoesoema, sabaladna geus handjat, ki demang Oerawan singkil, matek badina, djeung sakabeh pradjoerit.

922. Rame tjampoeh sili těwék sili toembak, sili tjabok tampling, aja noe sili doepak, sili pinggëskéun iga, aja anoe sili bědil, powek haseupna, taja noe njéhoet adjrih.

923. Rame sora pakarang pating karéplak, djeung sora anoe tjeurik, bangke pagoletak, soesoen patoempang-toempang, geus kawas babadan patjing, pating soelajah, Dewasakti ngabéjtir.

924. Ki Andaka loempat ninggalkeun gagaman, mitjeun parahot djoerit, njalin papakejan, make parabot goendal, sérwal pokék badjoe rěbig, moeboes ka hoema, manggih énggon noe boeni.

925. Balad Tjémpa sanggeus maboer ki Andaka, tobat njangga-keun diri, ngahoeroen pakarang, praboe Dewakoesoemah, manahna ngénés ningali, toeloej nimbalan, ka radja Gilingwési.

926. Kakang praboe itoe kabeh balad Tjémpa, ponggawa para mantri, geura bere pěrnah, oelah di kanijaja, maha radja Gilingwési, hatoer soemangga, noehoen sadawoeh goesti.

927. Doewa radja ēnggeus pada masangrahan, kabeh ponggawa mantri, pada ēnggeus mērnah, tjarape mēntas pērang, sawareh aja noe tjeurik, njéri raheutna, raheut awak djeung ati.

DANGDANGGOELA.

928. Praboe Dewakoesoemah geus tjalik, radja Gilingwési ngadeuheusan, para mantri koempoel kabeh, dēmang arja toe-mēnggoeng, kandoeroewan rangga ngabeui, para ponggawa Tjēmpa, bojongan karoempoel, ngandika Dewakoesoemah, hanteu njana bapa patih gindi pikir, boro koela pērljaja.

929. He pra mantri ajeuna arindit, mawa djalma, ngoeboeran babatang, reudjeung oenggal-oenggal bangke, tēgéskeun masing poegoeh, bisi bangke kijai patih, djeung bangke si Andaka, oelah waka koeboer, bawa kadieu heulaān, koela sono geus lawas hajang papanggih, mantri hatoer soemangga.

930. Kangdjēng radja toeloej djēngkar deui, mapag garwa, ki dēmang Oerawan, di piwarang dago bae, sarēng para toemēnggoeng, para mantri ti Gilingwési, sang radja nitih sampan, gantjangna geus tēpoeng, sarēng kangraji di kapal, praneswari ngarontok barina nangis, di pondah di oepahan.

931. Poma njai repeh oelah nangis, oerang Tjēmpa geus eleh pērangna, ponggawa geus talock kabeh, ngan bapa patih kaboor, si Andaka tatjan kapanggih, ajeuna keur di sēbar, ka leuweung ka goenoeng, pawarang lēdjar nangisna, si Andaka naha mana goreng teuing, toekang goda rantjana.

932. Bapa patih salawasna bersih, tatjan aja pisan lampah tjidra, kakara ajeuna bae, sri maha radja njaoer, kakang oge njaāh teh teuing, nadjan ajeuna kakang, taja pikir poendoeng, gorengna aja lantaran, di rantjana koe si Andaka noe dēngki, mawa tiwas sadjagat.

933. Hajoe njai masing gasik-gasik, oerang handjat, oelah sok

di sēlang, prameswari ladjēng nganggo, tidinja ladjēng loeng-soer, nitih sampan radja djeung poetri, garwa para ponggawa, geus toenggang parahoe, di boseh tjara madoera, di kawihan matak waäs matak kēlir, ēnggeus dongkap ka darat.

934. Ladjēng handjat angkat di basisir, pada njatjat angkat lalaoenan, teu lila soemping ka pondok, toeloej sang poetri njaoer, ngawēwéléh ka para mantri, para ponggawa Tjēmpa, noe geus pada taloek, he kabeh para ponggawa, hanteu njana naha mana gindi pikir, hanteu ingét ka ama.

935. Para mantri njembah bari tjeurik, kabeh-kabeh njangga-keun pērtobat, ngan watés ajeuna bae, koering kitoe nya lakoe, lampah tjidra bengkok ka goesti, lamoen mangke kasorang, moegi koering toempoer, loedés toedjoeh patoeroenan, prameswari ngawangsoel koela nya saksi, sarta saksi jang Soekma.

936. Radja Gilingwési njaoer bēngis, lamoen aja widi gam-paran mah, djalma sakijeu ngaderes, koering sorangan sang-goep, neukteuk beuheung djeung ngeureut tjeuli, raden dēmang Oerawan, ngeser bari noendjoek, ka sakabeh mantri Tjēmpa, lamoen kami meunang paidin ti goesti, maneh kabeh di tilas.

937. Para mantri toengkoel sēmoe adjrih, ningal oelat, ki dēmang Oerawan, késit palatat-polotot, sēmoe hajang pek noem-boek, kangdjēng radja alon ngalahir, adi dēmang Oerawan, poma oelah kitoe, meureun bae ambékna mah, tapi koedoe gēde timbangun djeung adil, loembrah kaloeloepoetan.

938. Nadjan moesoeh moen geus sērah diri, moenggoeh ratoe, wadjib ngahampoera, ngeunakeun bobot pangajon, lamoen ngaladjoer napsoe, énja bae hajang nampiling, raden dēmang Oerawan, njembah sarta matoer, agoeng bēbēndoe gamparan, djisim abdi tina koe baning idjid, roemaos kalépatan.

939. Di plabewan ngan meunang sawéngi, isoek-isoek radja toeloej djéngkar, aleutan tjara bareto, oemboel-oemboel méléng-koeng, lawerontek djadjar ngabaris, radja nitihan koeda, tjongklang manggoet-manggoet, di aping koe kadjinéman, di

poengkoereun kangdjēng radja Gilingwēsi, sēgoet noenggan ngadjah.

940. Mantri Tjēmpa bojongan di aping, di djadjaran bēdil toembak tjagak, pakarang di hoeroen kabeh, oelatna pijas mēsoem, kadoehoengna datang pandeuri, gantjang noe mangoen tjrita, ka nagara tjoendoek, di dajeuh ti-iséun pisan, rame tjeurik pamadjikan para mantri, anoe ngaraman teja.

941. Sa soenipingna radja ka djro poeri, ejar tjeurik oerang padalēman, kabeh ngatoerkeun tjarijos, tina kalangkoeng roesoeh, radja brana sadjroning poeri, di rajah koe Andaka, meh taja noe kantoen, ngan sipat intēn mas perak, di soempoetkeun ka ēnggon-ēnggon noe boeni, poerwa hanteu kadjarah.

942. Katjatoerkeun radja Gilingwēsi, geus mērēnah di karang kapoetran, sarta sabalandna kabeh, teu atjan widi moendōer, ari kabeh ponggawa mantri, anoe pada ngaraman, sanggeusna di maloem, tetep sagawe-gawena, hanteu obah koemaha lam-pahna tadi, woewoeh sijeun srēgpna.

943. Geus darongkap hoeloe-balang goesti, noe nejangan raden patih teja, ka goenoeng ka leuwung langgong, wéleh tatjan katimoe, ki Andaka nja kitoe deui, kangdjēng radja ngandika, ari teu katimoe, kadjeun mowal di koemaha, ki Oerawan oerang djénēngkeun papatih, ngareh nagara Tjēmpa.

944. Kangdjēng radja geus miwarang mantri, oeroes-oeroes ngoempelkeun ponggawa, tjarita gantjangkeun bae, kabeh para toemēnggoeng, kandoeroewan rangga ngabéui, geus koempel di paseban, taja anoe kantoen, paréntoel pajoeng agoengna, para mantri kopjah siga bondol meuting, paseban pinoeh pisan.

945. Kangdjēng radja miwarangan abdi, njaoer ratoe Gilingwēsi teja, teu lila soemping ka djēro, linggih papajoen-pajoen, kangdjēng radja Tjēmpa ngalahir, kakang praboe ajeuna, sad koela ngadjoeroeng, kakang linggih ka paseban, ngadjénēngkeun dēmang Oerawan papatih, saréng gēntos ngaraña.

946. Raden arja patih soerēng djoerit, ladjēng radja Gilingwēsi

njembah, soemoechoen timbalan bae, abdi sédja ngadjoengdjoeng, sadajana kërsaning Goesti, madak toetas dawoehan, djisim abdi moendoer, ngalampahkeun satimbalan, ka paseban sang Praboe Tjémpa ngalahir, kakang liatoer soemangga.

946a. Radja Gilingwési énggeus tjilik, di paseban sadaja ponggawa, ngadeuheusan toengkoel mando, démang Oerawan tjoendoek, diiringkeun koe epok lampit, di pajoen oepatjara, dipajoengan agoeng, pajoeng gëde kapatihan, koeda kosong di pajoen leumpangna njirig, diiring koe bandrangan.

946b. Radja Gilingwési geus ngalahir, be sadaja pra mantri ponggawa, anoe sëpoeh anoe anom, koela darma pioetoes, ngadawoehkeun timbalan Goesti, ajeuna ki Oerawan, didjoeng-djoengkeun loenggoeh, Patih di nagara Tjémpa, di ngaranan Arja Patih Soereng djoerit, wakil pamangkoe pradja.

947. Para mantri ear saoer — paksi, njoemoehoenkeun kana satimbalan, toeloej maroendjoengan bae, sanggeus sami maroendjoeng, ladjéng marék sri Gilingwési, raden Patih ditjandak, moendjoeng ka sang Ratoe, para ponggawa noe rea, tjilik mando ngadjadjar pajoeheun Goesti, kangdjéng Radja ngandika.

948. Adi Patih poma oelah lali, masing eling geus rea toeladan, lanipah noe hade noe goreng, soesah pandjang ditjatoer, hade goreng énggeus kaharti, témahna anoe salah, djeung témah noe loeloes, bapa Patih Sokadana, djadi bagdja laksana noe bersih pikir, moekti mapakan radja.

949. Eta koedoe pisan djadi eling, kitoe deui bapa Patih Tjémpa, eta beunang dipitjonto, balangsak soesah hiroep, leuleuweungan sieun kapanggih, pisah djeung pamadjikan, salampat-saloëmpoet, ninggalkeun imah-tanggana, asal tina goegoean koerang pamikir, babari karantjana.

950. Raden Patih ngawalon ka Goesti, noen soemoehoen dawoehan gamparan, sadaja énggeus kahartos, saréng taja noe loepoet, awon sae énggeus kaboekti, kenging didamél

katja, tapi langkoeng-langkoeng, sim abdi njoehoenkeun djiad, moegi-moegi oelah ditjondongkeun pikir, kana lampah noe salah.

951. Moegi-moegi tētēp djisim abdi, koemawoela ka linggih gamparan, oelah gadoeh ati serong, salamina rahajoe, paniatan diri sim abdi sēdja ngaléboer tapak, soemoengkēm soemoe-djoed, taja pigeusaneun poelang, sēdja bela lali pati tega rabi, saksi anoe wisesa.

952. Noe ngadangoe walon raden Patih, tjoemalimba tina matak wēlas, Radja bidjil tjikaseér, kagagas manah Praboe eling eukeur djamaña tadi, waktoe pada masakat, tēpoeng di parahoe, Radja njaoer doemareuda, ēnggeus adi kakāng ka-hoedang nja pikir, rea noe kaingētan.

953. Moega-moega oerang tētēp moekti, masakatna da ēnggeus ka sorang, ti bareto hese tjape, tina asih noe Agoeng, kakang djadi pamēngkoe boemi, adi djadi wakilna, moega masing loeloes, kakang oepama djērona, adi loewar sapapait samamanis, sabagdja satjilaka.

954. Soesoegoehna ti djéro geus bidjil, ladjēng bae Radja pada toeang, katoeangan noe arahieng, sanggeus toewang di-loengsoer, geus dirorod ka raden Patih, sarta para ponggawa, dalahar ngarioeng, langkoeng pada soeka-manah, sanggeus kitoe sang radja moelih ka boemi, noe ngadeuheus boebaran.

955. Radja Gilingwési ēnggeus moelih, masanggrahan di karang kapoetran, oenggal isoek oenggal sore, menak-menak karoempoel, sarta ladjeng sang Praboe linggih, ka pakowon kapoetran, raden Patih toemoet, noe ditjatoer salamina, taja deui ngan elmoë pamēngkoe boemi, tata ngoeroes nagara.

956. Noe ditjatoer kamoekten noe leutik, kasokana sarta kasoesahna, reudjeung pakajana kabeh, soepajana rahajoe, tambah-tambah asilling boemi, woewoeh kasantosaän, keur ngadjaga moesoh, koering moekti menak beunghar, kitoe bae noe ditjatoer beurang peuting, djalan kasalametan.

957. Radja Gilingwési tatjan moelih, ēnggeus meunang sa-

boelan lilana, masih kangén keneh bae, djeung deui toenggoe-toenggoe, raden Patih soegan kapanggih, saréng Andakasoera, tapi tatjan timoe, masih keneh diteangan, Radja Gilingwési raos lawas teuing, ladjéng marék pamitan.

958. Doemeuheusna saréng raden Patih, di mandapa linggihna ngadjadjar, ki Patih di handap manđo, Radja Giling hoematoer, djisim koering manawi widi, soemédja pamit moelang, ras ka noe di poengkoer, Radja Tjémpa ngawalonan, lérés kakang geus lila meudjeuhna moelih, kangén taja toengtoengna.

959. Ladjéng Radja njaoer prameswari, sanggeus soemping ladjeng diwartosan, kijeu njai diala teh, reh ijeu kakang Praboe, kërsana teh isoekan moelih, tina geus kalawasan, ras ka noe di poengkoer, peuting ijeu sosonoan, meungpeung deukeut geus tangtoe arang papanggih, tina koe kadjaoehan.

960. Prameswari ngawalonan manis, gëntra sae sarta sae pokna, tjabetang hentes përlente, koetan rek moelih isoek, kakang Praboe ka Gilingwési, kangén keneh nja manah, tatjan bosèn tépoeng, atoeh kakang pileuleujan, moegi-moegi manah kakang oelah lali, sing eling salamina.

961. Saréng ijeu kagégélan koering, hanteu sae tilam sono manah, loemajan keur ngintoen émbok, golek kantjana moeroeb, saréng wadah lëmareun istri, di taretes sosotja, tanda ngakoe doeloer, Radja Gilingwési njembah, top ditjandak ngawalon ka prameswari, pasihan langkoeng nèda.

962. Kangdjéng Radja beg maparin deui, hidji doehoeng sasapoetan émas ijeu kakang hanteu sae, keur tanda ngakoe doeloer, tilam sono djadi pepeling, doehoeng geus ditampa-an, njembah hatoer noehoen, pasihan langkoeng katéda, salamina ngan hibar gamparan goesti, noe karaos koe awak.

963. Koering trimé kahoetangan pati, mowal pisan lali salamina, sanadjan dongkap ka maot, moal geseh saramboet, sinaksenan jang soekma djati, ngawalon Radja Tjémpa, koela hatoer noehoen, kitoe tekad manah kakang, koe koela ge mapan boekti geus katampi, pamalés linggih kakang.

964. Ladjéng Radja nimbalan ka Patih, adi Patih geura pa-parentah, pra ponggawa mantri anom, démang rangga toeméng-goeng, isoek ijeu kakang rek moelih, adi koe maneh pisan, djeung para toeménggoeng, ngadjadjacapkeun soeloer kakang, raden Patih ngawalon ka kangdjéng Goesti, abdi hatoer soemangga.

965. Radja Gilingwési matoer deui, madak aja paidin gam-paran, moendjoengan ajeuna bae, koering rek isoek-isoek, kangdjéng Radja Tjémpa ngalahir, kakang hatoer soemangga, ladjéng sami moendjoeng, pada koemémbéng tjisotja, doema-reuda noe tinggal djéung noe rek moelih, manabna maskoe-mambang.



MASKOEMAMBANG.

966. Radja Gilingwési geus pamitan moelih, karsa dangdang-dandan, hanteu katjatoer ti peuting, isoekna geus ladjeng, djéngkar.

967. Didjadjacapkeun koe raden Patih pribadi, djeung para ponggawa, sigégeun anoe geus moelih, malikan deui tjarita.

968. Ki Andakasoera reudjeung raden Patih, noe keur leu-leuveungan, hanteu pisah bérang peuting, noe didahar bong-borosan.

969. Papakeannana énggeus roentang-ranting, leungit oelat menak, goreng pake koeroe aking, hideung balas papanasan.

970. Raden Patih ngarasoela djroning pikir, ki Andakasoera, noe mawa tjilaka diri, teungteuingeun ngadjak papa.

971. Tjoba lamoen hanteu ngamoesoeh ka Goesti, tétèp djadi menak, moekti djoeménéng papatih, éh Goesti kijeu rasana.

972. Geus tetela anoe nganiaja diri, ki Andakasoera, djeung pamadjikan pribadi, ajeuna énggeus karasa.

973. Teu kaloewar ngan ngomong sadjroning pikir, mandéng majong manah, aja rek lobat ka Goesti, aja rek kaloenta-loenta.

974. Aja djalma ka leuweung rek ngala kai, oerang pilēm-boeran, papanggih djeung raden Patih, djalma moelang ga-gantjangan.

975. Ka koewoena bebedja jen manggih Patih, djeung Andakasoera, ki koewoe marentah titir, ngoempoelkeun sagala djalma.

976. ᕁnggeus koempel kolot boedak gëde leutik, marawa pakarang, toembak tjagak djeung gégëndir, tjara noe rek ngëpoeng badak.

977. ᕁnggeus boedal ka leuweung ngaloeroeg Patih, pada manggoel toembak, ki Patih ᕁnggeus kapanggih, reudjeung ki Andakasoera.

978. Tingdjaloprak ngaloengsar handapeun kai, kaget aja djalma, pada ngadjingdjing gégëndir, ki Patih ngoredjat goegah.

979. Ki Andaka rek loempat moro noe boeni, tapi rea djalma, ngadjadjar mawa gégëndir, hanteu aja geusan loempat.

980. Dioek deui ngadjogo handapeun kai, koewoe ngadeukeutan, djalma rea geus tjaringtjing, tangginas ngoedarkeun tambang.

981. Raden Patih dongkol njaoer bari nangis, paman oelàh taha, kaoela njerahkeun diri, roemasa kaoela dosa.

982. Aki koewoe hatoeran ka raden Patih, nëda pangampoera, koering rek njangsangkeun tali, raden Patih hanteu baha.

983. Raden Patih salira njandang tatali, ki Andakasoera, rek ngalawan hanteu wani, geus ditjangkalak leutungeuna.

984. Ki Andakasoera reudjeung raden Patih, geus dibawa moelang, ka lémboer diiring-iring, ditoengtoen tjara babandan.

985. Ki Andaka reudjeung ki Patih tjareurik, di lémboer teu ila, toeloej diiangkeun deui, dipétakeun kasinoman.

SIMON.

986. Ditoeloejkeun ka nagara, diaping diiring-iring, opat lima pocloeh djalma, noe ngiring mawa gégéndir, toembak tjagak djeung handring, sadjalan-djalan ngagoeroeh, soerak agér-agéran, noe nongton saroeka ati, katjatoerkeun énggeus nepi ka paseban.

987. Dialeut-aleut koe djalma, djalan gëde heurin oesik, raden Patih kaget manah, toeloej ngadëg bari singkil, djeung ngagilirkeun kéris, ijeu aja naon roesoh, ki koewoe tjdok njémbah, soemoehoen babandan Patih, djeung Andaka noe pada tjidra ka radja.

988. Raden Patih miwarangan, ngoempoelkeun ponggawa mantri, sarta toeloej ngadeuheusan, oendjoekan ka kangdjéng Goesti, noen Goesti djisim koering, sëdja njanggakeun pioendjoek, sareh aja babandan, poen Andaka djeung poen Patih, ditalijan noe ngiringkeun koewoe desa.

989. Radja kalangkoeng kagetna, ngandika ka raden Patih, geuwat adi geura bawa, kakang geus hajang papanggih, moendoer rabaden Patih, ka paseban goera-giroe, miwarang kapétengan, noengtoen Andaka djeung Patih, diiringkeun koe noe mawa toembak-tjagak.

990. Kangdjéng Radja eukeur lënggah, ngagedengkeun Prameswari, kalangkoeng ngénés manahna, ningalikeun raden Patih, salira njandang tali, angkatna ditoengtoen-toengtoen, Radja bëndoena moesna, ngan woengkoel këtir hawatir, dosa leungit katingal lampah baheula.

991. Njaoer bari doemareuda, he ki Patih Soereng djoerit, bapa Patih geuwat laän, montong disangsangan tali, kakang panteg nja watir, ingët djamaña kapoengkoer, toeloej tali di laän, Patih dongkol toengkoel tjeurik, ki Andaka masih kenehditalian.

992. Pra ponggawa anoe rea, ngadjadjar pajoeneun Goesti' toengkoelna antēl ka lēmah, sadaja roemaos isin, ladjēng Radja ngalahir, bapa Patih naba kitoe, kaoela hanteu njana, lamoen bapa gindi pikir, Patih dongkol njembahna atjong-atjongan.

993. Sakabeh-kabeh poen bapa, njanggakeun bēbēndoe Goesti, koemambang kērsa gamparan, njanggakeun njawa djeung diri, hanteu gadoeh pamilih, malah teu soemēdja hiroep, ēnggeus oetama pisan, poen bapa dihoekoem pati, asrah pisan digantoeng roemaos dosa.

994. Nanging panoehoen poen bapa, sanadjan dihoekoem pati, moegi aja pangampoera, salamēt moenggoeh di batin, poen bapa hanteu pambrih, kana diparinan hiroep, tina roemaos dosa, geus mandjing dihoekoem pati, nadjan paeh nampi heula pangampoera.

995. Radja ragragan tjisotja, ngadangoe pioendjoek Patih, toengtoengna Radja ngandika, bapa hampoera teh teuing, moal dihoekoem pati, sanadjan hoekoemna gantoeng, tapi koedoe popojan, sadajana anoe djadi, poerwa bapa gindi pikir owah niat.

996. Raden Patih ngawalonan, soemoehoen bēbēndoe Goesti, sanadjan sim koering tērang, asa-asa hanteu basil, tina diri simkoering, teu patoet beunang diwoedjoek, tapi da dipariksa, koering ngawaktjakeun diri, sajaktosna kagoda koe pōen Andaka.

997. Sarēng koe abdi gamparan, poen bodjo noe mawa sisip' tapi geus kērsaning Soekma, pibajaeun diri koering, ēnggeus dingin pinasti, lantaran paeh digantoeng, kangdjēng Radja ngandika, doemareuda bari nangis, bapa Patih ajeuna koela hampoera.

998. Ladjēng kangdjēng Radja njandak, panganggo bade pisalin, Patih sēpoeh disalinan, djeung kangdjēng Radja ngalahir, ajeuna bapa Patih, mareman bae geus sēpoeh, dipaparin pa-neokang, sarta oenggal boelan doeit, kitoe deui ngabeui Martadigoena.

999. Tambah sawah djeung panoekang, gandjaran bérésih pikir, némahan ka pikir salah, énggeus ngingétan teh teuing, bareto ka ki Patih, sanadjan hanteu digoegoe, datang ka di pandjara, lantaran tina mepeling, sapoeloeh djoeng légana sawah gandjaran.

1000. Ngan eta Andakasoera, noe koedoe dihoekoem pati, ratoe teu wéñang ngampoera, wadjib ngahoekoemkeun adil, sabab dosana leuwih, mawa tiwas salélémboer, djalma paeh rewoean, lantaran maneh pribadi, ki Andaka koetjém hënteu ngawalonan.

1001. Raden Patih dongkol njémbah, nganoehoenkeun sihing Goesti, paparin langkoeng katéda, njanggakeun soempah ka Goesti, lamoen kasorang deui, moegi dipondokeun oemoer, hiroep oelah djamoega, sang Praboe njaoer naksemi, moegamoega ditétpkeu kabadean.

1002. Ngabéui Martadigoena, njémbah oendjoekan ka Goesti, pasihan langkoeng katéda, koe simkoering lahir batin, saréng moegi simkoering, ngawoela satoetoep oemoer, kitoe deui gamparan, langgéng mockti njakrawati, ka pajoena oelah mëndak ewéd manah.

1003. Ladjéng ki Andakasoera, dikedoengan lawon poetih, dibawa ka panggantoengan, dirijoeng koe toembak bédil, raden Patili ngalahir, Andaka tampa panaoer, ijeu adiling radja, pamalés lampah noe djoelig, pek digantoeng ki Andaka geus paragat.

1004. Toeloej diteuktcuk beuheungna, dipandjér dina paranti, tengah djalan parapatan, adat paranti sasari, soepaja djadi boekti, djalma ngamoesoeh ka ratoe, bedja énggeus goernita, kasohor ka mana mëndi, jen Andaka énggeus di pandjér sirahna.

1005. Ki koewoe énggeus digandjar, roepa panganggo djéng doeit, reh nimoekeun ki Andaka, sarta nimoekeun ki Patih, tadi geus aja djangdji, salabar gandjaran ratoe, ajeuna

geus laksana, kabeh noe geus djadi djangdji, kamashoerkeun nagara tambah ramena.

1006. Rea boeniaga anjar, noe ngadon dagang djeung tani, tina kartaning nagara, kosong rampog s̄epi paling, tiis pikir noe tani, ewoeh lakoe noe tjalimoet, s̄enēng lampah noe dagang, tambah laris woewoeh bati, noe moemoelan kapaksa djadi daekan.

1007. Lēmboer diatoer ditata, teu meunang koesoet djeung roedjit, sisina make baloengbang, pipir imah dikamalir, soepaja hanteu tjeubrik, lisoengna di toengtoeng lēmboer, imah s̄edēng tjarangna, teu meunang padeukeut teuing, make koelah oenggal-oenggal pipir imah.

1008. Geus tamat ijeu tjarita, soepaja djadi pepeling, rea keur bade toeladan, pitjontoeun anoe boekti, lampah barang mimiti, katembong bohongna doekoen, doekoen djaman ajeuna, aja anoe kitoe deui, bohong bae tjatoerna kasaroemahan.

1009. Sanadjan djaman ajeuna, rea noe dadakoe sakti, madjar maneh awas tingal, njaho di noe gaib-gaib, koe djalma hanteu mikir, digoegoe tjatoerna lēpoes, adjar goenawisesa, norahna ka Toendjoengsari, njēboet njaho asal tina di bedjaän.

1010. Djeung deui djadi toeladan, menak anoe lantip hoedi, noeroet piwoeroek s̄epoehna, satindak polah djeung boedi, toengtoengna manggih moekti, loeloes djoemēnēngna ratoe, nja kitoe deui djalma, noe estoe ngabdi ka goesti, bērsih pikir tjara Patih Sokadana.

1011. Toengtoengna manggih kamoeljan, beurat beunghar soegih moekti, poetrana djoemēnēng radja, lain asal tina dēngki, djeung djadi tjonto deui, djalma babari kawoedjoek, tjara Papatih Tjēmpa, toengtoengna balangsak diri, hiroep soteh ngan manggih radja darana.

1012. Soemawona eta djalma, noe hiri dēngki ka goesti, gēde omong djidjieunan, toengtoengna manggih balai, tina ka-

gēdean ati, wani ngamoesoeh ka ratoe, ratoe rea baladna, tjatjandran ti nini aki, paribasa patjikrak ngalawan mērak.

1013. Djog-djog neureuj boeah loa, tēgēsna lain paranti, ngahoeap lain lajana, nja-eta oepama koering, anoe wani ka goesti, ngabangoe-hangoe ka ratoe, nja ijara ki Andaka, toengtoengna dihoekoem pati, paeh nista hoeloe dipandjér di djalan.

1014. Panēda koela noe ngarang, ka Goesti Raboel Alamin, moega tētēp koemawoela, ka noe agoeng njakrawati, noe estoe djadi goesti, Djēng Goesti Toewan Goepernoer, noe ngareh poelo Djawa, sarta saliana deui, wawakilna sri Maha Praboe Nederland.

1015. Noe estoe ngērtakeun djaman, ngangeunahkeun abdi-abdi, noe djadi panjalindoengan, noe kagoengngan hoekoem adil, eta sadaja poedji, sarta ati noe sa-estoe, moegi tētēp hardjana, Goepērnēmen mangkoehoemi, njakrawati di boemi Indi Nederland.

1016. Tamatna kaoela ngarang, poekael toedjoeh malēm kēmis, di tanggal toedjoeh wēlasna, kalērēsan boelan April, tahoen kangdjēng Masihi, sarewoe dalapan ratoes, djeung gēnēp poeloeh doea, marēngan hidjrahna Nabi, srewoe doea ratoes toedjoeh poeloeh dlapan.

INILAH BOEKOE-BOEKOE JANG BOLEH DAPAT DI KANTOR TJITAK GOEPERNEMEN:

Tembang Djawa nganggo moesiek , kanggo ing pamoelangan Djawa kaänggit déning toewan <i>F. W. Winter</i> (Javaansche gedichten op zang) Eerste deel. (Jav. kar.)	<i>f</i> 0.45
Idem , Tweede deel	<i>f</i> 0.60
Tjarita Erman (Hendrik van Eichenfels) door <i>Raden Ajoë Lasminingrat</i> (Soendaasch kar.)	<i>f</i> 0.40
Hikajat Robinson Crusoë , door <i>A. F. von de Wall</i> (Lat. kar.) <i>f</i> 0.35	
Serat Poerwotjarito Bali , door <i>Raden Sosrowidajojo</i> (Jav. kar.) <i>f</i> 0.40	
Elmoe oekoer Boemi (Landmeetkunde) door <i>Dr. W. Palmer van den Broek</i> (Jav. kar.)	<i>f</i> 0.45
Doewa belas Tjeritera dan Peröepamaän , terkarang pada bahasa melajoe, dengan mengikoet karangan bahasa wolanda, door <i>A. F. von de Wall</i> (Lat. kar.)	<i>f</i> 0.15
Kitab Peladjaran Ilmoë Hitoengan , door <i>L. K. Harmsen</i> , (Lat. kar.)	<i>f</i> 0.08
Kitab Pengadjaran jang beroena kapada anak-anak jang soeka adjar membatja, door <i>L. K. Harmsen</i> (Lat. kar.)	<i>f</i> 0.12
Tjarijos saé sawelas hidji (Elf verhalen) door <i>Mas bij Marto Admodjo</i> (Jav. kar.)	<i>f</i> 0.20
Lajang kawroeh hetoeng sapisan , bab pangetoengnge tjetjah, woetoeh lan petjahan (Javaansch Rekenboek), Jav. kar.	<i>f</i> 0.26
Roepa-Roepa Peladjaran pada memboekakan anak-anak poenja akal. (Lat. kar.).	<i>f</i> 0.10
Darmawasito (Zedeleer), door <i>K. F. Winter</i> , Tweede deel (Jav. kar.) <i>f</i> 0.20	
Lajang dongengging sato hewan (57 Fabelen) door <i>K. F. Winter</i> , Tweede deel (Jav. kar.).	<i>f</i> 0.25
Tsahiboeil Hikajat (Lat. kar.)	<i>f</i> 0.20
Tjakap-tjakap rampai-rampai , (Arab. kar.).	<i>f</i> 0.42
Boegineesch-Hollandsch Woordenboek met Ethnographische Atlas , door <i>Dr. B. F. Matthes</i> (Lat. en Boeg. kar.)	<i>f</i> 20.—
Boeginesche Spraakkunst , door <i>Dr. B. F. Matthes</i> (Lat. en Boeg. kar.).	<i>f</i> 4.—

300 Rekenkundige voorstellen voor eerstbeginnenden , door <i>Raden Kartawinata</i> (Soend. kar.)	<i>f</i> 0.21
Menjatakan hal menanamkan padi dan lain-lain tanam-tanaman , door <i>D. Gerth van Wijk</i> (Lat. kar.)	<i>f</i> 0.15
Kitab Tjatjarakan Soenda (Soendaasch Spel- en Leesboekje) door <i>K. F. Holle</i> (Lat. kar.)	<i>f</i> 0.12½
Reis naar Nederland van Raden Abdoellah Ibnoe Salar bin Arkebah (Jav. kar.)	<i>f</i> 0.95
Warnasari atawa roepa-roepa dongeng , door <i>Raden Ajoe Lasminingrat</i> (Soend. kar.)	<i>f</i> 0.35
Hamong tani (de vriend van den Javaanschen Landman), door <i>F. L. Winter</i> , Tweede deel (Jav. kar.)	<i>f</i> 0.26
Hamong tani (de vriend van den Javaanschen Landman) door <i>H. K. H. Wilkens</i> , Tweede druk (Jav. kar.)	<i>f</i> 0.22½

PANDJI WOELOENG

DOOR

RADEN HADJI MOEHAMAD MOESA

Hoofd-panghoeloe

VAN

LIMBANGAN.

BATAVIA
LANDSDRUKKERIJ

1876